



KREYÒL  
AYISYEN

21-22

 BOSTON  
Public Schools



**GID LEKÒL  
PIBLIK BOSTON**

---

POU ELÈV AK FANMI



# 2021-2022 DISTRICT CALENDAR

## 2021

- ◆ August 16-18 ..... August Leadership Institute (ALI)
- August 16-23 ..... BPS Learns Summer Conference
- ▣ August 23-24 ..... New Teacher Institute
- ◆ August 25... UP Academies: Boston, Dorchester, and Holland, all grades – first day of school
- September 6 ..... Labor Day: No school
- September 7-8 ..... All teachers and paras report
- ▲ September 9 ..... Students in grades 1-12 report, including grade 1 in ELCs and EECs
- ◆ September 13 ..... Pre-K & Kindergarten students report, including EECs, ELCs, and special ed.
- October 11 ..... State holiday: No school
- November 11 ..... Veterans Day: No school
- November 24 ..... Early release for students and staff
- November 25-26 ..... Thanksgiving Recess: No school
- December 24- January 1 .... Winter Recess: No school
- Central Offices and School Buildings closed

## 2022

- January 3 ..... All teachers and paras report
- ▲ January 4 ..... Students return from recess
- January 17 ..... M.L. King Jr. Day: No school
- February 21 ..... Presidents Day: No school
- February 22-25 ..... February Recess: No school
- ▲ February 28 ..... Students return from recess
- April 15 ..... No school
- April 18 ..... Patriots' Day: No school
- April 19-22 ..... Spring Recess: No school
- ▲ April 25 ..... Students return from recess
- May 30 ..... Memorial Day: No school
- ★ June 7 (or day 170) ..... Last day for seniors
- June 20 ..... Juneteenth (observed): No school
- June 21 (or day 179) ..... Early release for students
- ▼ June 22 (or day 180) ..... Last day of school if no days are lost due to cancellations, early release for students.
- School Buildings closed

## Major Religious & Cultural Holidays

- |                              |                             |
|------------------------------|-----------------------------|
| <b>2021</b>                  | Mar. 2.....Ash Wednesday    |
| Sep. 7-8*.....Rosh Hashanah  | April 3.....Ramadan begins  |
| Sep. 16*.....Yom Kippur      | April 15..... Good Friday   |
| Nov. 4 ..... Diwali begins   | April 16*-22.....Passover   |
| Nov. 25 ..... Thanksgiving   | April 17 ..... Easter       |
| Nov. 29*-Dec. 6 ..Hanukkah   | April 22 ..... Earth Day    |
| Dec. 25 ..... Christmas      | April 24 .. Orthodox Easter |
| Dec. 26 - Jan. 1 ....Kwanzaa | May 3 .....Eid al-Fitr      |
| <b>2022</b>                  | June 19..... Juneteenth     |
| Jan. 1 ..... New Year's Day  | (observed June 20)          |
| Jan. 6 .....Three Kings Day  | July 4 .Independence Day    |
| Feb. 1 ..... Lunar New Year  | July 10 .....Eid al-Adha    |

\*begins the night before at sunset

◆ All BPS offices and Welcome Centers closed.

### AUGUST 2021

S	M	T	W	Th	F	S
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

### SEPTEMBER 2021

S	M	T	W	Th	F	S
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30		

### OCTOBER 2021

S	M	T	W	Th	F	S
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30

### NOVEMBER 2021

S	M	T	W	Th	F	S
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30				

### DECEMBER 2021

S	M	T	W	Th	F	S
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	

### JANUARY 2022

S	M	T	W	Th	F	S
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29

### FEBRUARY 2022

S	M	T	W	Th	F	S
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28					

### MARCH 2022

S	M	T	W	Th	F	S
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

### APRIL 2022

S	M	T	W	Th	F	S
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30

### MAY 2022

S	M	T	W	Th	F	S
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

### JUNE 2022

S	M	T	W	Th	F	S
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30		

### JULY 2022

S	M	T	W	Th	F	S
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

► Extenuating circumstances and/or inclement weather may necessitate changes to the calendar during the year.

Visit [www.bostonpublicschools.org/calendar](http://www.bostonpublicschools.org/calendar) for current information.

# Gid Lekòl Piblik Boston pou Elèv ak Fanmi 2021-2022

Yon pwodiksyon :

Biwo Kominikasyon Lekòl Piblik Boston  
Bruce C. Bolling Municipal Building  
2300 Washington Street, Roxbury MA 02119  
617-635-9265  
communications@bostonpublicschools.org  
bostonpublicschools.org

## **Travay Atistik ki sou Kouvèti a**

Depatman Atizay Lekòl Piblik Boston an te etabli yon patenarya avèk mize "Museum of Fine Arts Boston" (MFA) pou l entwodui atizay Jean-Michel Basquiat yo nan sal de klas yo toupatou nan Boston.

Nou te mande elèv yo konpoze kèk travay atistik sou baz enspirasyon egzibisyon MFA sa a, ki titre "Ekri Lavni : Basquiat ak Jenerasyon Hip-Hop la" (an angle: "Writing the Future: Basquiat and the Hip-Hop Generation"). Elèv yo te kreye yon travay atistik ki te reponn direktman a kresyon sa a : "Ki sa, oswa ki moun, ki enspire w antanke atis ?"

Travay Atistik ki sou Kouvèti a se travay elèv lekòl Brighton High School. Atis yo se Khadiza Akter, Teaa Badgett, Hope Grey, Emily Jasso, James McGee, Carl Merheb, Victor Moscoso, Min Northcross, Wilfredo Reyes, ak Kayla Santiago.

Ou kapab wè travay tout finalis yo sou sit entènèt : [www.youtube.com/watch?v=kETyzwmmpEM](http://www.youtube.com/watch?v=kETyzwmmpEM)



Gid Lekòl Piblik Boston an disponib an arab, kreyòl kapvèdyen, chinwa, angle, franse, kreyòl ayisyen, pòtigè, somali, espayòl, ak vyetnamyen.

Piblikasyon sa a rezime plizyè lwa, politik, regleman, ak pratik ki enpòtan pou elèv Lekòl Piblik Boston yo (BPS), ak paran yo, ak gadyen yo. Entansyon an se pa pou l yon anyè konplè sou tout lwa ak politik ki konsène elèv ak paran.

Lwa federal ak lwa eta a, politik, regleman, ak pratik Lekòl Piblik Boston yo sijè a chanje, ni sou nivo distri a ni sou nivo bilding lekòl yo. Genyen kèk enfòmasyon ki ka chanje depi dènye fwa Gid la te enprime an out 2021.

# Gid Lekòl Piblik Boston 2021-2022 pou Elèv ak Fanmi

## Vil Boston

Kim Janey, Majistra

## Komite Skolè Boston

Jeri Robinson, Prezidan

Micheal O'Neill, Vis Prezidan

Doktè Hardin Coleman

Ernani DeAraujo

Lorena Lopera

Rafaela Polanco Garcia

Quoc Tran

Xyra Mercer, Reprezantan Elèv

## Lekòl Piblik Boston

Brenda Cassellius, Sipèentandan

Septanm 2021

### MISYON NOU

Pou tout elèv nan tout sal de klas nan tout lekòl resevwa sa yo bezwen.

### VIZYON NOU

Se pou n genyen yon distri skolè piblik ki premye nan tout peyi a, ki santre sou elèv, k ap founi yon edikasyon ekitab, ekselan, e konplè pou prepare tout elèv pou siksè nan inivèsite, karyè yo, ak lavi.

## Regleman sou Pinga Diskriminasyon

**Lekòl Piblik Boston**, konfòm a regleman pinga-diskriminasyon l yo, pa diskrimine nan pwogram li yo, lokal li yo, ni travay, ni opòtinite edikasyonèl sou baz ras, koulè, laj, dosye kriminel (sof pou ankèt sèlman), enfimite, estati sanzabri (san lojman), sèks/fi ak gason, idantite seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, zansèt/desandan, oryantasyon seksyèl, jenetik, ni estati militè, epitou nou pa tolere kèlkilanswa fòm entimidasyon, menas, oswa pèsèkasyon ki kapab ensilte diyite lòt moun osinon entèfere avèk abiltè yo pou yo aprann e travay.

# Tab matyè

## Kalandriye Skolè 2021-2022

### Anndan kouvèti devan an

Yon Mesaj Sipèntandan an 4

Anyè Sèvis pou Fanmi yo 5

### Akò ant Fanmi yo ak Lekòl yo

Koneksyon ant Lakay ak Lekòl 6

Konsèy Skolè Paran 6

Konsèy Skolè Lokal 6

Sant Dakè yo 7

Inivèsite Paran ("Parent University") 7

Sansabilizasyon Fanmi 7

Aksè nan Lekòl yo pou Vizite 8

Regleman Sou Kominikasyon 8

Defans Pitit Ou : Lis Aksyon pou Rezoud Pwoblèm 9

Preparasyon pou Bonjan Reyinyon ant Paran ak Pwofesè 10

Koneksyon Lakay la : Kèk Fason Byen Senp pou Ankouraje 11

Aprantisay 11

Konsèy pou Lekti ak Matematik pou Paran 12

### Pwomosyon ak Evalyasyon

Regleman Pwomosyon BPS 13

Regleman Pwomosyon ak Prezans nan Lekòl 14

Sipò pou Elèv ki Bezwen Èd Anplis 15

Evalyasyon : Mezire Rannman Elèv 16

MCAS 16

Regleman MCAS pou Diplome 16

Evalyasyon ACCESS pou Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELLs) 17

Lekòl Elemantè : Yon Rezime sou Afè Pwomosyon, 18-19

Egzamen ak Egzijans sou Devwa Lakay

Lekòl Mwayèn (Entèmedyè) : Yon Rezime sou Afè Pwomosyon, 20-21

Egzamen ak Egzijans sou Devwa Lakay

Lekòl Segondè : Yon Rezime sou Afè Pwomosyon, 22-23

Egzamen ak Egzijans sou Devwa Lakay

### Pwogram Espesyal

Edikasyon Espesyal ak Sèvis pou Elèv 24

Elèv k ap Aprann Angle 24

Elèv ki san Lojman 25

Leson Patikilye Lakay ak nan Lopital 25

Lekòl Lakay 25

Edikasyon Altènatif 26

Klas Travay Avanse ak Ekselans pou Tout Moun 26

Lekòl Konkou Antre yo 27

Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik 27

### Sèvis pou Elèv

Sante ak Byenèt 28

Sèvis Sante Konpòtmantal 28

Succeed Boston 28

Sèvis Sante 28

Vaksinasyon 29

Konsiltasyon Fizik 29

Edikasyon Sante 30

Edikasyon Spòtif 32

Sondaj sou Pwogram Lasante 32

Anviwònman ki an Sante e an Sekirite 32

Konsèy Pedagojik 32

Sèvis Manje ak Nitrisyon 33

Transpòtasyon 34

### Regleman BPS

Sekirite Elèv ak Ka Ijan 37

Pinga Diskriminasyon ak Dwa Sivil 39

Kòd Konduit la 40

Itilizasyon Teknoloji nan Lekòl 43

Regleman Lojman pou Elèv 44

Enskripsyon ak Deziyasyon Lekòl 45

Dosye Elèv 47

Seremoni Remiz Diplòm 49

Devwa 49

Reta 49

Kazyè Elèv 49

Telefòn Pòtab (Selilè) 50

Pwopriyete Pèsonèl 50

Kanè Nòt 50

Aktivite Spòtif 50

Lè Jounen Lekòl la Ranwaye 51

Regleman sou Anviwònman San Tabak 51

Swen Liv ak Lòt Materyèl 51

Inifòm Lekòl 51

Dlo Potab pou Moun Bwè 51

Regleman sou Elèv ki Paran ak Elèv k ap 52

Atann Nesans yon Bebe 52

Angajman Elèv ak Gouvènans 52

Sèt Bagay Esansyèl pou Amelyorasyon Tout Aspè Yon Lekòl 52

Plis Resous pou Fanmi

### Lwa Chak Grenn Elèv Reyisi (ESSA) 53

Kontrandi Lekòl 53

Edikasyon Matènèl (Timoun Piti) 53

Kanè Lekòl ak Kanè Distri 54

Sant Sante nan Lekòl yo 54

Regleman sou Angajman Paran 55

Kontra ant Lakay ak Lekòl 55

Plan pou Kalite Lekòl yo 56

Elèv k ap Aprann Angle 56

Patenarya ant Lekòl ak Kominote 56

### Òganizasyon ki Bay Sesyon Fòmasyon ak Devlopman Pwofesyonèl pou Paran 57

### Lis Anyè Lekòl Piblik Boston 60

### Seyans Kou yo ak Kalandriye Kanè pou 2021-2022 Anndan kouvèti dèyè a





## Yon mesaj Sipèentandan Cassellius,

Chè Paran, Gadyen  
Responsab, ak Elèv :

N ap di nou tout byenveni pou  
yon lòt ane lekòl enteresan  
! Kòmansman yon nouvo  
ane skolè toujou yon bagay

espesyal, sepandan ane sa a li vin yon bagay toutafè  
diferan pou n kapab akeyi elèv nou yo ak fanmi nou  
yo yon lòt fwa ankò.

Nan Lekòl Piblik Boston, timoun yo nan sant tout  
desizyon n ap pran ak tout konvèsasyon n ap fè.  
Nou kwè ke tout elèv dwe resevwa yon edikasyon  
kalite siperyè nan yon lekòl ki rekonèt tout kapasite  
yo posede e ki kore aspirasyon yo. Ane sa a, n ap  
mete yon aksan anplis sou rekiperasyon pou ede  
elèv yo dekouvri amou yo pou aprantisaj yon lòt fwa  
ankò, avèk bourad divès relasyon estab e ankourajan  
avèk konkou divès edikatè k ap prete atansyon a  
rekiperasyon ak ekselans akademik.

Epitou n ap kontinye travay pou asire ke tout moun  
nan kominote nou an genyen yon vwa nan desizyon  
k ap afekte elèv nou yo. Gid sa a se yon zouti nou  
espere ki va rann sa yon ti jan pi fasil. Gid la genyen  
ladan l kèk enfòmasyon ki kreye pou ede w konprann  
atant nou pou elèv yo plis, e ede w jwenn kèk  
opòtinite pou w patisipe plis nan desizyon k ap afekte  
fanmi w ak kominote nou an. Nou founi enfòmasyon  
yo atravè yon tèks ki senp e fasil pou konprann, e ou  
kapab jwenn aksè ladan l nan plizyè lang ak fòma.

Nou vle fè si ke tout moun ki fè pati kominote Lekòl  
Piblik Boston an santi ke nou tandè yo, valorize yo, e  
respekte yo, N ap kontinye kominike souvan e avèk  
transparans, pou selebre reyisit nou yo e pataje defi  
n yo avèk onètete. Epi n ap kontinye efòse nou pou  
n genyen pi gran rèv e reflechi yon fason diferan sou  
kòman n kapab founi meyè edikasyon posib bay tout  
elèv nou yo.

Pandanke n ap kontinye kiltive e jwenn konfyans ou  
atravè yon patenarya otantik, mwen konnen ane sa a  
va meyè ane ke n pa t janm genyen avan !

Sansè salitasyon,

*Brenda Cassellius*

Brenda Cassellius  
Sipèentandan

Nan Gid sa a, w ap jwenn yon lis resous  
ak enfòmasyon k ap itil pou fiti rankont ak  
opòtinite kote kominote a kapab bay dizon l  
nan mwa ak ane k ap vini yo. Tanpri abitye tèt  
ou avèk resous sa yo ak enfòmasyon ki founi yo,  
dekwa pou w rann ou genyen plis opòtinite pou  
w bay patisipasyon w nan pataj desizyon yo.

**Tout regleman nou yo genyen yon sèl objektif** : kreye divès  
anviwònman aprantisaj senesof e akeyan pou prepare tout elèv  
pou siksè. Avèk sipò w, kòmante w ak patisipasyon ou, nou  
kapab rive atenn objektif sa a ansanm.

### Pou ki rezon Gid sa a enpòtan ?

- Li esplike plizyè nan relgeman ki afekte elèv  
yo, tankou :
  - Ki kondisyon elèv yo dwe satisfè pou yo ka  
pase al nan klas ki vin aprè yo.
  - Sa distri a egzije pou l mentni yon  
anviwònman aprantisaj ki an sekirite, an  
sante, e akeyan pou elèv yo ak manm  
pèsonèl yo, ak fason nou ede elèv yo lòske  
yo pa satisfè egzijans sa yo.
- Li esplike plizyè mwayen fanmi yo ka  
anplwaye pou kore aprantisaj pitit yo, ni lekòl  
ni lakay.
- Li esplike plizyè dwa lalwa garanti elèv yo ak  
paran yo, tankou :
  - Dwa pou yo resevwa menm tretman an,  
kèlkeswa ras yo oswa enfimite yo.
  - Dwa pou yo patisipe nan desizyon ki fèt ki  
anrapò ak lekòl yo.
  - Dwa pou yo konnen kalifikasyon pwofèsè  
timoun yo.
  - Dwa pou moun respekte vi prive elèv yo  
parapò ak dosye elèv yo,
  - Epitou, gid sa a bay paran ak elèv konsèy  
sou ki sa yo dwe fè oka yo ta panse dwa yo  
vyole.
- Li bay anpil enfòmasyon itil sou plizyè sijè,  
kòmansè sou egzamen, pase sou  
transpòtasyon, rive sou sèvis sante yo ak lè  
jounen lekòl ranvwaye.
- Li bay enfòmasyon kontak nan yon anyè sou  
tout lekòl ak biwo administratif nou yo, li founi  
yon lis kontwòl pou rezoud pwoblèm, resous  
edikasyonèl pou fanmi yo, ak kalandrye ane  
skolè a (anndan kouvèti paj devan an).
- **Regleman Entèn Lekòl yo** : Anplis lwa leta ak lwa  
federal ak Kòd Konduit distri a, chak lekòl gen  
pwòp regleman pa yo ke Konsèy Lokal Lekòl  
yo apwouve. Direktè lekòl ou a ap ba ou yon  
kopi Regleman Entèn lekòl la ansanm ak Gid  
sa a.

# Anyè Sèvis pou Fanmi yo

## Biwo Lekòl Piblik Boston yo (BPS) :

NIMEWO PRENSIPAL .....	617-635-9000
Edikasyon Granmoun ak Lekòl Aswè .....	617-635-9300
Avansman (sipò lekòl ak sipò lafanmi).....	617-635-7750
Avansman (biwo santral).....	617-635-9660
Edikasyon Altènatif.....	617-635-8035
Sèvis Sante Konpòtmantal.....	617-635-9676
Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC).....	617-635-9446
Kominikasyon (medya, sit entènèt, ak piblikasyon).....	617-635-9265
Konte Jou pou Jadendanfan .....	617-635-6816
Done ak Kontrandi.....	617-635-9450
Edikasyon Timoun Piti .....	617-635-9063
Pèmi Travay, Elèv.....	617-635-8030
Elèv k Ap Aprann Anglè (EL).....	617-635-9435
Komite Konsiltatif EL Distri a .....	617-635-9435
Ekite (pwoblèm diskriminasyon ak dwa sivil).....	617-635-9650
Lekòl Konkou Antre yo ak Klas Travay Avanse (AWC) .....	617-635-9512
Sant Alfabetizasyon Lafanmi.....	617-635-9300
Sèvis Manje ak Nitrisyon .....	617-635-9144
Sibvansyon ak Finansman Ekstèn .....	617-635-9577
Sèvis Konsèy Pedagojik.....	617-635-8030
Sante ak Byennèt.....	617-635-6643
Chita-tande ak Ale Annapèl (pwoblèm disiplin).....	617-635-1577
Sipò nan Lekòl Segondè.....	617-635-9289
Leson Patikilye Lakay ak nan Lopital.....	617-635-6633
Elèv ki san Lojman .....	617-635-8037
Kapital Imen (biwo pèsonèl) .....	617-635-9600
Teknoloji Edikasyonèl e Enfòmasyon (OIIT) .....	617-635-9199
Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Nouvo Elèv (tès lang).....	617-635-1565
Medyatè (« Ombudsperson »).....	617-635-9054
Inivèsite Paran ("Parent University").....	617-635-7750
Sant pou Re-angajman.....	617-635-2273
Sèvis Sekirite .....	617-635-8000
Komite Skolè .....	617-635-9014
Sèvis Sante Lekòl yo .....	617-635-6788
Edikasyon Espesyal .....	617-635-8599
Konsèy Konsiltatif Paran pou Timoun ki Genyen Bezwen Espesyal (SpedPAC).....	617-297-7335
Dosye Elèv (relve nòt).....	617-635-9037
Succeed Boston (Boston Reyisi) .....	617-635-8123
Lekòl Ete .....	617-635-9414
Biwo Sipèntandan an .....	617-635-9050
Transpòtasyon.....	617-635-9520
Sèvis Dakèy (Enskripsyon ak Deziyasyon).....	617-635-9046

## Sèvis Dakèy Lekòl Piblik Boston

<b>Dorchester</b> <b>617-635-8015</b> Campbell Resource Center 1216 Dorchester Ave.	<b>Roxbury</b> <b>617-635-9010</b> Bolling Municipal Building 2300 Washington St., 2yè etaj
<b>Roslindale</b> <b>617-635-8040</b> Jennie Barron Building 515 Hyde Park Ave.	<b>East Boston*</b> <b>617-635-9597</b> Mario Umana Academy 312 Border St.

\* Ouvri lendi ak madi. Orè siplemantè an janvyè, fen out, ak kòmansman septanm : Mèkredi apati midi jiska 7:00 diswa

### Orè Sèvis pou 2021-2022 :

<b>Ane Skolè :</b>	lendi, madi, jedi, ak vandredi : 8:30 dimaten jiska 5:00 nan laprèmidi / mèkredi : Midi jiska 7:00 diswa +
<b>Jiyè 2022 :</b>	Se sèlman Sant Dakèy Roxbury a ki ouvri. Lendi jiska jedi, e li fèmen lè vandredi, nan orè ki mansyone anwo a. Pou plis detay, ale sou sit entènèt nou an : <b><a href="http://bostonpublicschools.org/welcomecenters">bostonpublicschools.org/welcomecenters</a></b>
<b>Fèmen :</b>	Jou fèt federal, fèt eta a, ak fèt vil la + Orè sa yo pa pou sant East Boston nan.

### Liy Dirèk pou Rantre Skolè a ak Enskripsyon Skolè 617-635-9046

out jiska septanm, 2021 ak janvyè, 2022  
lendi, madi, jedi, ak vandredi : 8:30 dimaten jiska 5:00 nan laprèmidi  
Mèkredi : midi jiska 7:00 nan laprèmidi

### Lekòl Sekirite ak Prevansyon kont Entimidasyon ak Entèvasyon 617-592-2378 (rele oswa voye yon tèks)

Pou elèv ak paran/responsab legal kapab rapòte zak entimidasyon ki pase nan lekòl, andeyò lekòl, sou entènèt, ak sou lòt aparèy elektwonik; ak pou elèv oswa paran/responsab kapab rapòte enkyetid yo sou zafè sekirite, kit se anndan, kit se andeyò lekòl la.  
Gen konseye fòmè ki la pou sa, 24 sou 24.

### Liy pou Denose/Rapòte sou Afè Lojman 617-635-9609

Rapòte, san ou pa bay non w, elèv ki ale nan Lekòl Piblik Boston men ki pa abite nan Vil Boston.

### Lòt Sèvis Siplemantè

Boston: Sèvis Vil la/Lakomin (9 a.m.-5 p.m.) .....	<b><a href="http://boston.gov">boston.gov</a></b>
Nimewo 24 sou 24 Majistra a .....	311   617-635-4000
Sant Boston pou Lajènès ak Lafanmi (BCYF).....	617-635-4920
Liy Majistra a sou Lasante.....	800-847-0710
Biwo Majistra a pou Avansman Imigran (plizyè lang).....	617-635-2980
Liy Majistra a pou Lajènès .....	617-635-2240
Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE).....	<b><a href="http://www.doe.mass.edu">www.doe.mass.edu</a></b>   1-781-338-3000
Enfòmasyon sou Lekòl sou Kontra ("Chater").....	781-338-3227
Fòmasyon ak Resous pou Paran .....	Al gade nan Paj 57-59

# Tèt-Ansanm Fanmi/Lekòl: Koneksyon ant Lakay ak Lekòl

Angajman fanmi yo jwe yon wòl esansyèl nan ede elèv yo reyisi lekòl e li devlope yon fyète nan kominote skolè a. Lekòl Piblik Boston detèmine pou l ede lekòl, manm pèsònèl, fanmi, elèv, ak kominote etabli divès patenarya aktif pou ranfòse aprantisaj elèv yo e amelyore lekòl yo.

Biwo Avansman Fanmi ak Kominote a (“Office of Family and Community Advancement”) ede òganize Konsèy Paran yo ak Konsèy Lokal Lekòl yo, pou ede planifye aktivite ki ankouraje patisipasyon fanmi yo nan edikasyon pitit yo, e li kore paran yo ak anplwaye lekòl yo nan efò yo pou kominike pi byen e travay ansanm pou ogmante aprantisaj elèv yo, espesyalman fanmi Elèv K ap Aprann Pale Anglè ak fanmi sila yo ki nan pwogram Edikasyon Espesyal yo.

Men kèk egzanp konsènan kòman lekòl yo kapab angaje fanmi yo nan aprantisaj elèv yo :

- konferans patikilye ant paran ak pwofèsè, avèk yon anfas sou pataj enfòmasyon ak esplikasyon pwogrè elèv yo
- atelye sou matyè pitit ou ap aprann, ak teknik ak estrateji pou ede pitit ou lakay
- aktivite espesyal tankou Sware Matematik ak Sware Alfabetizasyon, Ekip Akademik Paran-Pwofèsè, ak Sware Done (Enfòmasyon)
- Konsèy Paran Lekòl ak Konsèy Lokal Lekòl oswa Konsèy Administrasyon.
- sesyon aprantisaj Inivèsite Paran yo (“Parent University”)
- opòtinite pou travay kòm volontè—nan klas yo, nan aktivite leve fon yo (pou kolekte fon), oswa nan aktivite lwazi yo.

Chak lekòl piblik nan Boston dwe :

- kreye espas ak resous pou paran reyini
- mete tan apa chak semèn pou pwofèsè yo kontakte osinon rankontre avèk paran yo
- reponn kesyon ak rekèt paran yo prese-prese
- kominike avèk paran yo detanzantan nan lang paran yo pale lakay yo
- bay opòtinite pou gen kominikasyon respwòk (ale-vini) pou fanmi yo kapab bay dizon yo ak kòmantè yo
- pataje e esplike done elèv yo nan yon langaj ki byen senp pou fanmi yo konprann
- enfòme paran yo nan yon “langaj byen senp” sou metòd ak estrateji k ap pèmèt elèv yo fè pwogrè lekòl ak lakay
- founi paran yo yon pwogram (yon rezime alekri) sou sijè prensipal elèv yo ap gen pou yo kouvri nan chak kou.

## Angajman Lafanmi ak Tit 1

Tout lekòl ki kalifye pou resevwa lajan federal Tit 1 (“Title 1”) dwe genyen yon **Regleman sou Patisipasyon Paran** yo alekri, ke yo devlope avèk paran yo e ke paran yo apwouve. Dokiman regleman sa a dwe esplike akèl kouman paran yo ap ka patisipe atanke patnè nan edikasyon pitit yo.

Anplis, chak lekòl Tit 1 (“Title 1”) dwe met sou pye yon **Akò ant Lekòl ak Lakay**, ki se yon antant ki defini responsablite administratè, elèv, pwofèsè, ak paran pral pran pou ede elèv yo genyen plis siksè.



Gade nan paj 53-56 pou w aprann plis sou Tit 1, nouvo Lwa Chak Grenn Elèv Reyisi a “Every Student Succeeds (EESA) Act” ak Tèt Ansanm ant Lakay ak Lekòl la.

## Konsèy Paran Lekòl la

Tout Lekòl Piblik Boston yo - pami yo : lekòl pilòt yo ak lekòl charter distri a - dwe genyen yon Konsèy Paran Lekòl (SPC). SPC a reyini tout paran ki nan kominote skolè a ansanm pou bay lekòl la sipò epi defann bonjan kalite edikasyon pou elèv yo. Antake paran oswa gadyen responsab yon elèv Lekòl Piblik Boston, ou otomatikman yon manm Konsèy Paran Skolè lekòl ou a. “SPC” a dwe fè eleksyon pou chwazi yon Komite Egzekitif epi pran kèk etap pou asire ke l aktif e divès, pou l reprezante tout fanmi ki fè pati lekòl la. SPC a eli reprezantan pou sèvi nan Konsèy Lokal Lekòl la (SSC) epi l travay sere-sere avèk “SSC” pou l pase men nan bidjè lekòl la, rekòmande divès pwogram, patwone aktivite, rezoud pwoblèm, epi kolekte fon pou aktivite espesyal lekòl la ap fè. SPC a dwe eli kèk paran tou kòm reprezantan Konsèy Paran pou Tout Vil la (CPC) ak Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal la (SPED PAC) ak Konsèy Konsiltatif Elèv K ap Aprann Anglè nan Distri a (DELAC). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou òganizasyon sa yo, konsilte Resous pou Fanmi yo (“Resources for Families”) nan paj 57-59.

E si lekòl ou a pa ta gen yon SPC ? Kontakte Biwo Avansman an (“Office of Advancement” - OOA) nan nimewo 617-635-7750. Yo kapab ede w mete youn sou pye avèk èd dirijan lekòl ou an. Epitou ou kapab kontakte biwo OOA la si lekòl ou a pa mete w okouran sou eleksyon, reyinyon, ak aktivite SPC a ak SSC a.

## Konsèy Lokal Lekòl

Plizyè desizyon ki afekte edikasyon elèv Lekòl Piblik Boston yo fèt nan lekòl yo. Desizyon ki fèt nan nivo lekòl la se responsablite Konsèy Lokal Lekòl la. Tout lekòl dwe genyen yon Konsèy Lokal osinon yon Konsèy Gouvènè. Konsèy Lokal Lekòl la apwouve regleman ak règ yon lekòl e li revize bidjè li. Epitou, Konsèy Lokal Lekòl la ka mande yon egzanpsyon pou kèk nan regleman Lekòl Piblik Boston yo. Paran yo konstitye manm enpòtan konsèy sa yo.

Sou-Komite Pèsònèl Konsèy Lokal Lekòl la apwouve anbochaj ak transfè pwofèsè ki manm Sendika Pwofèsè Boston an (“Boston Teachers Union”). Li dwe gen yon paran kòm manm ke reprezantan paran SSC yo chwazi.



## Lòt Gwoup pou Paran

Anplis Konsèy Paran Lekòl yo ak Konsèy Lokal Lekòl yo, BPS gen gwoup pou paran ki pa pale angle ak sila yo ki gen pitit yo ki andikape. Nou bay nimewo telefòn yo nan paj 9.

## Sant Dakèy yo

Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston yo ofri anpil sèvis pou fanmi. Enfòmasyon sant yo ekri nan paj 5. Vizite youn nan sant yo pou w :

- jwenn konsèy sou chwa lekòl ou yo ak regleman BPS yo
- enskri elèv pou lekòl
- fè demann pou transfè nan yon lòt lekòl
- ranpli yon fòmilè chanjman adrès si ou demenaje
- pran enfòmasyon (nan pliyè lang) sou lekòl yo, pwogram an ete yo, resous sou sèvis lasante yo ak sèvis imen ki disponib pou fanmi yo nan Boston.
- aprann ki jan ou kapab patisipe nan aktivite lekòl pitit ou a epi kore aprantisaj li lakay.

**TANPRI NOTE KE :** Paran oubyen responsab elèv yo fèt pou montre bonjan idantifikasyon pou TOUT aktivite y ap antreprann nan Sant Dakèy yo.

## Inivèsite Paran

Inivèsite Paran (“Parent University”) ofri divès eksperyans aprantisaj pou kore fanmi Lekòl Piblik Boston yo nan wòl yo antanke premye pwofesè, defansè, lidè ak aprenan kontinyèl pitit yo. Klas yo kreye pou ede paran Lekòl Piblik Boston yo ogmante kapasite yo pou yo kore aprantisaj pitit yo lakay, nan fason yo resevwa konpreyansyon sou sa pitit yo pral aprann nan sal de klas nou yo ak kèk pratik pou ede yo reyisi ki baze sou rechèch. Inivèsite Paran (“Parent University”) ofri divès opòtinite inik ki reyini fanmi yo ansanm pou travay pou amelyore lekòl yo. Inivèsite Paran yo ofri klas tou pou esplike fason moun dwe jere lajan, sante yo, ak byennèt yo, klas Anglè pou Moun Ki Pale Lòt Lang (ESOL) ak klas òdinatè tou ak matyè STEM yo (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik).

➔ Ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/parentuniversity](https://bostonpublicschools.org/parentuniversity) oubyen rele nimewo telefòn 617-635-7750

## Sansibilize Fanmi

- BPS sèvi ak yon sistèm “**School Messenger**” (Mesajri Lekòl) pou voye mesaj nan telefòn otomatize, tèks, ak imel pou kontakte fanmi, elèv, ak anplwaye BPS yo. Nou itilize l pou n bay enfòmasyon enpòtan rapid-rapid, tankou ka ijans nan lekòl ak rapèl sou aktivite ak dat delè, atravè koutfil, tèks, ak imel. Ou kapab resevwa koutfil otomatize ak/oswa imel ki soti nan lekòl pitit ou a, osinon nan men biwo santral BPS la, k ap avèti ou sou kèk enfòmasyon ki trèzèpòtan. ENPÒTAN : Kontakte lekòl la si nimewo telefòn ou chanje !
- Grasa Pòtay Fanmi nan **Sistèm Enfòmasyon Elèv la** (“SIS”) (yo rele l ASPEN tou) fanmi yo kapab ale sou entènèt pou gade nòt aktyèl ak devwa timoun yo, tcheke prezans yo chak jou, e menm resevwa kèk avi otomatik nan imel oswa mesaj tèks. Epitou, fanmi yo ap kapab wè anons lekòl yo e resevwa kominikasyon pwofesè yo voye ba yo. Pou w enskri sou Pòtay Lafanmi SIS la, ale sou sit entènèt : [mybps.org](https://mybps.org). Nou kreye yon gid etap pa etap pou ede w kreye yon kont. Ou kapab jwenn kèk enstriksyon ak videyo sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/SIS](https://bostonpublicschools.org/SIS). Kapab gen plis opòtinite fòmasyon disponib nan lekòl pitit ou a.

## Osijè Konsèy Paran Lekòl Yo

- Chak lekòl dwe genyen yon Konsèy Paran Lekòl (SPC). Tout paran ki genyen timoun nan lekòl sa a se manm konsèy la. Se paran sèlman ki ka manm.
- SPC se kote paran yo ka esprime enkyetid yo, defann kòz pitit yo epi planifye aktivite ak evènman pou lekòl la.
- SPC eli Komite Egzekitif li nan yon reyinyon ki fèt chak ane apre ouvèti lekòl la, pa pi ta ke 15 oktòb. Nan menm reyinyon sa a tou, yo eli paran ki pral chita nan Konsèy Lokal Lekòl la.
- Manm dirijan SPC yo sipoze rankontre regilyèman avèk direktè lekòl la pou diskite tout sa ki anrapò ak lekòl la.

## Osijè Komite Konsèy Lekòl La

- Chak lekòl dwe genyen yon Konsèy Lokal Lekòl oswa Komite Gouvènans.
- Konsèy Lokal Lekòl la fòme avèk reprezantan paran, pwofesè, direktè lekòl, ak manm asosye. Nan lekòl segondè yo konsèy lekòl segondè yo genyen de (2) manm elèv ladan yo tou. Kantite paran yo nan konsèy la dwe egal ak kantite edikatè yo (ankontan direktè lekòl la tou).
- Reprezantan paran yo nan Konsèy Lokal Lekòl la eli pandan reyinyon anyèl pou eleksyon Konsèy Paran Lekòl la (SPC) ap fèt. Eleksyon sa a dwe fèt anvan dat 15 oktòb.
- Konsèy Lokal Lekòl la :
  - revize epi apwouve Plan Kalite Lekòl la
  - revize epi kòmanje sou tout bidjè lekòl la ak sou to yo ki nan bidjè diskresyonè a
  - devlope epi apwouve plan pou ogmante angajman paran yo
  - apwouve dispans pou regleman BPS yo ak kontra li fè avèk sendika yo
  - revize epi apwouve tout rekòmandasyon ki pral gen gwo enfluyans sou kominote lekòl la
  - voye je sou tout komite ki baze nan lekòl la.
- Reprezantan paran ki nan Konsèy Lokal Lekòl la dwe fè rapò bay SPC a.
- Reyinyon Konsèy Lokal Lekòl la se reyinyon piblik yo ye, nenpòt moun ka patisipe.

Pou Plis Enfòmasyon, konsilte :  
**Biwo Avansman**  
[bostonpublicschools.org/advancement](https://bostonpublicschools.org/advancement)  
617-635-7750

## Aksè nan Lekòl yo pou Vizitè

Lekòl Piblik Boston lanse yon gwo akèy bay paran ak lòt vizitè ki vle vizite lekòl nou yo ak sal de klas yo. Anmenmtan tou, nou fèt pou asire nou ke elèv nou yo ak anplwaye nou yo an sekirite e ke anyen p ap deranje aprantisay la. Lekòl yo dwe konnen ki moun ki anndan bilding yo ak pou ki rezon yo la. Tout lekòl yo gen yon sistèm videyo ak sonèt, yon fason pou pèsoun pa ka antre nan lekòl yo san yon anplwaye nan biwo direksyon yo pa okouran. Lekòl mwayèn, lekòl segondè yo ak anpil nan lekòl K-8 nou yo genyen yon pèsounèl sekirite sou plas ki byen fòme.

Anplis, nou devlope machasuiv sa yo pou vizitè lekòl yo. “Vizitè” vle di paran, anplwaye nan depatman lekòl yo, ansanm ak kèk lòt moun.

- Tout vizitè dwe idantifye tèt yo, montre pyès idantifikasyon ki genyen foto yo ladan yo, epi bay rezon pou vizit yo avan nou ka bay yo aksè nan bilding nan. Si yo pa genyen yon pyès idantite ki genyen foto, yon administratè lekòl, oswa moun yo deziyen pou sa a, dwe avèti e pale avèk sila a k ap mande aksè a. (Tanpri gade Sikilè Sipèntandan an “Superintendent Circular SAF-12 School Access” pou w jwenn enfòmasyon ajou konsènan Aksè Lekòl pandan pwotokòl COVID-19 yo an vigè. Infwa ke pwotokòl COVID-19 yo leve, n ap met soup ye pwosedi yo ki deklari anba a).
- Apre yo fin bay yo aksè, tout vizitè dwe siyen epi montre pyès idantifikasyon yo ak foto yo ladan yo yon lòt fwa ankò. Vizitè yo fèt pou yo siyen anvan yo kite lokal lekòl la. Gen lekòl ki gen yon biwo toupri pou antre a, kote vizitè yo ka siyen lè y ap antre ak lè y ap soti. Si pa gen okenn moun ki chita sou biwo a, vizitè a fèt pou l antre anndan direksyon prensipal la. Manm pèsounèl k ap bay vizitè a aksè a dwe asire ke li suiv pwosedi yo pou yo siyen antre.
- Tout vizitè ap resevwa yon Kat Vizitè lèske yo siyen. Yo fèt pou retounen kat sa a nan biwo a, oubyen nan biwo kote yo siyen an, anvan yo ale. Souple, asire ou ke Kat Vizitè ou a vizib lè ou anndan lekòl la oswa sou pwopriyete lekòl la. Ou ka bezwen gen yon kat vizitè lè gen Pòt Ouvè, Sware Paran, oswa kèk lòt aktivite piblik lekòl la patwone, selon desizyon dirijan lekòl la/moun yo deziyen pou sa a.
- Pou sekirite elèv nou yo ak anplwaye nou yo, n ap konsidere vizitè ki pa siyen oubyen ki pa ka montre Kat Vizitè yo tankou moun k ap antre san pèmisyon. Yon manm pèsounèl lekòl la kapab mande yo pou yo kite lekòl la ak pwopriyete lekòl la.
- Vizitè ki vle rankontre ak yon pwofesè oubyen yon administratè fèt pou pran yon randevou. Pwofesè yo gen lè apa chak semèn pou rankontre ak paran. Nou pa bezwen gen yon randevou lè gen Pòt Ouvè, Sware Paran, oubyen kèk lòt aktivite piblik lekòl la antreprann. Tout randevou/reyinyon avèk pèsounèl lekòl yo va fèt nan yon lokal yo deja detèmine, toupri biwo direksyon an osinon nan yon lòt kote nan bilding nan kote pèsounèl lekòl la prezan.
- Nenpòt pèsounèl k ap atann yon vizitè vini dwe avèti biwo a avèk non moun nan ak rezon vizit la.
- Gendelè, kapab gen yon pwoblèm ant yon pwofesè ak yon paran/gadyen responsab oubyen yon lòt anplwaye. Si gen yon reyinyon ki planifye pou pran swen pwoblèm nan, reyinyon sa a ap fèt nan biwo a oubyen nan sal konferans la—pa nan sal de klas la. Paran an/Responsab la dwe suiv pwosedi nòmal yo pou aksè/pwosedi siyen yo epi prezante tèt li nan biwo direksyon an. Yon moun va akonpaye paran an/responsab la pou mennen l nan plas kote reyinyon an ap fèt la, epi yon administratè lekòl la ap prezan nan reyinyon an.
- Si yon paran oblije al pran pitit li anvan lekòl lage, paran an dwe rele biwo lekòl la davans. Li dwe pran pitit li nan biwo a oswa nan yon lòt kote lekòl la chwazi. Paran yo pa kapab pran pitit yo dirèkteman nan sal de klas la. Lekòl la p ap lage okenn elèv nan men lòt moun ki pa yon responsab legal san konsantman paran an ak yon kat didantite apwopriye.
- Okazyonèlman vizitè konn entèwonp aktivite lekòl la nan ensiste pou yo vizite sal de klas yo san okenn anons, nan pale anpil ak anplwaye yo, rele fò oubyen sèvi ak langaj ki pa apwopriye. Si konpòtman anwiyon sa a kontinye, administratè lekòl la ka limite vizit yo, oubyen enpoze moun sa a met pwent pye l nan lekòl la ak sou pwopriyete lekòl la.
- Tanpri souple al gade nan paj 37 pou enfòmasyon sou ankèt “CORI/SORI” yo pou volontè lekòl yo.

## Regleman sou Kominikasyon

Lekòl Piblik Boston yo, Komite Skolè Boston an, Sipèntandan an, ak tout lòt pèsounèl nan biwo santral la avèk lòt pèsounèl ki baze nan lekòl yo, genyen responsablite pou yo kominike aklè e san delè avèk fanmi yo, elèv yo, kolèg yo, patnè yo ak kominote a. Yon kominikasyon manch long esansyèl pou devlope epitou mentni baz yon relasyon k ap mache toutbon nan tèt-kole lakay/lekòl/kominote a, pou amelyore reyisit elèv yo.

Komite Skolè Boston an kanpe deyè prensip suivan yo :

- Fanmi ak sitwayen gen dwa pou konnen sa k ap pase nan lekòl piblik yo.
- Tout anplwaye BPS yo gen obligasyon pou asire yo ke gran piblik la sistematikman e sifizaman enfòme.
- Pèsounèl Lekòl Piblik Boston yo ak fanmi yo tire benefis nan bonjan pataj enfòmasyon—kit yo pozitif, kit yo negatif.
- Kominikasyon vèbal e ekri ki sot nan lekòl yo ak manm pèsounèl yo dwe reflekte detèmisyon BPS pou l kore tout elèv ak fanmi, e met aksan sou akonplisman elèv yo atravè bonjan kalite ansèyman ak aprantisay.
- Kominikasyon tout bon vre dwe fèt respwòkman (nan de (2) sans, ale-vini) : lekòl yo avèk biwo santral la dwe jwenn fason pou koute e resevwa kòmantè fanmi yo, elèv yo, ak kominote a, epi reponn nan langaj ki klè kou dlo kokoye.
- Tout kominikasyon dwe reflekte epi pran an konsiderasyon sansibilite parapò a divèsite fanmi ak pèsounèl BPS yo, e yo dwe san magouy parapò ak ras, etnisite, lang, edikasyon, valè kòb moun fè, idantite seksyèl/gason oswa fi, relijyon, oryantasyon seksyèl, osinon enfimite.
- Lekòl Piblik Boston founi sèvis tradiksyon ak entèpretasyon nan dis lang moun pale pi souvan nan distri a. Kominikasyon ki pataj avèk fanmi yo dwe founi nan lang prefere paran an oswa gadyen responsab la.
- Tout demann medya ak kesyon ki konsène manm pèsounèl, lekòl, ak pwogram Lekòl Piblik Boston dwe ale jwenn Biwo Kominikasyon an.

**Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Regleman sou Kominikasyon an, ale sou sit entènèt :**

[bostonpublicschools.org/SuptCirculars](https://bostonpublicschools.org/SuptCirculars), “Policies & Procedure: Superintendent’s Circulars”, epi klike sou kategori “Communications”.

617-635-9265



## Defann Dwa Pitit Ou : Yon Lis pou Rezoud Pwoblèm

Si ou gen yon pwoblèm ki gen arewva ak lekòl, nou ta renmen ede w rezoud li. Chak lekòl dwe genyen yon livrè ki dekri machasvi pou rezoud pwoblèm nan lekòl la. Si ou bezwen plis èd, rele moun sila yo ki mansyone anba a, osinon biwo sa yo, nan lòd yo parèt la. Si sa posib, bay yon deskripsyon pwoblèm ou an alekri. Ekri non tout moun ou pale avèk yo epi prezève tout dokiman ak lèt ki gen arewva ak pwoblèm ou an.

### Pwoblèm ki Afekte Aprantisay pitit ou

1. Pwofesè
2. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
3. Sipèntandan Akademik\*

### Pwoblèm Jeneral Lekòl la

1. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
2. Dirijan Operasyonèl\*

### Gouvènans Lekòl la (Konsèy Paran ak Konsèy Lokal Lekòl yo)

1. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
2. Biwo Avansman Fanmi ak Kominote, 617-635-7750

### Disiplin

1. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
2. Dirijan Operasyonèl\*

### Sekirite

1. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
2. Dirijan Operasyonèl\*
3. Liy telefòn dirèk Lekòl Piblik Boston pou Sekirite nan Lekòl yo ak Prevansyon Entimidasyon, 617-592-2378

### Prezans

1. Pwofesè
2. Kowòdonatè pou Sipò Elèv
3. Prensipal oswa Direktè Lekòl la

\*Chak lekòl genyen yon Sipèntandan Akademik, yon Sipèntandan Operasyonèl, ak yon Dirijan Operasyonèl. Pou w jwenn enfòmasyon sou kontak Sipèntandan Akademik ak Dirijan Operasyonèl lekòl ou a, tanpri konsilte sit entènèt nou an : [bostonpublicschools.org/regional-chart](http://bostonpublicschools.org/regional-chart).

### Èske ou bezwen èd toujou pou w rezoud yon pwoblèm lekòl ? Kontakte Medyatè ("Ombudsperson") BPS la.

Medyatè a ap tande w epi l ap travay avè w pou rezoud pwoblèm ou an. Kat prensip ki gide travay Medyatè a se netralite, endependans, konfidansyalite, ak enfòmalitye.

617-635-9504 oswa 857-891-1363

### Transpòtasyon

1. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
2. Depatman Transpòtasyon, telefòn: 617-635-9520 osinon imel: [schoolbus@bostonpublicschools.org](mailto:schoolbus@bostonpublicschools.org)
3. Pòtay Sipò pou Transpòtasyon BPS [bostonpublicschools.org/help.freshdesk.com/support/home](http://bostonpublicschools.org/help.freshdesk.com/support/home)

### Deziyasyon, Transfè, Lis Datant Lekòl yo, ak Eitati Lojman

1. Liy Dirèk pou Sèvis Dakèy, 617-635-9046
2. Deziyasyon Lekòl ak Enskripsyon, rele oswa ale nan yon Sant Dakèy (gade paj 5)
3. Demann Annapèl sou Regleman Lojman : Ombudsperson (Medyatè a), 617-635-9054

SONJE: Direktè Lekòl yo pa ka fè enskripsyon ni chanje deziyasyon plas nan lekòl yo ni garanti pitit ou a kapab ale nan yon lekòl kèlkonk.

### Pwoblèm Elèv k ap Aprann Anglè

1. Pwofesè
2. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
3. Sant Evalasyon ak Konsèy pou Moun Nouvo, 617-635-1565
4. Biwo Elèv K ap Aprann Anglè, 617-635-9435

### Pwoblèm nan Edikasyon Espesyal

1. Pwofesè
2. Prensipal oswa Direktè Lekòl la
3. Edikasyon Espesyal, 617-635-8599

## Pou w Aprann Plis sou Tèt-Ansanm Fanmi/Lekòl

- ➔ Konsilte sit entènèt Biwo Angajman an : [bostonpublicschools.org/advancement](http://bostonpublicschools.org/advancement)
- ➔ Konsilte sit entènèt BPS la, kontakte lekòl ou a, oswa telefòn :  
Biwo Avansman an ..... 617-635-7750  
Sant Dakèy BPS yo ..... Gade nan paj 5  
Konsèy Konsiltatif Elèv k ap Aprann Pale  
Anglè Distri a (DELAC)..... 617-635-9435  
Partnè BPS ..... 617-635-6421/ [PartnerBPS.org](http://PartnerBPS.org)  
Konsèy Konsiltatif Paran Tmoun ki Genyen  
Bezwen Espesyal (SpedPAC)..... 617-297-7335
- ➔ Al gade nan paj 57-59 pou w jwenn yon lis òganizasyon ki bay resous ki anrapò ak edikasyon ak sipò pou fanmi yo.

## Èske ou te konnen...

- Ou pa bezwen ret tann jounen Pòt Ouvè yo nan lekòl la pou w rankontre avèk pwofesè pitit ou a. Pwofesè yo genyen tan yo mete apa chak semèn pou yo kontakte paran yo.
- Rele biwo lekòl la pou w pran yon randevou pou w pale ak pwofesè a – swa nan lekòl la, oswa nan telefòn.
- Nan fen mwa septanm, chak lekòl dwe bay paran yo non ak nimewo telefòn moun k ap travay lekòl la (anplis de non ak nimewo pwofesè pitit yo a), ke paran yo kapab rele si yo ta gen kèk enkyetid sou pwogrè pitit yo.
- Chak otòn, pwofesè yo dwe bay fanmi yo yon rezime sou objektif yo gen pou kouvri pou ane a, kourikoulòm nan (pwogram etid la), ak pwogrè elèv yo ap gen pou yo fè pou ane a.

# Preparasyon pou yon Reyinyon Paran-Pwofesè Efikas

Lòske lè a rive pou yon konferans paran-pwofesè, bonjan preparasyon kapab ede paran yo benefisye anpil bagay nan reyinyon sa a, e ede yo konprann pi byen ki sa yo kapab fè pou ede pitit yo reyisi. Epitou preparasyon ki fèt avèk swen va ede paran yo tabli baz pou yon relasyon kontinyèl (dirabak) avèk pwofesè a.

## Kòmmanse Sou Yon Bon Pant

Paran yo dwe eseye etabli yon relasyon pozitif avèk pwofesè a. Yon fason yo kapab fè sa se kòmmanse sou yon bagay ki reflekte byen sou pwofesè a. Pa egzanp, remèsye pwofesè a pou nòt atantif li ekri sou devwa pitit ou, oswa pou atansyon espesyal li ba li pou ede l aprann fè miltiplikasyon.

Anpil fwa, nan konferans paran-pwofesè yo, pwofesè yo konn montre paran yo kalite travay elèv yo ap fè e petèt yon kanè nòt. Se yon bon moman pou n gen yon konvèsasyon sou metòd ansèyman yo ak fason nou mezire pwogrè elèv yo. Èske se tès yo itilize pou evalye pwogrè elèv la ? Konpilasyon travay/pòtfolyo ? Patisipasyon li nan klas ? Pwojè ? Paran an kapab mande pwofesè a pou l klarifye regleman lekòl la.

## Kòman Pitit Mwen an Ap Pwogrese?

Piske an mwayèn konferans paran-pwofesè a kapab dire 20 minit konsa, paran yo ta dwe planifye pou yo kouvri kèk sijè sèlman. Lè y ap mete yon lis kesyon sou pye, nou sijere pou paran yo ta poze kesyon ki pi enpòtan yo an premye.

Men kèk kesyon ou ta kapab konsidere poze konsènan pitit ou a :

- Ki jan pitit mwen an ye pandan jounen an ? Èske l patisipe nan diskisyon nan klas yo ak nan aktivite yo ?
- Nan ki matyè pitit mwen an ap fè bon travay ? Nan ki matyè pitit mwen an gen difikilte ? Ki jan lekòl la ap ba l sipò nan pwochèn trimès la pou li ka rive nan nivo klas la nan matyè sa yo ? Ki kèk bagay mwen kapab fè lakay la pou m kapab ede l amelyore nan matyè li bezwen travay plis sou li yo ?
- Ki kritè ki etabli pou nivo klas pitit mwen an ? Èske ou ka montre m yon egzanp travay ki ka sèvi kòm egzanp kalite ki pi siperyè a ?
- Ki jan pitit mwen aji ak lòt timoun ak granmoun ?
- Ki kantite èd m dwe bay pitit mwen an nan devwa lakay yo ?
- Èske pitit mwen an nan diferan klas oubyen nan lòt gwoup pou diferan matyè ? Se ki jan yo detèmine gwoup sa yo ?
- Èske pitit mwen an fè tout efò li kapab ?

## Enkli elèv la nan konvèsasyon an

Anpil lekòl mwayèn ak lekòl segondè kòmmanse ap reyalize ke lè yo enkli elèv yo nan konferans paran-pwofesè yo, sa bay timoun nan plis sans responsablite pou l aprann. Pandan konferans lan, anpil fwa elèv yo diskite konpilasyon travay yo chwazi pou montre efò yo, pwogrè yo, ak akonplisman yo, nan youn oswa plis. Elèv la dekri bay paran yo ak pwofesè a ki sa ki bon nan travay la, ki sa li aprann ladan l, ak ki kalite amelyorasyon travay la bezwen.

Si elèv la pa patisipe nan konferans lan, paran yo kapab mande pitit yo davans ki enkyetid yo genyen konsènan lekòl la. Epitou, paran yo kapab mande pitit yo ki sa ki pwen fò yo ak pwen fèb yo, ki matyè yo pi renmen ak ki matyè yo pa fin renmen. Sa ap pèmèt nou pa pèdi tan pandan konferans lan si paran yo deja pale ak pitit yo sou zafè liv, klas, ak orè.

Paran yo kapab konsidere rakonte pwofesè a ki kalite gwo chanjman ki fèt nan lavi pitit yo a (tankou lanmò yon ti bèt domestik yo te genyen, yon granparan ki malad, paran k ap divòse, oubyen yon fanmi ki demenaje), osinon kèk lòt aktivite enpòtan timoun nan patisipe ladan l (tankou espò, eskout, sèvis kominotè, oubyen yon travay aprè lekòl).

## Pran Swen Pwoblèm yo

Konferans paran-pwofesè se yon bon lè pou diskite nenpòt ki difikilte – swa akademik oswa konpòtmantal—yon timoun kapab genyen lekòl. Lè pwoblèm sa yo rive, paran yo dwe:

- Evite reyaksyon ki parèt fache oubyen k ap fè eskiz. Yo dwe mande pou egzanp pito.
- Mande ki sa k ap fèt pou rezoud pwoblèm nan epi ki estrateji ki sanble ki mache pou lekòl la.
- Devlope yon plan daksyon ki kapab gen ladan l mezi paran an kapab pran lakay, ak mezi pwofesè a ap pran, lè pwoblèm sa a rive lekòl la.
- Mete yon randevou pou yon lòt konferans paran-pwofesè epi deside ki meyè fason pou n rete an kontak (telefòn, imel, oswa lèt yo voye lakay).

## Fè Suivi

Annape, lè ou ap diskite konferans la ak timoun nan, konsantre sou bon bagay nou te kouvri yo epi ale tou dwat sou pwoblèm nou te idantifye yo. Si sa apwopriye, esplike timoun nan ki aranjman nou te fè pou yon plandaksyon.

Yon bon mwayen pou ankouraje bonjan relasyon ak pwofesè a se pou w di “mèsi” nan yon nòt, imel, oswa nan yon kout fil. Lòske w kontinye kenbe kontak ak pwofesè a, menm si tout bagay ap mache byen, sa kapab jwe yon wòl enpòtan nan ede pitit ou a travay pi byen lekòl. Lè yon timoun konnen paran l ak pwofesè a ap travay ansanm toutan, timoun nan ap wè edikasyon se yon gwo priorite ki mande angajman ak efò.

— pawòl Ted Villaire

(se Lekòl Piblik Boston ki te revize sitasyon sa a)

Reenprime ak pèmision sit entènèt National PTA la, [pta.org](http://pta.org)



# Tèt-Ansanm Fanmi/Lekòl : Koneksyon ak Lakay

## Fason Byen Senp Pou Ankouraje Aprantisay

Men kèk bagay byen senp ou kapab fè lakay pou ede pitit ou aprann epi reyisi.

- 1 Fè pitit ou yo konnen ou kwè nan yo.** Fè pitit ou konnen depi yo toupiti ti katkat, ou kwè yo genyen kapasite pou yo reyisi nan lavi yo. Kontinye di yo sa a kèlkeswa laj yo. Ede yo konprann koneksyon ki genyen ant efò ak reyisit : si yo travay di lekòl, y ap reyisi kanmenm.
- 2 Pale, li, e jwe avèk pitit ou osi souvan ke posib, apati moman yo tou piti.** Akitivite sa yo va ede yo devlope langaj oral ak kèk konpetans lekti, e ekspeze yo a divès ide ak konsepsans, ki va ede yo reyisi lekòl. Pale ak timoun yo sou lavi yo ak enterè yo. Rakonte yo kèk istwa ki pase nan pwòp lavi pa ou. Fè lekti avèk yo chak jou !
- 3 Jwenn patisipasyon tout fanmi an.** Mande tout moun ki sousye pou pitit ou — matant, tonton, granm, granpapa, kouzen, parenn, marenn, moun k ap gade pitit ou a, vwazen ak zanmi — pou yo ankouraje pitit ou a aprann byen lekòl epi pou yo pa ezite montre jan yo renmen aprann.
- 4 Limite tan li pase devan ekran.** Limite kantite tan pitit ou pase ap itilize òdinatè ak ekipman elektwonik, televizyon, oswa jwèt videyo, ak tèks — kit se lè l avè w kit se lè l avèk moun k ap gade l la, kit se lè l poukont li. Timoun anba laj dezan pa ta dwe ap gade televizyon ditou. Tan devan ekran ta dwe konsantre sou afè edikasyon epi ede timoun nan ranfòse osinon elaji opòtinite aprantisay yo. Mwens “tan devan ekran” kapab vle di plis tan pou timoun nan fè egzèsis, jwe jwèt entèlijan imajinatif ak plis tan pou l fè lekti.
- 5 Montre ou trè pozitif nan zafè lekòl ak aprantisay.** Montre w enterese nan sa pitit ou ap fè lekòl. Poze kèk kesyon senp tankou “Èske pi bon zanmi w lan te vin lekòl jodi a? Ki travay nouvo ou te fè lekòl la?” Lèfini poze kesyon ki pa gen repons “wi” oswa “non”, tankou “Kisa ou te fè nan atizay jodi a?” Si w kapab, chache yon mwayen pou w patisipe nan aktivite lekòl pitit ou. Nan ka timoun piti, gade nan valiz lekòl yo chak swa pou w ka wè ki travay yo te fè, oswa pou w gade si gen biyè ak ti nòt pwofèsè a ka voye pou ou. Kanta elèv ki pi gran yo, mete apwentman pou reyinyon chak trimès avèk konseye pedagogik la pou w ka kontwole si pitit ou a sou tras pou l satisfè egzijans sila yo ki sou nivo klas li.
- 6 Asire pitit ou fè devwa kay li.** Tcheke devwa pitit ou chak swa. Mande l pou l eksplike w ki sa l ap aprann. Asire w devwa yo fin fèt. Si posib, jwenn yon ti plas byen trankil nan kay la ki byen klere pou pitit ou etidye, epi rezève tan chak swa pou devwa. Etenn televizyon an lè pitit ou ap fè devwa. Si pitit ou rakonte w trò souvan ke yo pa ba l devwa kay pou l fè, se pou w tcheke ak pwofèsè a. Mande si pwofèsè a sèvi ak Pòtay Lafanmi “Family Portal SIS” la osinon lòt sit entènèt pou l pataje devwa yo ansanm ak lòt enfòmasyon, epi abòne pou w kapab suiv pwogrè pitit ou a.
- 7 Aprann pitit ou òganize e jere tan li.** Asire w pitit ou gen kaye oswa katab pou chak matyè. Eseye gen papye, kreyon, ak lòt founiti klasik sou lamen. Montre li ki jan pou l pran nòt ak ki kote pou l ekri tout devwa lekòl la bay. Tabli yon lè nan jounen an pou devwa fèt. Timoun souvan konsantre pi byen sou devwa yo apre yo pran yon poz ak lè yo fè kèk mouvman egzèsis fizik—men pa kite se nan lè avan yo pral nan kabann y ap fè devwa. Dabitid li pi bon pou yo fin fè devwa ki pi difisil yo anvan yo fatigue. Sepandan, gen delè sa ede w konsantre lòske ou kòmanse ak yon bagay fasil.
- 8 Asire w pitit ou dòmi ase.** Timoun piti, e menm adolesan, bezwen omwen nèf èd tan dòmi chak swa pou yo bay bon rannman lekòl. Daprè Enstiti Nasyonal Lasante «National Institute of Health», yon timoun ki pa dòmi ase gen pwoblèm pou l prete atansyon e reponn kesyon rapid-rapid, epitou li kapab gen plis pwoblèm konpòtman. Youn nan fason byen senp pou w ankouraje aprantisay, se pou pitit ou gen yon lè regilye pou l dòmi.  
Nou pran enfòmasyon sa a nan sit entènèt [colorincolorado.org](http://colorincolorado.org) (ki se yon bonjan resous, an angle ak an espayòl).  
Pou plis enfòmasyon sou ki jan pou w ede pitit ou lakay, mande pwofèsè a.

## Pie R Squared

Èd gratis nan matematik, depi nan prensip debaz rive jis nan kalkil pou elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas 12yèm ane

Lendi jiska jedi

nan antre bilding Bolling Building nan  
2300 Washington Street, Roxbury  
akote estasyon bis MBTA Dudley a

Kontakte : nan imel :  
314piersquared@gmail.com

Paran ak elèv kapab enskri sou entènèt pou leson patikilye.

[piersquared.org](http://piersquared.org)



## Èske ou te konnen...

BPS Parent University ofri kèk sesyon nan lekòl yo, òganizasyon kominotè yo, ak bibliyotèk yo, ki pale sou yon seri sijè, tankou : ki jan pou w ede pitit ou avèk devwa li, ki jan pou fè tranzisyon sot nan lekòl matènèl (timoun piti) al nan lekòl nòminal, enfòmasyon sou matyè STEM yo (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni), ak anpil lòt bagay ankò.

Pou Plis Enfòmasyon : 617-635-7750

[bostonpublicschools.org/parentuniversity](http://bostonpublicschools.org/parentuniversity)  
[parentuniversity@bostonpublicschools.org](mailto:parentuniversity@bostonpublicschools.org)

# Tèt-Ansanm Fanmi/Lekòl : Koneksyon ak Lakay (kontinye)

## Konsèy Matematik pou Paran yo

- ✓ Poze timoun nan kesyon, “Ki jan ou fè konnen?” ak “Ki sa ou wè?” dekwa pou w ka konprann epi elaji fason pitit ou a reflechi. Tande ide pitit ou a ap fòmile epi ankouraje l pou l wè fot li fè yo kòm yon etap nan pwosesis aprantisay la.
- ✓ Sèvi ak travay nan kay la, oswa nenpòt lòt opòtinite lavi toulejou, pou w fè pitit ou a angaje nan rezonman matematik. Okazyon pou rezoud pwoblèm matematik chak jou kapab prezante sou fòm sa yo :
  - ▶ *Konte ak Konpare* : Poze kesyon tankou “Konbyen gwo kamyon ou wè ?” “Konbyen moun ki devan nou nan liy nan ?” “Èske nou ka mete 10 bwat yogout nan panye a ?” “Èske gen plis pòm oswa plis zoranj nan bòl la ?”
  - ▶ *Adisyon ak Soustraksyon (Mete ak Wete)* : Poze kesyon pou w ankouraje timoun yo angaje yo nan adisyon ak soustraksyon nan sitiasyon lavi kotidyen : “Ou te gen 6 bonbon sale epi ou manje 2 bonbon sale. Konbyen bonbon sale ki rete ?”
  - ▶ *Miltiplikasyon ak Divizyon* : Poze kesyon tankou “Si gen 6 bwat ji nan yon pake, konbyen bwat ji ki gen nan 3 pake?”
  - ▶ *Jeyometri* : Mande pitit ou a pou l dekri epi konpare kèk fòm jeyometrik pandan n ap fè yon ti mache ansanm.
  - ▶ *Mezi* : Sèvi ak yon règ oubyen kèk lòt zouti yo sèvi pou mezire pou n chache longè plizyè kalite objè lakay nou. Fè pitit ou a konpare longè objè sa yo.
  - ▶ *Fraksyon* : “Si resèt la rekòmande pou nou mete 1/4 tas sik epi nou vle double resèt la, ki kantite sik n ap bezwen ?”
- ✓ Aprann ki jan pou w ede lakay avèk èd resous ki sou sit entènèt sa yo :
  - ▶ Plandaksyon paran sou Kritè Debaz Komen Leta yo pou Matematik, [www.cgcs.org/Page/244](http://www.cgcs.org/Page/244).
  - ▶ Gid pou fanmi ki genyen matematik ladan yo : [www.doe.mass.edu/highstandards](http://www.doe.mass.edu/highstandards)
  - ▶ Gid Paran pou Siksè Elèv (“Parents’ Guides to Student Success”) ki genyen matematik ladan l tou : [www.pta.org/home/family-resources/Parents-Guides-to-Student-Success](http://www.pta.org/home/family-resources/Parents-Guides-to-Student-Success)
  - ▶ Èd ak devwa ak anpil lyen pou resous: [figurethis.nctm.org/fc/family\\_corner.htm](http://figurethis.nctm.org/fc/family_corner.htm)
  - ▶ Videyo pou fanmi ki prezante kèk edikatè Boston k ap pale sou Kritè Debaz Komen Leta yo pou Matematik (“Common Core State Standards”) : [nctm.org/standards-and-positions/common-core-state-standards/teaching-and-learning-mathematics-with-the-common-core/](http://nctm.org/standards-and-positions/common-core-state-standards/teaching-and-learning-mathematics-with-the-common-core/)
- ✓ Kenbe kontak ak pwofesè a pou w ka okouran de si pitit ou a ap travay nan nivo klas li a, epi pou w konnen ki sa fanmi an ka fè lakay pou ede l pwogrese nan afè lekòl li. Anpil lekòl gen Sware Matematik “Math Nights” pou paran yo kapab aprann metòd lekòl la itilize nan ansèyman matematik.

## Konsèy sou Lekti pou Paran yo

- ✓ Pou timoun piti yo: jwe avèk lèt alfabè a, epi pratike son chak grenn lèt avèk yo. Sèvi ak son, chante, jès ak mo ki fini ak menm son pou devlope itilizasyon vokabilè ak langaj lakay yo. Amize nou nan zafè langaj !
- ✓ Fè lekti awotvwa pou pitit ou a.
- ✓ Pandan pitit ou ap li, montre l modèl/tandans òtograf (fason yo eple mo) ak son, tankou : “cat, pat, hat.”
- ✓ Montre l kèk lèt ak mo fanmi lakay ou ansanm ak kèk lòt kote ke ou mennen pitit ou.
- ✓ Fè pitit sila w yo ki pi gran yo li awotvwa ba ou chak swa (menm liv ti komik yo bon pou sa), epi pataje kèk lekti ak diskisyon ansanm an angle, osinan nan lang nou pale nan kay la.
- ✓ Chwazi yon plas trankil, ki pa genyen distraksyon, pou pitit ou ka fè kèk lekti chak swa.
- ✓ Si pitit ou wè w ap li, swa pou travay oswa pou plezi, sa va devlope enterè pa l nan lekti.
- ✓ Poze pitit ou kesyon sou pèsanaj yo ak evènman yo nan istwa l ap li a. Mande l pou ki sa li panse yon pèsanaj aji nan yon tèl fason. Mande l tou pou l kore repons li yo ak enfòmasyon li jwenn nan istwa l ap li a.
- ✓ Mennen pitit ou nan bibliyotèk, oswa nan libreri, otan w kapab. Mennen pitit ou fè demann yon kat Bibliyotèk Piblik Boston — li gratis!
- ✓ Ankouraje pitit ou li yon bann kalite liv ak lòt materyèl sou entènèt ki entwodui kèk eksperyans ak opòtinite pitit ou a kapab reflechi sou yo.
- ✓ Chèche konnen si pitit ou a ap li yon liv ki konekte ak yon fim (pa egzanzp : seri “Harry Potter” a), epi konpare e diferansye lekti a parapò ak adaptasyon fim nan.
- ✓ Ankouraje pitit ou a ekri souvan, pou l genyen yon jounal entim kote l mete refleksyon l yo, ide l yo, oswa kèk lòt enterè.

## Poukisa pou m li pou pitit mwen ?

Timoun renmen lè paran yo, yon timoun ki pi gran pase yo, oswa yon lòt granmoun fè lekti ba yo—e l se yon aktivite enpòtan ki ka ede yon timoun devlope yon amou pou lekti.

### Pitit fi m nan kapab li pou kont li. Èske m ta dwe kontinye ap li pou li toujou ?

Wi ! Fè lekti pou pitit ou amelyore konpetans li nan tandè ak konpreyansyon pwofon, espesyalman avèk liv ki twò difisil pou l li poukont li.

### Kòmman m kapab chwazi bon liv pou pitit mwen ?

Konsidere sa ki enterese pitit ou lòske w ap chwazi liv pou li. Chwazi kèk liv ki divès parapò ak kilti ak lang epi ki entwodui kèk opòtinite pou l aprann kichòy sou divèsite mond li a. Epitou bibliyotekè w la kapab ede w jwenn kèk liv timoun ki resewva prim.

### Ki sa pitit mwen an dwe li ?

Timoun ta dwe li tout kalite tèks : lodyans (fiksyon), reyalyite (pa fiksyon), fantezi, biyografi, liv ti chante timoun (rim pepinyè), repòtaj nan jounal, memwa, ak pwezi. Fè aranjman pou nou ale nan bibliyotekè regilyèman. Bibliyotekè yo sèvi kòm bonjan resous pou ede timoun jwenn liv y ap renmen.

# Pwomosyon ak Evalyasyon

## Regleman pou Elèv Pase Klas Yo Nan Lekòl Piblik Boston Yo

Lekòl Piblik Boston (BPS) yo angaje yo pou yo fòme elèv ki, apre yo fin diplome, pral kontinye aprann pandan tout rès vi yo, ki pral bay bon rannman nan travay, ki pral sitwayen responsab epi ki pral bay patisipasyon pozitif yo nan kominote divès nou yo. Chak pwofesè, chak administratè, chak paran/responsab ak tout lòt granmoun ki nan lavi elèv nou yo pataje responsablite sa a pou yo ede elèv yo rive satisfè ekzijans sa yo.

Regleman pou elèv yo monte nan klas pi wo yo ranfòse egzijans ak responsablite nou fikse nan Kritè Aprantisay yo pou tout Lekòl Piblik Boston yo. Regleman pou pase al nan lòt klas siperyè (pwomosyon) :

- defini egzijans nou fikse pou tout elèv ak estrateji ke lekòl yo ap mete sou pye pou garanti siksè yo,
- asire ke pwomosyon yo se rezilta efò e ke yo baze sou reyisit akademik,
- redui, otan nou kapab, bezwen pou yon elèv double yon klas,
- asire elèv yo kòmanse ane skolè a ak kapasite ansanm ak konesans ki nesèsè pou yo fè travay lekòl yo nan nivo klas y ap fè a, e ke sila yo ki diplome ap gen konpetans pou yo etidye nan inivèsite, nan lavi yo lè yo vin granmoun ak nan travay yo,
- asire elèv yo prepare pou yo pase egzamen Sistèm Evalyasyon Okonplè Masachousèt (MCAS) yo “Massachusetts Comprehensive Assessment System), ke nou egzije pou yo kab diplome,
- tabli yon sistèm ki bay elèv yo sipò e ki egzije yo fè anpil efò,
- rekonèt elèv yo pa aprann ak menm vitès kidonk poutèsa yo bezwen chapant òganizasyonèl (strikti òganizasyonèl) ki ka satisfè bezwen yo malgre diferans ki egziste ant yo, epi
- defini fason pwofesè yo, administratè yo, paran yo ak elèv yo dwe pran responsablite yo.

### Regleman pou Elèv yo Pase Kèlkilanswa Klas la

Elèv yo dwe satisfè anpil regleman pou yo ka pase al nan pi gwo klas. Tout elèv yo dwe fè mwayèn yo pou sèten kou epitou gen bonjan prezans.

Lekòl yo ka egzije elèv yo pou yo satisfè lòt regleman anplis pase sa nou layite nan paj 18-23 yo. Konsèy Lokal Lekòl yo dwe awpouve egzijans andiplis sa yo.

Lekòl Piblik Boston yo ap revize regleman pou bay diplòm dekwa pou yo ka aliyen yo ak egzijans Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Masachousèt la (DESE) ak tout “Pwogram Etid Debaz Lekòl Segondè nan Masachousèt” la (Massachusetts Core High School Program of Study). Souple al gade nan paj 23.

### Elèv k ap Aprann Angle

Elèv ki nan pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo dwe pase tout klas yo epi yo dwe ranpli tout regleman yo mande yo pou yo resevwa diplòm yo. Sepandan, nou pa dwe fè elèv EL yo (k ap aprann angle) double klas yo si sèl rezon ki fè yo pa pase egzamen yo se yon mankman nan konesans lang angle a. Elèv yo ap genyen aksè pou yo itilize diksyonè bileng (mo pou mo) pandan tout evalyasyon standadize k ap fèt yo, sof sila yo k ap evalye konpetans yo ak konesans yo parapò ak lang angle. Elèv k ap aprann angle ki nan premye ane enskripsyon lekòl nan Etazini pa oblije pran evalyasyon ELA (Gramè ak Literati) egzamen MCAS la, osilontan yo patisipe nan evalyasyon anyèl lang ange ke yo bay elèv k ap aprann angle yo.

Elèv kap Aprann Anglè yo dwe pase tout klas yo epi yo dwe ranpli tout regleman yo mande yo pou yo resevwa diplòm yo, menm jan ak tout lòt elèv. Si yon elèv ap antre nan Lekòl Piblik Boston nan yon klas segondè, nou reyèlman rekòmande pou fanmi li soumèt yon relve nòt lekòl dekwa pou Lekòl Piblik Boston kapab detèmine si kou l te pran avan yo kapab konte an favè l pou egzijans yo mande pou diplòm nan.

### Elèv ki Genyen Andikap

Elèv ki gen enfimite yo dwe pase tout klas yo epi yo dwe ranpli tout regleman yo mande yo pou yo ka diplome. Plan Edikasyon Endividyèl (IEP), oswa Plan Seksyon 504 yon elèv pral dekri anba ki kondisyon elèv la kapab pran egzamen ofisyèl yo pou chak matyè, oubyen ankò si kondisyon elèv la reklame yon evalyasyon altènatif. Evalyasyon altènatif yo fèt pou yon ti gwoup elèv tou piti ki gen pwoblèm trè grav epi ki pa ka pran tès MCAS yo, menmsi yo ta fè kèk aranjman pou yo. Plan 504 pou yon elèv ap dekri ki sa ki dwe fèt pou akomode elèv la (fè aranjman pou li), si toutfwava gen nesèsite pou sa.

### Nòt Ki Pèmet Elèv Pase Kou Yo

Pwofesè yo baze nòt yo bay elèv yo sou plizyè pwen, tankou :

- nòt yo fè nan egzamen yo pran nan klas yo
- pwen pou travay pwojè—tankou pa egzanzp : rapò sou yon liv oubyen pwojè syans. Regleman Pwomosyon yo mande pou nòt elèv yo resevwa pou pwojè sa yo reprezante omwen 20% nòt final pou kou a
- devwa lakay
- patisipasyon nan diskisyon ak aktivite nan klas la
- kaye nòt
- tès nou bay nan tout vil la nan matyè Anglè, matematik, istwa/syans sosyal ak syans/teknoloji.

Pou pase yon klas pou nenpòt ki kou, tès nan sal de klas, ak lòt devwa, dwe reprezante 60% oswa plis.

### Kenbe Tras Pwogrè

Paran yo kapab kenbe tras pwogrè pitit yo alèd :

- kouvèti dèyè Gid sa a)
- konferans paran-pwofesè
- rapò endividyèl sou rezilta tès leta yo
- revizyon nan devwa, tès, ak kaye
- rapò sou pwogrè pou elèv ki gen andikap, distribye avèk kanè, ki dekri kijan elèv yo ap fè nan atenn objektif ki endike nan IEP yo.
- Revize enfòmasyon Aspen SIS elèv la. Fanmi yo ak elèv yo ka konekte pou kontwole pwogrè akademik elèv yo epi angaje yo nan lekòl yo.
- Pou elèv k ap aprann anglè yo, paran yo resevwa yon rapò fen ane a sou pwogrè pitit yo fè nan aprann anglè. Si pitit ou a pa fè pwogrè, distri a oblije enfòme ou sou opsyon ak resous ki nesèsè pou sipòte pitit ou. Sa ka mande pou yon reyinyon avèk pwofesè a ak direktè lekòl la. Li trè enpòtan ke ou li epi reponn a lèt la.



# Regleman pou Elèv Pase Klas Yo ak Prezans nan Lekòl

Anplis regleman pou kou yo, elèv yo dwe satisfè lwa eta a ak regleman BPS konsènan prezans nan lekòl la. Vini lekòl san rate yon jou mache bradsi-bradsou ak sikse nan lekòl. Elèv k ap pede rate jou lekòl – ki rate 10% ou plis jou lekòl pandan kèlkeswa peryòd tan an— gen plis tandans pou yo rekile nan klas yo ak difikilte pou yo rete sou bon chemen nan afè lekòl yo alontèm. Anplis, elèv ki prezan tout tan gen plis tandans montre konpetans nan egzamen MCAS yo.

## Regleman Prezans nan BPS

1. yon elèv dwe prezan pou omwen mwatye jounen an pou n make l “prezan”. Verifye avèk prensipal oswa direktè lekòl la pou w konnen ki sa yo konsidere kòm yon demi jounen. Nan pifò lekòl, men kouman yo konsidere l :
  - 3zèd tan nan lekòl elemanè
  - 3zèd tan ak 5 minit nan lekòl mwayèn
  - 3zèd tan ak 10 minit nan lekòl segondè.
2. Elèv ki rive lekòl apre jounen an fin kòmanse dwe suiv regleman reta nan lekòl la pou lekòl la kapab konsidere yo prezan pou jounen an.
  - Tanpri note ke Komite Skolè Boston an te apwouve yon regleman revize sou afè prezans, k ap an vigè pou ane skolè 2021-2022 a. Kèk chanjman kle k ap genyen ladan l :
    - Lekòl yo p ap kapab konvèti reta yo an absans, lekòl segondè yo enkli.
    - Pou rann notasyon sou baz konpetans pi fasil toupatou nan distri a, lekòl yo pa ka bay elèv yo nòt zewo kredi “No Credit (NC)”. Nou founi machasiv suivan an konsènan ratrapaj kredi pou elèv yo :
      - Nòt pou pase yon kou dwe baze sou konpetans, e prezans elèv la kapab afekte sa akòz devwa klas oswa devwa kay ke l ka manke, men sa pa dwe anrapò ak prezans ak patisipasyon sèlman.
      - Li esansyèl pou lekòl yo fè sansilibizasyon sa yo pi bonè, e pi souvan, pou elèv sila yo ki an danje pou yo echwe yon klas.
      - Kòm yon altènatif, lekòl yo ka bay yon elèv yon nòt enkonplè “incomplete” pou rann posib ratrapaj yon aprantisaj ekita.
      - Nan tout ka sa yo, yo dwe bay yon elèv ki p ap fè ase nòt pou l pase klas li opòtinite ak responsabite pou l ratrape, nan yon fason ekita, nenpòt mankman oswa travay ratrapaj li te manke pandan yon peryòd notasyon, dekwa pou l resevwa yon nòt ki sifi pou l pase.

## Lage Bonè

Li enpòtan pou pitit ou prezan lekòl la pandan dire jounen an. Se sèl nan ka ijans li dwe lage bonè, epi administratè lekòl yo dwe resevwa yon notifikasyon sou sa pou verifye e apwouve rezon ki mande pou l lage bonè a.

## Absans ki Eskize yo

Genyen kèk absans nou kapab eskize, ki vle di nou p ap konsidere yo si yo anrapò ak yon referans ki sot nan tribinal absanteyis, sot nan men yon Sipèvizè Prezans anba Lwa Jeneral eta Massachusetts la (M.G.L. c.119). Sepandan, li enpòtan pou n konprann ke tout tan ansèyman ki pèdi ka genyen enpak negatif sou rannman yon elèv. Anplis de sa, tout absans yo enkli si yo anrapò avèk absanteyis kwonik (absans ki rive souvan), kit absans lan eskize, kit li pa eskize. Pou n kapab eskize yon absans, fòk elèv yo pote yon lèt apre chak jou yo absan.

- Lèt la dwe genyen dat yo te absan an, rezon pou absans lan, yon nimewo telefòn kote yo ka rele paran an oubyen responsab la ak siyati paran, oswa siyati moun k ap pran swen elèv la, ki voye lèt la.
- Nou dwe resevwa lèt la infwa ke elèv la retounen lekòl, pa pi ta ke sèt jou apre dat abasans lan.
  - Pami absans ki jistifye, se :

- yon maladi oswa yon domaj ki anpeche elèv la vin lekòl.
- Si maladi a oswa ospitalizasyon an koz absans twa jou, oswa plis, youn aprè lòt, dwe genyen yon nòt ki sot nan men yon founisè swen sante ki tache ak lèt paran an/gadyen responsab la ki dokimante pwoblèm sante a oswa ospitalizasyon an.
- Nou pa atann pou paran yo/moun k ap pran swen elèv yo genyen yon lèt ki sot nan men yon founisè swen sante pou yon maladi ki dire mwens ke twa jou.
  - Nou kapab ajiste egzijans sa yo sou baz kèk machasiv sante piblik patikilye. Kontakte enfimye lekòl ou a konsènan nenpòt kesyon oswa chanjman nan regleman sa a ki baze sou kèk sikonstans patikilye.
  - Lanmò yon fanmi pwòch (paran/moun k ap pran swen elèv la, sè, frè, granparan, matant, monnonk, kouzen) oubyen yon gwo kriz pèsone, oubyen tou yon kriz enpòtan nan fanmi an
  - Sispanasyon : Nou dwe make yon elèv anba sispanasyon. Nan ka sispanasyon yo, lekòl la ap bay opòtinite pou elèv la mentni pozisyon l nan afè lekòl li nan fason l va bay li yon lis devwa ak lòt sèvis ki ka rann elèv la itilize tan l pase andeyò lekòl la nan yon fason ki pwodiktif.
  - Elèv nou deziyen pou pwogram “Succeed Boston” nan ap resevwa devwa nan men lekòl deziyen an epi n ap make li kòm anba sispanasyon.
  - Konvokasyon (konparèt) nan tribinal : Elèv yo dwe prezante prèv egzijans konvokasyon tribinal la pou yo konparèt.
  - Egzamen medikal oubyen egzamen sikolojik pandan jounen lekòl la : Paran yo/moun k ap pran swen elèv yo dwe bay prèv (tankou yon biyè sant sante a bay) ki di egzamen an pa t ka fèt okenn lòt lè apre jounen lekòl la.
  - nan kèk ka : vizit nan lekòl edikasyon espesyal pou elèv ki enfim yo.
  - Lòt sityasyon : Detanzantan, kèk sityasyon ke lekòl la, paran an/moun k ap bay swen an, ak elèv la pa gen twòp kontwòl sou yo, osinon pa gen kontwòl ditou sou yo, ka lakoz kèk absans (pa egzanz : transpòtasyon ki pa opere nan move tan/move tanperati). Absans sa yo ka jistifye/ka eskize. Direktè lekòl la ka detèmine ke yo ka make elèv ki sibi enpak sa yo avèk yon absans ki eskize/ki jistifye.
  - Kèk lòt sityasyon ekstraòdinè, tankou ijans fanmi, jan Konsèy Lokal Lekòl la ta apwouve yo.
  - Jou fèt kiltirèl oswa relijye.
- Ou kapab jwenn kèk enfòmasyon konsènan absans ki eskize yo nan Sikilè Sipèntandan an sou afè prezans “Superintendent Circular for attendance” (ACA-18).
- Absans ki pa satisfè kritè ki mansyone anwo yo ap konsidere kòm absans ki pa eskize. Nan tout sityasyon absans elèv yo, nou dwe bay elèv yo chans pou yo ratrape nenpòt travay oswa aprantisaj yo te rate pandan trimès la.

## Ki sa ki yon Absans ki pa Eskize ?

Gen paran ki panse kèlkanswa absans lan li eskize depi yo voye yon biyè lekòl la. An reyalyite, sa pa mache konsa. Men kèk egzanz absans ki pa eskize – menm si paran an voye yon biyè :

Abasans k ap pede repete e kwonik akòz yon maladi oswa blesi, san founisman yon lèt ki sot nan men yon founisè swen sante ki verifye ke elèv la te swa twò malad oswa blese pou l te al lekòl. Elèv ki p ap prezan lekòl pou 14 jou oswa plis pandan ane skolè a akòz yon maladi oswa yon blesi - yo dwe refere yo bay Pwogram Ansèyman Lakay ak nan Lopital la “Home and Hospital Instruction Program” (gade nan paj 25).



# Règleman Pwomosyon ak Prezans nan Lekòl (kont.)

- Elèv la te bezwen gade timoun
- Elèv la al nan fè woul (sa gen ladan l antre lekòl la epi kite lekòl la bonè)
- Fanmi an al an vakans pandan moman lekòl la an fonksyon
- Elèv la al vizite peyi natif natal li depase lè vakans lekòl la
- Pwolongasyon yon konje relijiye oswa kiltirèl pi long pase tan ki te bay nan kalandriye lekòl la.

Si paran an pa twò si, si yon absans ap eskize, depi sa posib, li dwe kontakte direktè lekòl la anvan li aksepte pou pitit li pa al lekòl. Pwofesè pa gen otorite pou eskize yon elèv lè li pa vin lekòl.

Yo dwe bay elèv yo opòtinite ak responsabilite pou yo ratrape, nan yon fason ekitab, nenpòt mankman oswa travay ratrapaj yo te manke pandan yon peryòd notasyon, dekwa pou yo resevwa yon nòt ki sifi pou yo pase.

Si yon elèv gen kat ou plis absans ki pa eskize, y ap refere l nan Ekip Sipò Elèv yo (SST : Student Support Team). SST a ap analize ka a epi l ap devlope yon plan avèk fanmi an pou yo ka ede elèv la prezan pi souvan nan klas li.

- ➔ Pou w kapab li Règleman Prezans ak Ponktyalite a okonplè, souple ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/SuptCirculars](https://www.bostonpublicschools.org/SuptCirculars)

epi klike sou katab “Attendance” la. Règleman sa a rele ACA-18.

## Ponktyalite

Elèv ki rive lekòl aprè jounen lekòl la fin kòmanse, ap an reta. Yo dwe suiv pwosesis ki etabli pou reta yo pou yo kapab konsidere yo prezan pou jounen an. Nou atann aske tout elèv vin lekòl alè chak jou. Se yon regleman Komite Skolè Boston (apwouve 24 Me, 2006) ki di nou dwe pèmèt elèv ki an reta antre nan lekòl yo epi pou nou pa eskli yo.

Li enpòtan pou nou sonje ke egzijans pou nou kite elèv ki an reta yo antre lekòl yo pa vle di ke nou dwe diminye nan regleman sila yo ki kouvri zafè prezans ak reta.

## Sipèvizè Prezans yo

Nan tèt ansanm avèk anplwaye ki baze nan lekòl yo, sipèvizè ki kontwole prezans nan lekòl yo pou BPS, mennen ankèt sou pwoblèm prezans, e founi sipò prevansyon ak entèvansyon pou pran swen pwoblèm prezans kwonik (sètadi ki rive souvan). Yo travay nan kominote a, yo fè vizit lakay, epi yo bay elèv yo ak fanmi yo konsèy. Lè sa nesèsè, sipèvizè ki kontwole prezans nan lekòl yo depeze e reprezante ka kwonik yo devan Tribinal pou Timoun la nan Boston.

## Sipò pou Elèv ki Bezwen Èd Andiplis Pou Pase Klas Yo

Rive nan fen mwa septanm, chak lekòl dwe fè paran yo konnen non ak nimewo telefòn anplwaye lekòl la pou yo ka rele si yo gen enkyetid sou pwogrè pitit yo.

Nan mitan chak trimès, lekòl la dwe voye “nòt avètisman” pou paran elèv sila yo ki kouri risk pou yo pa pase. Kalandriye trimès yo anndan kouvèti dènye paj Gid sa a.

Rive nan mitan mwa oktòb la, pwofesè yo dwe idantifye elèv sila yo ki kouri gwo risk pou yo pa rive atenn kritè ak egzijans nivo klas yo a. Yo dwe notifiye paran yo sou pwoblèm nan alekri. Lekòl la ka konsidere plizyè fason pou l ede elèv yo pou yo avanse, tankou :

- bay elèv yo leson patikilye pandan lekòl ap fonksyone osinon apre lekòl lage
- yon chanjman nan orè a oubyen yon chanjman pwofesè
- refere elèv la a sèvis sipò òganizasyon kominotè yo.

Nan fen 2yèm tèm nan (2yèm trimès la), lekòl yo dwe voye yon avètisman alekri bay paran elèv ki kontinye kouri risk pou double klas yo. Apati mwa fevriye rive nan mwa jen, lekòl la ap kenbe kontak alekri ak paran sa yo, pou l mete yo okouran sou pwogrè pitit yo a. Lekòl la dwe kenbe kopi lèt sa yo nan dosye yo.

## Plan Konpetans nan Edikasyon

Elèv lekòl segondè ki pa t satisfè oswa depase nivo pèfòmans Konpetans la (ki pa t fè nòt 472 pou pi piti nan egzamen pwochè jenerasyon an oswa yon ekivalan 240 nan ansyen egzamen MCAS klas 10yèm ane a nan Gramè ak Literati Anglè (ELA) ak/oswa yon minimòm 486 nan egzamen pwochè jenerasyon an oswa yon ekivalan 240 nan egzamen MCAS klas 10yèm ane a nan Matematik), dwe gen yon Plan Konpetans nan Edikasyon (EPP) pou ede yo rive nan nivo konpetans. Direktè lekòl la responsab pou l chwazi yon anplwaye pou devlope, aplike, epi kowòdone EPP yo. Plan EPP a gen ladan l :

- Yon revizyon pwèn fò elèv la ak feblès li ki baze sou rezilta MCAS ak rezilta lòt evalyasyon, travay li nan klas la, nòt li fè nan klas la ak opinyon pwofesè yo ;
- Kou elèv la dwe pran epi konplete avèk siksè nan klas 11yèm ak 12yèm ane nan domèn matyè apwopriye a (yo) ; epi

- Yon deskripsyon evalyasyon elèv la dwe pran chak ane pou detèmine si l ap fè pwogrè pou l devni konpetan.

Elèv ki gen yon plan EPP dwe ranpli kondisyon ki nan EPP a epi satisfè oswa depase minimòm nivo Bezwen Amelyorasyon an (yon nòt 220 pou pi piti) nan egzamen MCAS klas 10yèm ane an nan Gramè ak Literati Lang Anglè ak Matematik (oswa yo dwe akòde yo yon Apèl/ Kontestasyon Pèfòmans MCAS pou matyè a) dekwa pou yo kapab diplome.

Pou plis enfòmasyon sou EPP a, monte sou sit entènèt : <https://www.doe.mass.edu/ccte/ccr/eppl/>

Tanpri mande direktè pitit ou a pou plis enfòmasyon sou EPP yo.

## Akademi Akselerasyon

Akademi Akselerasyon fèt pandan semèn vakans yo an fevriye ak avril. Yo ofri pwogram ansèyman entansif pou elèv 3yèm jiska 12yèm ane ki bezwen koutmen anplis pou ede yo nan angle ak matematik ki fè pati lekòl sila yo nan distri a ki bay pi move rannman.

**Akademi Aprantisaj Ete** Elèv ki nan jadenfanfank jiska 12yèm ane ap jwenn envitasyon nan Akademi Aprantisaj Ete a (“Summer Learning Academies”) selon priorite suivan yo :

1. Elèv ki poko satisfè mezi nivo ane BPS yo, osinon ki an danje pou yo pa pase pou al nan lòt nivo klas annapre a
2. Elèv ki ta kapab benefisye nan yon eksperyans solid an ete pou fè pwogrè epi pare pou lòt ane a
3. Elèv ki rezonabman kapab fè ase pwogrè akademik nan senk semèn pou pase ale nan nivo klas annapre a.
4. Elèv ki pa kalifye pou ESY (Ane Lekòl Pwolonje) epi ki pa enskri nan pwogram EL ke distri a dirije.

## Ratrapaj Kredi Lekòl Segondè

Elèv ki nan klas 9yèm jiska 12yèm ane, ki pa t pase youn oswa plis ke youn kou prensipal, epi ki pa t absan depase 30 jou pandan ane skolè regilye a, kapab enskri nan yon Akademi Aprantisaj Ete pou Ratrapaj Kredi Lekòl Segondè. Pwogram sa yo bay elèv yo yon chans pou ratrape kredi klas yo

# Sipò pou Elèv ki Bezwen Èd Andiplis Pou Pase Klas Yo

epi fè nòt yo bezwen pou yo pase al nan klas pi wo a epi pou yo kapab diplome. Yo ofri tout matyè debaz yo. Elèv yo gen chans tou pou yo ta patisipe nan kou sou entènèt, ki pèmèt elèv yo opòtinite pou yo rebran kou yo pa t pase yo. Elèv yo kapab pran jiska de (2) kou an pèsòn oswa sou entènèt.

## Double Yon Klas

Asosyasyon Nasyonal Sikològ Lekòl yo di ke retni yon elèv pou l double “pwobableman p ap rezoud pwoblèm yon timoun ap afwontè” e ke fè elèv la ale nan yon klas siperyè “san okenn sipò anplis pwobableman p ap yon solisyon efikas nonpli”. An jeneral, rechèch montre ke timoun yo fè double yon klas pa amelyore avèk letan. Si yon desizyon fèt pou fè yon elèv double (retni li), li esansyèl pou n etabli ki sa n ap fè diferaman nan klas l ap double a. Machasui ki masyone anba a dekri pwosesis priz desizyon an pou pwomosyon oswa retansyon yon elèv.

Nou dwe konsidere retansyon (double yon klas) sèlman lè genyen yon mankman prèv ki montre elèv la “ap satisfè oswa depase nòm esansyèl yo ; “ desizyon sa yo dwe baze sou prèv. Pou n konsidere yon elèv pou retansyon (pou l double), dwe genyen prèv kèk lòt entèvansyon :

1. Ekip Revisit Elèv “Student Success Team” lekòl la dwe evalue elèv

la avèk èd divès egzijans standa ak rannman aktyèl elèv la nan afè lekòl.

2. Prèv yon plan entèvansyon ki klè ke pwofèsè a te devlope, ki genyen ladan l kèk pwèn kontwòl avèk fanmi an, pou asire komunikasyon ki fèt atan e souvan
3. Pwomosyon an ka depann sou patisipasyon ak akonplisman pwogram ete a avèk siksè.
4. Direktè lekòl la ap gen dènye mo a (aprè l fin pale avèk tout pati enterese yo).

## Chemen Altènatif pou Diplome nan Lekòl Segondè

Lekòl Piblik Boston yo ofri yon pakèt lòt pwogram pou ede jèn moun ak sila yo ki pi gran, ki te kite lekòl anvan lè, yon lòt chans pou resevwa diplòm lekòl segondè yo osinon yon sètifika ekivalan ki rele HiSET (kredi egal a kredi lekòl segondè).

- ➔ Depatman Edikasyon pou Granmoun ak Sèvis Kominotè (Adult Education & Community Services), telefòn : .....617-635-9300
- ➔ Sit entènèt BPS : [www.bostonpublicschools.org/adulted](http://www.bostonpublicschools.org/adulted)
- ➔ Sant Re-engajman - “Re-engagement Center” (pou elèv ki te kite lekòl epi ki vle retounen) 617-635-2273

# Evalyasyon : Mezire Pwogrè ak Akonplisman Elèv yo

Aprantisaj se yon pwosesis kontinyèl. Pandan tout ane skolè a, pwofèsè yo teste oswa evalue elèv yo sou sa yo aprann ak sou sa yo ka fè, dekwa pou yo kapab reponn a bezwen elèv yo pi byen. Evalyasyon yo kapab sèvi diferan objektif, sa depann de lè yo bay yo ak tip evalyasyon an. Evalyasyon yo genyen ladan yo tès ki mande papyè ak kreyon, tès sou òdinatè, rapò oral ak rapò alekri, pefòmans ak pwojè.

- ▶ Pou tès espesifik yo bay nan chak nivo klas yo, souple al gade nan paj 18 (Jadendanfan rive nan klas 5yèm Ane), paj 20 (klas 6yèm jiska 8yèm Ane) ak paj 22 (klas 9yèm jiska 12yèm ane).
- ▶ Pou enfòmasyon sou rannman pitit ou a, pale ak pwofèsè a oswa direktè lekòl la.
- ▶ Pou kalandriye evalyasyon 2021-2022 a, konsilte sit entènèt : [bostonpublicschools.org/page/4753](http://bostonpublicschools.org/page/4753)
- ▶ Pou kesyon jeneral sou evalyasyon, konsilte sit : [bostonpublicschools.org/mcas](http://bostonpublicschools.org/mcas)

## MCAS

Tout elèv ki nan yon lekòl piblik nan klas 3yèm-10yèm ane nan Massachusetts te pran egzamen evalyasyon standadize yo bay nan tout eta a, ki rele **MCAS (Sistèm Evalyasyon Okonplè nan Massachusetts)**. Matyè nou teste nan MCAS la varye selon nivo klas yo, epi l genyen ladan l ELA (Gramè ak Literati Angle), matematik, ak syans ak tenkonloni/enjenyè (STE).

Nouvo evalyasyon MCAS 2.0 Pwochenn Jenerasyon an, ke yo te kòmanse bay pou la premye fwa nan Prentan 2017, te kreye pou l predi preparasyon elèv la pou kolèj (inivèsite) epi l aliyan a standa aktyèl kourikoulòm eta Massachusetts la. Egzamen yo fèt yon jan pou yo ka pran yo sou yon òdinatè, men gen kèk vèzyon papyè ak kreyon tou ki disponib.

Edikatè, paran, ak elèv itilize rezilta egzamen sa yo pou :

- suiv pwogrè elèv yo
- idantifye fòs, feblès ak twou vid ki genyen nan kourikoulòm nan (pwogram etid la) ak nan ansèyman yo
- rasanble kèk enfòmasyon yo ka itilize pi devan pou ede elèv yo bay pi bon rezilta
- idantifye elèv ki ka bezwen plis sipò akademik
- idantifye pwogrè akademik elèv yo fè, lè yo pase sot nan yon klas al nan pwochèn klas la.

Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè Massachusetts la (DESE) itilize rezilta MCAS ak lòt done pou detèmine si lekòl yo ak distri a satisfè egzijans pou amelyore pefòmans elèv yo. Anplis de sa, DESE bay rapò sou pwogrè ak pefòmans lekòl yo ak distri yo sou baz rezilta MCAS yo. Pou plis enfòmasyon, gade nan paj 53.

## Regleman MCAS pou Diplome

Pou yon elèv ka resevwa diplòm lekòl segondè li, li dwe pase yon Detèminasyon Konpetans “Competency Determination (CD)” nan Gramè ak Literati Lang Anglè (ELA), Matematik, ak Syans ansanm ak Teknoloji/Jeni (STE) an menm tan li dwe fè mwayèn li tou nan tout matyè yo, e li dwe satisfè egzijans prezans yo. [Pou yon elèv genyen yon Detèminasyon Konpetans (“CD”), li dwe fè yon nòt 240 nan ansyen egzamen “legacy” MCAS la pou klas 10yèm ane nan egzamen ELA la (Gramè/Literati Angle) ak egzamen Matematik la (oswa yon nòt 472 nan egzamen MCAS pwochèn jenerasyon nan (“next-generation”) nan egzamen ELA a ak yon nòt 486 nan egzamen pwochèn jenerasyon Matematik la) ; epi fè yon nòt de omwen 220 sou echèl nan egzamen STE ansyen MCAS “legacy” a nan youn nan kat matyè suivan yo (Biyoloji, Chimi, Fizik Entwodikatif, oswa Teknoloji/Jeni). Elèv ki resevwa yon nòt ant 220 e 238 nan egzamen ELA (Gramè/Literati Angle) ak egzamen Matematik klas 10yèm ane a dwe konplete yon Plan

# Evalyasyon

Konpetans nan Edikasyon (EPP) avèk sikse.] Pou yon elèv genyen yon Detèminasyon Konpetans (CD) nan ELA (Gramè/Literati Angle) ak/oswa Matematik, li dwe atenn yon nivo rannman de “Konpetans” oswa “Avanse” nan egzamen MCAS klas 10yèm ane a. Elèv ki fè nòt sou yon nivo rannman de “Bezwen Amelyorasyon” nan ELA (Gramè/Literati Angle) ak/oswa matematik dwe satisfè tou egzajans yon Plan Konpetans nan Edikasyon (EPP), ki se yon plan patikilye ki genyen ladan l kèk travay anplis ak yon eleman evalyasyon. (Gade paj 15.) Pou yon elèv pase yon CD nan STE, li dwe atenn yon nivo pèfòmans “Bezwen Amelorasyon” (« Needs Improvement ») nan youn nan egzamen syans MCAS yo (Biyoloji, Fizik, Chimi, oubyen Teknoloji/Jeni).

## Pwosesis Detèminasyon Konpetans Modifye

Akoz ijans viris COVID-19 la, Konsèy Edikasyon Elemantè e Segondè a (BESE) te vote pou yon modifikasyon tanporè nan egzajans Detèminasyon Konpetans yo pou kèk elèv lekòl segondè ki pa t pase MCAS la. Anba chanjman sa a, genyen kèk elèv ki ka resevwa Detèminasyon Konpetans yo (CD) lèske yo konplete yon kou lekòl segondè ekivalan avèk sikse, selon kritè suivan yo :

Pou elèv ki fè pati klas 2020 - 2022 yo, y ap akòde yo Detèminasyon Konpetans lan (CD a) nan chak nan matyè yo, konsa :

Pou Gramè ak Literati Anglè ak Matematik – lèske distri a sètifye ke elèv la resevwa kredi konplè pou yon kou pètinan ki aliye avèk estrikti pwogram etid apwopriye a, e montre l konpetan nan matyè sa a.

Pou syans ak Teknoloji/Jeni – lèske distri a sètifye ke elèv la resevwa kredi konplè pou yon kou pètinan ki aliye avèk estrikti pwogram etid apwopriye a, e montre l konpetan nan youn nan kat matyè syans suivan yo (Biyoloji, Chimi, Fizik Entwodiktif, oswa Teknoloji/Jeni) panda karyè l nan lekòl segondè.

Pou elèv ki fè pati klas 2023 a, n ap bay Detèminasyon Konpetans (CD) nan Syans ak Teknoloji/Jeni lèske distri a sètifye ke elèv la resevwa kredi konplè pou yon kou pètinan ki aliye avèk estrikti pwogram etid apwopriye a, e montre l konpetan nan youn nan kat matyè syans suivan yo (Biyoloji, Chimi, Fizik Entwodiktif, oswa Teknoloji/Jeni) panda karyè l nan lekòl segondè.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis Detèminasyon Konpetans (CD) modifye a, tanpri kontakte direktè lekòl la oswa Konseye Sipò Elèv lekòl pitit ou a.

## Apèl pou Pèfòmans MCAS

Elèv ki pa pase egzamen lekòl segondè MCAS yo premye fwa yo pran yo, ka repan yo aprè yo fin kite lekòl segondè. Si yon elèv te pran e pa t pase egzamen MCAS Gramè ak Literati Anglè a (ELA) ak egzamen Matematik la omwen twa fwa (oswa Evalyasyon Altènatif MCAS la 2 fwa), e li satisfè egzajans prezans yo ak egzajans leson patikilye yo, elèv la ka elijib pou l genyen yon Apèl/Kontestasyon pou Pèfòmans MCAS nan ELA ak/oswa nan Matematik depoze an favè li. Akoz pandemi COVID la, elèv ki fè pati klas 2021 ak 2022 ka resevwa egzajans pou egzajans apèl la pou yo pran MCAS ELA la ak/oswa Matematik la yon minimòm twa fwa si yo te pran egzamen MCAS sa yo omwen de (2) fwa.

Pou yon elèv gen dwa pou yo fè yon Demann Apèl (konsiderasyon) pou li nan MCAS pou Syans, li ta dwe pran egzamen sa a omwen yon fwa (oswa konplete yon Evalyasyon Altènatif MCAS yon fwa), epi fòk li toujou ap suiv youn nan kou Syans yo (oubyen li fini ak klas 12yèm ane li), epi l satisfè egzajans prezans yo ak egzajans leson patikilye yo.

Pou w jwenn yon deskripsyon pwosesis Apèl MCAS la ak egzajans yo

pou elijibilite, tanpri al sou sit entènèt BPS la.

Pale ak direktè lekòl la pou w konnen si pitit ou a gen dwa pou l mande Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la rekonsidere ka pa l la.

**Pou plis enfòmasyon sou MCAS, konsilte sit entènèt sila yo :**

► [bostonpublicschools.org/mcas](https://bostonpublicschools.org/mcas)

► [doe.mass.edu/mcas](https://doe.mass.edu/mcas)

► [doe.mass.edu/mcas](https://doe.mass.edu/mcas) > test questions (sijè nan tès la rive jis an 2021)

## ACCESS pou Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELLs)

Konfòm a egzajans lwa federal ak lwa eta yo, nou evalye tout elèv k ap Aprann Anglè yo ki nan klas jadendanfan K2 jiska 12yèm ane chak ane avèk èd evalyasyon “ACCESS for ELL” la (ACCESS siyifi: Evalye Konpreyansyon ak Kominikasyon an Angle Eta-a-Eta pou Elèv k ap Aprann Anglè yo). Evalyasyon sa a mezire konpetans elèv yo nan angle nan tandè, pale, lekti, ak ekri. Nou mete paran elèv k ap Aprann Anglè yo okouran sou pwogrè pitit yo ap fè pou atenn estanda konpetans yo nan angle chak ane.

### Kesyon Moun Poze Tout Tan

#### Eske tout elèv gen pou yo pran MCAS ?

Wi, tout elèv ki enskri nan lekòl piblik nan Massachusetts, ki nan klas k ap sibi egzamen yo dwe patisipe nan egzamen MCAS yo. Pami yo, menm lekòl Pilòt yo ak lekòl sou kontra yo “Chatè” yo, dwe pran tès MCAS yo. Anplis de sa, elèv edikasyon espesyal yo ki nan lekòl prive, ke BPS finanse, oblije teste tou.

#### Ki jan pou m fè konnen rezilta MCAS 2021 pitit mwen an ?

Paran yo ap resevwa rapò tès MCAS pitit yo a swa pa lapòs oubyen nan men lekòl la. N ap jwenn rezilta prentan 2021 MCAS yo an otòn 2021.

#### E si pitit mwen an nan Edikasyon Espesyal ?

Tout elèv ki nan Edikasyon Espesyal yo oblije pran tès yo, men sila yo ki gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) oswa plan Seksyon 504 ka pran desizyon pou jwenn kèk aranjman apwopriye pou tès la. Yon aranjman pou tès la se ti chanjman ki ka fèt nan fason yo bay tès la, osinon fason pou elèv la reponn kesyon ki nan tès la, dekwa pou elèv la gen tout chans li pou l montre sa li konnen ak sa li ka fè. Fason y ap bay egzamen yo dwe ekri byen klè nan Pwogram Edikasyon Pèsonalize a (IEP) oubyen plan Seksyon 504 la. Elèv ki gen bezwen edikasyon espesyal k ap bezwen yon evalyasyon altènatif ap pran tès Altènatif MCAS yo (MCAS-Alt.)

#### E si pitit mwen an se yon Elèv K ap Aprann Anglè ?

Tout Elèv k ap Aprann Anglè yo dwe patisipe nan tout egzamen MCAS yo ki pwograme pou klas yo. Sèl esepyon se pou elèv ki nan premye ane enskripsyon yo nan lekòl oz Etazini ; pou elèv sa yo : egzamen ELA (Gramè ak Literati Angle) MCAS la opsyonèl.

Anplis, tout elèv k ap aprann pale Anglè yo ki nan klas K2-12yèm Ane, kèlkeswa kantite ane yo enskri nan lekòl oz Etazini, dwe pran tès evalyasyon konpetans nan lang angle anyèl eta a, ki rele “Evalye Konpreyansyon ak Kominikasyon Elèv K ap Aprann Pale Anglè yo Eta pa Eta” (“Assessing, Comprehension and Communication in English State-to-State for English Learners (ACCESS for ELLs)”). Tès “ACCESS for ELLs” la kontwòle pwogrè nan aprantisay angle akademik nan lekti, ekri, tandè, ak pale.



## Yon Rezime Egzijans yo pou Pwomosyon Lekòl Elemantè (klas 1ye jiska 5yèm ane)\*

Pou yon elèv pase klas 5yèm ane a, li dwe...

- pase Gramè ak Literati Lang Anglè (ELA)/Anglè Kòm Dezyèm Lang (ESL) chak ane
- pase matematik chak ane
- pran syans ak istwa chak ane
- pase yon total twa kou sou kat kou syans ak istwa nan klas 4yèm-5yèm ane
- pran kou edikasyon fizik chak ane
- pran kou edikasyon sou sante/VIH (SIDA) nan klas 4yèm ane
- fè 90 èdtan nan klas ki anrapò ak atizay chak ane (an mwayèn 30 minit chak jou).

\*Konsèy Lokal Lekòl la ka vote pou mete plis regleman pou lòt kou ak tès ki depase sa ki ekri nan paj sa yo.

## Evalyasyon Elèv yo pran nan Lekòl Elemantè (Primè)

Evalyasyon	Nòt	Objektif
Evalyasyon Pwogram Etid nan Fen Inite a	2-5	Evalyasyon konsèp ki anseye pandan 4 a 6 semèn presedan yo nan chak matyè
LAP-D (evalyasyon) EVT Egzamen MAP pou Evalye Lekti	K0-K2 K1 K2-2	Siveye e obsève devlopman konpetans ki apwopriye pou laj elèv la. Mezire vokabilè ekspresif ak abilte pou raple mo. Lekti san pwoblèm ak konpreyansyon omwen 3 fwa nan ane a.
Next Generation MCAS 2.0 (MCAS Pwochèn Jenerasyon 2.0)	3 4 5	ELA (gramè/literati angle) ak matematik ELA (gramè/literati angle) ak matematik ELA, matematik, ak syans ak teknoloji/enjenyè (jeni)
ACCESS pou Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELLs)	K2-5	Kapasite pou li ak ekri an Anglè, pale ak tandè lang Anglè pou elèv k ap Aprann Lang Anglè yo
Evalyasyon Nasyonal sou Pwogrè nan Edikasyon (NAEP)	4	Li mezire sa elèv yo oz Etazini konnen e ka fè nan plizyè matyè (yo bay li chak dezan) nivo klas yo.
Evalyasyon Pwovizwa BPS	2-5	Konpetans standa ELA (gramè/literati angle) ak matematik sou nivo klas yo.
Lekti pou Kwasans MAP	3-5	Yon evalyasyon inivèsèl pou lekti ki founi yon mezi pou kwasans (ant 2 administrasyon evalyasyon)

## Rekòmandasyon pou Devwa

Devwa Lakay (oswa "Home Links" nan klas jadendanfan K jiska 2yèm ane) se yon mwayen enpòtan pou ankouraje kolaborasyon ant lakay ak lekòl. Anplis, li amelyore abilte ak konsèp elèv la devlope lekòl, epi l ankouraje devlopman disiplin ak responsabilite pèsònèl lakay li.

**JADENDANFAN** : Chak semèn timoun yo pote lakay yo yon meni aktivite "Home Links" nou sijere pou yo fè ansanm ak fanmi yo. Aktivite sa yo baze sou konsèp ak abilte timoun yo ap aprann nan klas yo. Fanmi yo chwazi omwen twa aktivite nan meni a pou yo fè pandan semèn nan.

**Tan ki rekòmande pou devwa yo an mwayèn**: 30 minit pa jou (Lekti : 20 minit ; lòt aktivite 10 minit)

Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt : [www.bpsearlylearning.org/our-curricula](http://www.bpsearlylearning.org/our-curricula)

**KLAS 1ye-2yèm ane** : Chak semèn timoun yo pote yon feyè aktivite "Home Links" lakay yo oswa yon lòt feyè aktivite ki anrapò ak inite etid la, leson patikilye y ap fè nan klas la, standa nesesè yo (ELA, Matematik, Istwa ak Syans Sosyal, Syans ak Enjenyè/Jeni) ak pratik sou kèk abilte yo bezwen.

**Tan ki rekòmande pou devwa yo an mwayèn** : 30 minit pa jou (Lekti : 20 minit ; lòt aktivite 10 minit)

Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt : [www.bpsearlylearning.org/our-curricula](http://www.bpsearlylearning.org/our-curricula)

**KLAS 3yèm-5yèm ane** : Devwa yo dwe santre sou matyè ki pi enpòtan yo epi yo dwe parèt sou plizyè kalite fòm diferan. Pa egzanp, sa ka gen ladan l egzèsis oral ak ekriti, etid, lekti pou plezi, devwa ekri ak preparasyon rapò.

**Tan ki rekòmande pou devwa yo an mwayèn** : 30-60 minit pa jou.



# Regleman pou yon Elèv Pase Klas Elemantè : Jadendanfan jiska 5yèm Ane

<b>K0-K2</b>	Pa gen regleman pou yon elèv pase klas Jadendanfan.	
<b>Klas 1ye Ane</b>	<p>Pou yon elèv monte nan klas 2yèm ane, li dwe ranpli tou de (2) egzijans sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>❶ Pase kou Gramè/Literati Lang Anglè (ELA) oubyen Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL)</li> <li>❷ Pase matematik.</li> </ul>	
<b>Klas 2yèm Ane</b>	<p>Pou yon elèv monte nan klas 3yèm ane, li dwe ranpli tou de (2) egzijans sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>❶ Pase kou Gramè/Literati Lang Anglè (ELA) oubyen Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL)</li> <li>❷ Pase matematik.</li> </ul>	
<b>Klas 3yèm Ane</b>	<p>Pou yon elèv monte nan klas 4yèm ane, li dwe ranpli tou de (2) egzijans sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>❶ Pase kou Gramè/Literati Lang Anglè (ELA) oubyen Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL)</li> <li>❷ Pase matematik.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▶ Elèv ki pa pase kou ELA/ESL ak Matematik epitou ki pa pase tès lekti ak tès matematik yo ap resevwa yon nòt "Enkonplè" kòm nòt, epi yo dwe ale nan Akademi Aprantisaj Ete yo (Summer Learning Academies) si yo envite yo. Si yo pa pase tou de (2) kou yo ak yon tès Lektè nan fen Akademi Aprantisaj Ete yo, y ap double klas 3yèm ane a.</li> <li>▶ Si yo pase lekti epi yo pase tout travay yo nan kou matematik la men yo pa pase egzamen matematik la nan fen Akademi Aprantisaj Ete yo, y ap ka monte nan 4yèm ane epi y ap resevwa kout men andiplis nan matematik.</li> </ul>
<b>Klas 4yèm Ane</b>	<p>Pou yon elèv monte nan klas 5yèm ane, li dwe ranpli tou de (2) egzijans sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>❶ Pase kou Gramè/Literati Lang Anglè (ELA) oubyen Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL)</li> <li>❷ Pase matematik.</li> <li>❸ Pase syans oubyen istwa</li> </ul>	
<b>Klas 5yèm Ane</b>	<p>Pou yon elèv monte nan klas 6yèm ane, li dwe ranpli tou de (2) egzijans sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>❶ Pase kou Gramè/Literati Lang Anglè (ELA) oubyen Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL)</li> <li>❷ Pase matematik.</li> <li>❸ (a) Pase syans ak istwa si yo te pase sèlman youn nan matyè sa yo nan klas 4yèm ane a ; OUBYEN (b) Pase syans oubyen istwa, si yo te pase toulede (2) matyè sa yo nan klas 4yèm ane.</li> </ul>	



## Rezime Regleman pou Yon Elèv Pase Al nan Yon Lòt Klas

### Lekòl Mwayèn (6yèm–8yèm Ane)\*

Pou yon elèv pase klas nan lekòl mwayèn, li dwe...

- pase senk sou sis kou nan Gramè ak Literati Lang Anglè (ELA)/ Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) ak matematik
- pase dis sou douz kou syans, istwa, matematik, ak ELA/ESL
- konplete twa semès kou nan kou atizay
- konplete twa semès ansèyman nan edikasyon spòtif
- konplete de (2) semès ansèyman sou lasante

\*Konsèy Lokal Lekòl la ka vote pou yo ka tabli egzijans pou kou ak tèl ki depase egzijans ki ekri sou paj sa a.

## Rekòmandasyon pou Devwa

Edikatè Lekòl Piblik Boston yo kwè lòske elèv yo pase kèk tan siyifikatif ap fè devwa lakay, yo gen plis chans pou yo atenn siksès nan afè lekòl yo. Devwa lakay baze sou travay ki te fèt nan klas, epi yo ankouraje devlopman disiplin ak responsablite pèsonèl lakay elèv yo. Fè devwa lakay se yon mwayen enpòtan tou pou ankouraje kowòperasyon ant lakay ak lekòl.

Chak grenn elèv nan lekòl mwayèn 6yèm–8yèm ane BPS yo dwe gen devwa pou yo fè lakay yo chak jou. Pwofesè k ap fè kou nan pi gwo matyè yo dwe kowòdone aktivite devwa yo. Kèk matyè dwe chwazi pou kèk jou yon fason pou elèv yo genyen menm kantite devwa ototal chak swa pou yo fè lakay, epitou yon fason pou yo ka fin fè yo atan. Pwen pou devwa yo dwe rantre nan nòt final elèv yo nan kanè yo.

**Tan ki rekòmande pou devwa yo an mwayèn :**

Dezèd tan chak jou

## Evalyasyon Elèv yo pran nan Lekòl Mwayèn

Evalyasyon	Nòt	Objektif
Evalyasyon Pwogram Etid nan Fen Inite a	6–8	valyasyon konsèp ki anseye pandan 4–6 semèn anvan yo nan chak matyè
Evalyasyon Pwovizwa BPS	6–8	Konpetans standa ELA (gramè/literati angle) ak matematik sou nivo klas yo.
Kwasans MAP	6–8	Yon evalyasyon inivèsèl pou lekti ki founi yon mezi pou kwasans (ant 2 administrasyon evalyasyon)
Egzamen pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo	6 ak 8	N ap detèmine sa pi devan
Next Generation MCAS 2.0 (MCAS Pwochèn Jenerasyon 2.0)	6–7 8	ELA (gramè/literati angle) ak matematik ELA (gramè/literati angle), matematik, ak syans ak teknoloji/enjenyè (jeni)
ACCESS pou Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELLs)	6–8	Kapasite pou li ak ekri an Anglè, pale ak tandè lang Anglè pou elèv k ap Aprann Lang Anglè yo
Evalyasyon Nasyonal sou Pwogrè nan Edikasyon (NAEP)	8	Li mezire sa elèv yo oz Etazini konnen e ka fè nan plizyè matyè (yo bay li chak dezan)

# Regleman pou yon Elèv Pase Klas nan Lekòl Mwayèn yo : Klas 6yèm jiska 8yèm ane

<b>Klas 6yèm Ane</b>	<p>Pou elèv monte nan klas 7yèm ane, elèv yo dwe pase yon total twa (3) kou pami matyè suivan yo : Gramè ak Literati Lang Anglè (ELA)/ Anglè Kòm Dezyèm Lang (ESL), matematik, syans ak istwa/syans sosyal.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou yo pase matematik, elèv yo dwe pase egzamen matematik pou fen ane a osinon egzamen matematik nan fen kou ete a.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▶ Elèv ki pa pase ni kou ELA/ESL ni kou matematik, dwe ale nan Akademi Aprantisaj Ete yo "Summer Learning Academies".</li> <li>▶ Elèv ki pa pase ELA/ESL ak matematik alafen Akademi Aprantisaj Ete yo "Summer Learning Academies" ap koule nan kou sa yo pou ane a, epi y ap gen pou yo refè kou sa yo.</li> </ul>
<b>Klas 7yèm Ane</b>	<p>Pou elèv yo pase al nan klas 8yèm ane, yo dwe pase yon total sis (6) kou pami matyè suivan yo nan klas 6yèm ak 7yèm ane : Gramè ak Literati Lang Anglè (ELA)/Anglè Kòm Dezyèm Lang (ESL), matematik, syans ak istwa/syans sosyal.</p> <p>Kou sa yo dwe gen omwens :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• twa (3) kou ELA/ESL + kou matematik</li> <li>• yon (1) kou syans</li> <li>• yon (1) kou istwa/syans sosyal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▶ Elèv ki pa pase ni kou ELA/ESL ni kou matematik, dwe ale nan Akademi Aprantisaj Ete yo "Summer Learning Academies".</li> <li>▶ Elèv yo ap jwenn kredi pou kou yo sèlman si yo ale nan Akademi Aprantisaj Ete yo "Summer Learning Academies" epi pase travay ki egzajib nan klas yo. Elèv ki pa ale p ap pase kou yo nonplis.</li> </ul>
<b>Klas 8yèm Ane</b>	<p>Pou elèv yo pase al nan klas 9yèm ane, yo dwe pase ak yon total dis (10) kou nan matyè suivan yo nan klas 6yèm, 7yèm ak 8yèm ane : Gramè ak Literati Lang Anglè (ELA)/Anglè Kòm Dezyèm Lang (ESL), matematik, syans ak istwa/syans sosyal.</p> <p>Kou sa yo dwe gen omwens :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• senk (5) kou ELA/ESL + kou matematik</li> <li>• de (2) kou syans</li> <li>• de (2) kou istwa/syans sosyal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▶ Elèv ki pa pase ni kou ELA/ESL ni kou matematik, dwe ale nan Akademi Aprantisaj Ete yo "Summer Learning Academies".</li> <li>▶ Elèv yo ap jwenn kredi pou kou yo sèlman si yo ale nan Akademi Aprantisaj Ete yo "Summer Learning Academies" epi fè mwayèn yo pou travay klas yo. Elèv ki pa ale p ap pase kou yo nonplis.</li> <li>▶ Elèv ki pa ranpli kondisyon pou kou 8yèm ane yo nan fen Akademi Aprantisaj Ete yo ("Summer Learning Academies"), y ap double. Pou elèv ki te deja double youn nan klas lekòl mwayèn yo, yo kapab double ankò sèlman si direktè a, pwofesè yo, manm pèsònèl sipò yo, ak paran an analize ka a.</li> </ul>



## Regleman pou Pase Al nan Lòt Klas ak pou Diplome nan Lekòl Segondè\*

Dapre regleman BPS pou yon elèv pase nan klas segondè oswa pou l resevwa diplòm fendetid, li dwe suiv «pwòp wout li» pou li diplome avèk sipò konseye l yo, pwofesè l yo, gid yo, ak manm fanmi l yo.

Chak lekòl segondè nan BPS yo kapab suiv youn nan twa opsyon/pakou (pathways) ki prepare tout elèv pou y al nan inivèsite, kèk lòt fòmasyon apre lekòl segondè, ak karyè ki bay bon rekonpans. Tout pakou sa yo bay kèk fleksibilite parapò a ki lè elèv yo kapab pran kèk kou. Pa egzanp, yon elèv kapab pran Istwa Etazini 1 nan klas 10yèm ane, alòs yon lòt elèv ka pran menm kou a nan klas 11yèm ane. Gen kèk elèv ki kapab bezwen plis pase katran (4) pou yo konplete tout egzijans yo anvan yo diplome.

Lè n ap chwazi yon lekòl segondè, elèv yo ak fanmi yo fèt pou pran bonjan enfòmasyon konsènan ki pakou lekòl la suiv pou gen yon diplòm segondè BPS.

\*Regleman pou elèv yo diplome anba revizyon.

## Rekòmandasyon pou Devwa

Edikatè Lekòl Piblik Boston kwè lè elèv pase kèk tan siyifikatif ap fè devwa lakay, yo gen plis chans pou yo atenn sikse akademik (sètadi, nan afè lekòl yo). Devwa lakay baze sou travay ki fèt nan klas, epi yo ankouraje elèv yo devlope disiplin ak responsablite pèsonèl lakay yo. Fè devwa lakay se yon mwayen enpòtan tou pou ankouraje kowoperasyon ant lakay ak lekòl.

Devwa yo pèmèt elèv yo opòtinite pou yo kontinye eksplore kèk eleman nan leson ki fèt nan klas yo pou jounen an, prepare pou leson k ap vini nan jou apre yo ak/oswa aktivite k ap pèmèt elèv yo apwofondi konpreyansyon yo plis. Lekòl la dwe genyen yon plan pou devwa ki mache ak kourikoulòm lekòl la (pwogram etid lekòl la).

Pwofesè yo dwe kowòdone devwa y ap bay elèv yo yon fason pou elèv yo pa gen twòp devwa pandan yon sèl sware a. Pa egzanp yon lekòl ka bay devwa lekti ak ekriti chak jou; matematik ak istwa lendi, mèkredi, ak vandredi; epi syans ak lang madi ak jedi. Pwen pou devwa yo dwe rantre nan nòt final elèv la nan kanè nòt li.

**Tan ki rekòmande pou devwa yo an mwayèn :**

2 ½ (dezèd tan edmi) chak jou

## Evalyasyon ke elèv yo ka pran nan Lekòl Segondè

Evalyasyon	Nòt	Objektif
Evalyasyon Lekòl Piblik Boston (BPS) pou fen kou yo.	9-12	Evalyasyon konsèp ki anseye pandan 4-6 semèn presedan yo nan chak matyè
ELA (Gramè ak Literati Angle) ak Matematik	10	Lekti ELA (konpreyansyon lekti, redaksyon, ak konpreyansyon sou lang ak literati) ak matematik (chif ak kantite, aljèb ak fonksyon, jeyometri, ak statistik ak pwobabilite)
Legacy MCAS ("Ansyen MCAS la") ELA (Gramè/Literati Angle) ak matematik	10-12	ELA (Gramè ak Literati Angle) ak Matematik (si elèv yo pa t pase oparavan, y ap repran egzamen yo ankò pou yo fè yon nòt "Konpetans"/"Avanse" oswa "Bezwen Amelyorasyon")
MCAS 2,0 Biyoloji oswa Fizik Entwodikatif	9	(Si elèv yo enskri nan kou sa yo) Elèv yo dwe pase yon egzamen syans pou yo diplome.
Legacy MCAS ("Ansyen MCAS la") Chimi ak Teknoloji/Enjenyè-Jeni	9	(Si elèv yo enskri nan kou sa yo) Elèv yo dwe pase yon egzamen syans pou yo diplome.
Legacy MCAS ("Ansyen MCAS la") Syans ak Teknoloji/Enjenyè-Jeni	10 ak 11-12	(Si elèv la pa t pase oparavan) Pou elèv k ap pran biyoloji, chim, fizik entwodikatif, ak enjenyè/jeni teknoloji. Elèv yo dwe pase yon egzamen syans pou yo diplome.
ACCESS pou Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELLs)	9-12	Kapasite pou li, ekri, pale ak tandè Angle pou elèv k ap aprann pale Angle yo (EL).
Iès SAT Preliminè (PSAT)	10-11	Pratik pou egzamen SAT yo, yo kapab itilize rezilta yo pou lonmen Loreya Merit Nasyonal yo "National Merit Scholars"
Tès SAT Evalyasyon ACT™	11-12	Pifò kolèj ak inivèsite itilize l pou yo pran desizyon sou afè admisyon. SAT School Day (Jounen Lekòl Egzamen SAT) evalye matekatik ak lekti/ekriti ki baze sou prèv (egzamen ACT : li teste angle, lekti, matematik, ak syans)
Evalyasyon Nasyonal sou Pwogrè nan Edikasyon (NAEP)	12	Li mezire sa elèv oz Etazini konnen e ka fè nan plizyè matyè (yo bay li chak dezan nan kèk lekòl yo chwazi owaza)
Evalyasyon STAMP	12	Yon evalyasyon konpetans nan yon lang mondyal elèv yo kapab pran pou yo kalifye pou So Bialfabetizasyon eta a.
Evalyasyon Pwovizwa BPS	9-11	Konpetans standa ELA (gramè/literati angle) ak matematik sou nivo klas yo.
Kwasans MAP	9-11	Yon evalyasyon inivèsèl pou lekti ki founi yon mezi pou kwasans (ant 2 administrasyon evalyasyon)



# Regleman ak Kondisyon pou Diplome nan Lekòl Segondè\*

Lekòl Piblik Boston yo ap revize regleman ki etabli pou bay elèv yo diplòm dekwa pou yo ka aliyen yo ak egzijans Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Masachusetts la (DESE) ak tout "Pwogram Etid Debaz Lekòl Segondè nan Masachusetts" la (Massachusetts Core High School Program of Study). ([www.doe.mass.edu/ccte](http://www.doe.mass.edu/ccte)). Elèv ki pa fè omwen yon nòt 240 nan egzamen MCAS yo pou klas 10yèm ane nan matematik ak gramè/literati angle (ELA) dwe pran e reyisi nan travay yo ba yo pou matyè sa yo nan klas 11yèm ak 12yèm ane.

## Pakou I

- Pran kat klas angle (oswa ESL - angle kòm dezyèm lang) epi pase toulekat
- Pran twa klas istwa ki gen ladan Istwa Etazini 1 ak 2, epi pase yo
- Pran e pase kat sekans matematik entegre Matematik I, Matematik 2, Matematik 3, osinon sekans tradisyonèl la : Aljèb I, Jeyometri, ak Aljèb II avèk yon chwa PreKalkil, Kalkil, Statistik, oswa Rezònman Kantitatif Avanse pou 4yèm ane a.
- Pran epi pase twa klas syans ki gen laboratwa, pami yo : omwen de (2) nan kou suivan yo: biyoloji, chim, fizik
- Pran klas lang etranje nan menm lang nan (oswa 2 kou ESL/angle kòm dezyèm lang, anplis) pandan dezan, epi pase yo
- Pran klas atizay pandan de (2) trimès, epi pase yo
- Pran epi pase kat trimès edikasyon spòtif
- Pran klas sante pandan yon trimès epi pase li
- Pran klas òdinatè (konpitè) pandan yon trimès epi pase li
- Fè yon nòt Detèminasyon Konpetans (CD) "Competency Determination (CD)" nan egzamen MCAS la pou ELA (gramè/literati angle), matematik, syans & teknoloji/jeni (al gade nan paj 17)

## Pakou II

- Pran epi pase kat klas imanite (lèt/syans sosyal), yo dwe kouvri kritè yo pou Angle ak Istwa Etazini 1 ak 2
- Pran epi pase kat kou matematik, pami yo : sekans matematik entegre Matematik I, Matematik 2, ak Matematik 3 oswa sekans tradisyonèl la : Aljèb I, Jeyometri, ak Aljèb II avèk yon kou anplis pou 4yèm ane nan PreKalkil, Kalkil, Statistik, oswa Rezònman Kantitatif Avanse.
- Pran epi pase twa klas syans ki gen laboratwa, pami yo : omwen de (2) nan kou suivan yo: biyoloji, chim, fizik
- Pran kou lang etranje pandan dezan nan menm lang nan, epi pase yo
- Pran kou atizay pandan de (2) trimès, epi pase yo
- Pran epi pase kat trimès edikasyon spòtif
- Pran yon trimès klas sante, epi pase li
- Pran kou òdinatè (konpitè) pandan yon trimès, epi pase li
- Fè yon nòt Detèminasyon Konpetans (CD) "Competency Determination (CD)" nan egzamen MCAS la pou ELA (gramè/literati angle), matematik, syans & teknoloji/jeni (al gade nan paj 17)

## Pakou III

- Yon lekòl ka devlope pwòp lis kou obligatwa pa li nan kondisyon pou kou sa yo reponn ak egzijans Leta a, epi Lekòl Piblik Boston apwouve li. Opsyon III sa a se li lekòl konkou antre yo suiv nan moman sa a ansanm ak kèk lekòl pilòt, lekòl Chatè Horace Mann yo, lekòl Madison Park Technical Vocational High School la ak pwogram Edikasyon Altènatif yo.

\*Konsèy Lokal Lekòl la gen dwa pou li tabli lòt kou ak lòt tès ki mande plis egzijans pase sila yo ki nan lis ki detaye anwo a.

## Kesyon ak Repons sou Regleman pou Diplome nan Lekòl Segondè

Si elèv yo pa pase kèk nan kou yo, èske yo oblije double tout ane skolè a ?

Non. Yo kapab reprann kou sa yo nan fason suivan yo : pandan ete a, pandan ane akademik la (ane skolè a), osinon sou entènèt (al gade nan paj 15-16)— men yo toujou ka avanse nan matyè yo pase deja yo. Pou plis enfòmasyon, ou ka pale avèk konseye pedagogik lekòl pitit ou a.

Elèv ki nan klas dènye ane (ane tèmininal) gen dwa pou yo resevwa diplòm yo e patisipe tou nan seremoni remiz diplòm ki fèt nan mwa out la pou tout distri a, si toutfw a yo te rate seremoni lekòl yo a.

Si elèv yo pran diferan kou nan diferan ane nan menm pakou an, ki lè yo ap pran egzamen MCAS Klas 10yèm Ane a ?

Elèv yo dwe patisipe nan egzamen MCAS yo sèlman pou nivo klas yo enskri ladan l lan. Elèv ki nan klas 10yèm ane yo dwe pran egzamen ELA (Gramè/Literati Angle) ak Matematik klas 10yèm ane yo ak youn nan kat egzamen STE lekòl segondè yo, si ke yo pa t patisipe nan STE nan klas 9yèm ane. Sèl esepsyon se pou elèv klas 10yèm ane sila yo k ap aprann angle ki nan premye ane enskripsyon yo nan lekòl oz Etazini, egzamen ELA la (gramè/literati angle) opsyonèl pou yo.

Kisa ki Pwogram Etid Debaz "MassCore" la ?

Responsab Eta a rekòmande "MassCore", ki se yon pwogram solid ki aliyen travay kou lekòl segondè yo ak egzijans travay ke inivèsite yo ak patwon travay yo mande. Pwogram etid rekòmande a genyen ladan l : 4 ane etid Angle ; 4 ane Matematik ; 3 ane Syans ki enkli laboratwa ; 3 ane Istwa/Syans Sosyal ; 2 ane menm lang etranje a ; 1 ane nan Atizay ; 5 lòt ane kou "prensipal" pami nenpòt matyè ki mansyone la : edikasyon biznis, edikasyon pwofesyonèl e teknik, sante, oswa teknoloji. Genyen plis opòtinite nou rekòmande, tankou : Kou Plasman Avanse, doub enskripsyon nan inivèsite, yon pwojè ane tèmininal, kou sou entènèt pou lekòl segondè oswa pou kredi kou inivèsite, ak aprantisay ki baze sou sèvis oswa travay. Elèv ki konplete pwogram etid MassCore la pi byen prepare pou inivèsite ak pou karyè.

Ki moun elèv yo ak fanmi yo ta dwe mande enfòmasyon sou koze regleman pou Diplome nan Lekòl Segondè ?

➔ Depatman Konseye Pedagogik Lekòl Ou a

➔ Depatman Konseye Pedagogik BPS la ..... 617-635-8030

# Pwogram Espesyal

## Edikasyon Espesyal ak Sèvis pou Elèv yo

Elèv ki gen enfimite gen dwa ak anpil pwoteksyon dapre lwa federal ak lwa eta a. Jan yo regilye sa selon Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Enfimite a “Individuals with Disabilities Education Act” (IDEA), tout timoun ki gen yon andikap gen dwa pou resevwa edikasyon piblik gratis e apwopriye ki fèt pou satisfè bezwen patikilyè yo epi prepare yo pou plis edikasyon, travay, ak posiblite pou viv endepandan pi devan. Depi sa posib, elèv ki gen andikap yo dwe resevwa edikasyon nan klas ansanm ak elèv ki pa andikape.

Lekòl Piblik Boston (BPS) genyen plizyè anviwònman pou elèv andikape :

- **Enklizyon okonplè** : Elèv yo enstrui ansanm ak elèv ki pa gen bezwen espesyal pou 80% nan jounen skolè a, osinon pi long pase sa, nan sal de klas edikasyon jeneral la.
- **Enklizyon pasyèl** : Elèv yo ka pase jiska 60% nan jounen lekòl la andeyò sal de klas edikasyon jeneral la.
- **Anviwònman Konplètman Apa** : Elèv yo pase plis pase 60% nan jounen lekòl la andeyò sal klas edikasyon jeneral la.
- Kèk elèv ki genyen kèk gran bezwen enskri nan **lekòl espesyal piblik pandan lajounen oubyen nan lekòl prive**, oswa nan anviwònman rezidansyèl kote yo ka resevwa tout ansèyman ak

sèvis nan lekòl apa sa yo ki konsakre pou Edikasyon Espesyal. BPS gen twa lekòl espesyal lajounen pou elèv ki gen andikap ki reklame anpil swen :

- Lekòl Horace Mann nan pou elèv ki gen defisyans nan tandè
- Lekòl Carter School la pou elèv ki gen plizyè kalite andikap
- Gwoup Lekòl McKinley yo pou elèv ki gen defisyans emosyonèl.

- **Sèvis ki anrapò avèk sèvis sa yo** : Sevis edikasyon espesyal dirèk e/ oswa konsiltatif, pi patikilyèman pou vizyon ak tandè.

Si w sispèk pitit ou a genyen difikilte pou l fè pwogrè lekòl akòz yon andikap, ou genyen dwa pou w mande pou yon evalyasyon fèt pou pitit ou a pou detèmine si li genyen yon andikap ak si andikap la ap fè efè, ou non, sou aksè l genyen nan edikasyon jeneral la. Mande prensipal la/direktè a oswa Kowòdinatris Edikasyon Espesyal la (COSE a) nan lekòl ou an pou plis enfòmasyon.

### Pou plis Enfòmasyon, konsilte :

- ➔ Edikasyon Espesyal .....617-635-8599  
[bostonpublicschools.org/Special-ed](http://bostonpublicschools.org/Special-ed)
- ➔ Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts, [www.doe.mass.edu/sped/parents.html](http://www.doe.mass.edu/sped/parents.html)

## Elèv k ap Aprann Angle

Lekòl Piblik Boston (BPS) fè bonjan kalite ansèyman pou Elèv k ap Aprann Anglè yo, youn nan pi gwo priyorite li. BPS ofri plizyè chwa ak sèvis pou ede elèv sa yo aprann lang angle pandan ke yo ap etidye literati, lekti/ekriti, matematik, syans, istwa/syans sosyal, atizay, edikasyon spòtif ak lòt matyè. Vizyon nou se pou founi yon edikasyon ki konsidere kilti ak lang elèv yo, avèk sipò nesèsè pou asire tout elèv k ap aprann Angle yo gen aksè egal-ego nan opòtinite ki ankouraje akizisyon lang, kapasite bileng, bialfabetizasyon, ak aprantisay pou lavi.

### Kilès ki yon Elèv K ap Aprann Anglè?

Elèv k ap Aprann Anglè yo (EL) se elèv natif-natal yon peyi ki pale yon lang ki pa Angle, epi yo poko konpetan ase nan Anglè akademik (angle lekòl) pou pèfòme travay akademik (travay lekòl) nan klas an angle, san yo pa jwenn sipò pou zafè lang. Plis pase 17.000 elèv Lekòl Piblik Boston (32% elèv BPS yo ototal) klasifye kòm Elèv k ap Aprann Anglè.

### Ki jan Lekòl Piblik Boston deziyen elèv yo nan sèvis EL yo (sèvis Elèv k ap Aprann Anglè yo)?

Paran oswa moun ki responsab tout elèv k ap antre nan Lekòl Piblik Boston pou premye fwa dwe konplete yon sondaj sou ki lang yo pale lakay yo lè yo ap enskri. Si sondaj sa a endike timoun nan petèt kalifye pou sèvis EL, distri a sipoze evalye konpetans akademik timoun nan an angle nan kat domèn sa yo : tandè, pale, li, ak ekri. Paran oubyen responsab elèv ki kalifye pou l jwenn sèvis EL yo gen dwa legal pou yo resevwa enfòmasyon sou pwogram ak benefis sèvis ki disponib pou EL yo nan yon fason yo kapab konprann (sètadi parapò a mwayen ak lang nou itilize yo), lèfini pou yo kapab chwazi opsyon ke yo (paran an oswa responsab la) kwè k ap satisfè bezwen pitit yo pi byen. Nan kèkilanswa lekòl pitit ou a enskri a, li genyen tout dwa l

pou l resevwa sèvis yo. Paran Elèv k ap Aprann Anglè yo gen dwa tou pou yo “deside pa patisipe” nan sèvis EL pou pitit yo, ak dwa pou yo fè yo mete pitit yo nan yon pwogram Anglè-sèlman, nan sal de klas edikasyon jeneral.

### Ki opsyon pwogram ki disponib nan Lekòl Piblik Boston pou Elèv k ap Aprann Anglè ?

Dapre lwa eta a, tout elèv EL gen aksè pou yo resevwa ansèyman Angle kòm Dezyèm Lang (ESL), ki kreye nan bi pou anseye tout elèv EL yo angle. Tout pwofesè EL ki anseye matyè akademik debaz yo (tankou matematik, syans sosyal, ak syans) dwe gen fòmasyon espesyal e dwe genyen andòsman (apui) SEI (Ansèyman Pwoteje an Anglè) anplis lisans pwofesè yo genyen an. Pwofesè ki bay ansèyman nan lang natif natal elèv yo dwe genyen fòmasyon e posede Andòsman Edikasyon Bileng nan (BEE).

Lekòl Piblik Boston ofri program suivan yo pou bay Elèv k ap Aprann Angle yo sipò :

- **ESL swa nan Edikasyon Jeneral oswa nan Edikasyon Espesyal**. Nan pwogram sa a, nenpòt elèv ki gen yon ELD (Devlopman Lang Anglè) 1 jiska 5, ke yo mete nan yon lekòl san yon pwogram SEI fòmèl, ap resevwa ansèyman ESL eksplisit. Pou kèk elèv ki nan nivo ELD 4 a 5, yo kapab resevwa ESL entegre nan kou Anglè/ Alfabetizasyon yo tou. Tout elèv ki sou nivo ELD 1 a 5 nan pwogram Edikasyon Jeneral yo resevwa ansèyman nan matyè yo nan men yon pwofesè ki gen apui (andòsman) SEL.
- **Enstriksyon Pwoteje an Anglè “Language Specific Sheltered English Instruction (SEI)”** nan Lang Espesifik. Nan mòd pwogram sa yo, yo melanje ladan yo devlopman lang Anglè a pandan tout jounen an ansanm avèk kèk strateji pou rann eleman fondamantal akademik yo pi konpreyansib pou elèv EL ki nan nivo ELD 1 a 3.

# Elèv k ap Aprann Angle

Ansèyman yo fèt an Anglè, avèk kèk èd nan lang natif-natal elèv yo. Elèv yo nan sal de klas la pale menm lang natif-natal la, epi yo gen Nivo Devlopman Lang Angle (ELD) 1 rive jiska 3. Objektif ansèyman pwoteje a se pou rann ansèyman matyè akademik nivo klas yo pi aksesib pou elèv EL yo. BPS gen pwogram SEI nan anvivòn lang Espayòl, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Kapvèdyen, Vyetnamiyen, Chinwa, e multileng (plizyè lang).

- **Pwogram Edikasyon Doub Lang "Dual Language Education"**. Nan moman sa a, BPS ofri pwogram edikasyon doub lang an Espayòl, Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamiyen. Nan pwogram doub lang yo, sal de klas elèv la konpoze de elèv ki pale Anglè antan lang natif-natal yo ak elèv ki pale lang asosye a antan lang natif-natal yo (pa egzanp : Espayòl, Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamiyen). Tout elèv yo aprann li, ekri, pale, e konprann toude lang yo pandan y ap aprann eleman akademik debaz ke divès pwofesè kalifye ap anseye yo nan de (2) lang sa yo. Epitou, nan pwogram doub lang yo, elèv k ap aprann anglè yo ap resevwa ansèyman lang nan men yon pwofesè kalifye pou asire yo vin konpetan nan angle a.
- **Fòmasyon Lang ak Wo Nivo Entansite (HILT) pou Elèv Edikasyon Fòmèl yo te Limite osinon Entèwonp (SLIFE) "High Intensity Language Training (HILT) for Students with Limited or Interrupted Formal Edikasyon (SLIFE)"**. BPS rekòmande pwogram sa a pou elèv ki gen laj 8 an e pi gran ki fèk vin Ozetazini, ki pa twò alfabè osinon ki pa alfabè menm nan lang natif-natal yo, osinon edikasyon fòmèl yo te limite oswa entèwonp nan lekòl yo nan peyi natif natal yo.

Nan pwogram HILT, elèv yo resevwa :

- Devlopman entansif nan lang Anglè akademik ak alfabetizasyon (nan lekti ak ekriti)
- Ansèyman nan lang natif-natal ki fèt pou ede yo aprann lekti, ekriti, matematik, syans, ak istwa/syans sosyal, lè sa disponib
- Lòt klas anplis tankou teknoloji, atizay, ak edikasyon spòtif.
- **Nan lekòl ki san pwogram EL fòmèl, nenpòt elèv ki genyen yon nivo ELD 1 jiska 5 ap resevwa ansèyman ESL nan men yon pwofesè kalifye ansanm ak ansèyman pwoteje pou rann ansèyman akademik debaz yo ak kontni akademik ki sou nivo klas la yo pi fasil pou konprann.** Si w ta renmen reje okenn nan pwogram oswa sèvis Elèv k ap Aprann Angle yo, tanpri pwograme yon lè pou w rankontre avèk direktè lekòl pitit ou an, ki va eksplike opsyon yo ak dwa w yo ba ou. Aprè rankont sa a, si w ta toujou renmen refize sèvis yo, Biwo Elèv k ap Aprann Angle a ap resevwa e apwouve soumision w lan fòmèlman.

Nouvo lwa eta a, ki rele "LOOK Act", pèmèt distri a kèk fleksibilite pou l mete sou pye kèk nouvo pwogram lang pou Elèv k ap Aprann Anglè, epi li afime enpòtans lang natif natal elèv yo tou. Epitou Lwa "LOOK" la pèmèt paran ki genyen 20 elèv, oswa plis, mande distri a mete sou pye yon pwogram presi pou ansèyman lang. Distri a, li menm, va reponn a demann sa a anndan yon espas tan 90 jou lekòl. Tanpri kontakte Biwo Elèv K ap Aprann Angle a pou plis enfòmasyon sou nouvo opsyon sa yo.

**Pou plis enfòmasyon sou Aprantisaj Anglè, kontakte :**

- ➔ Biwo BPS pou Elèv K ap Aprann Lang Anglè 617-635-9435 nan imel : [oell@bostonpublicschools.org](mailto:oell@bostonpublicschools.org)
- ➔ Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Nouvo Fanmi ..... 617-635-1565
- ➔ Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts, ..... [www.doe.mass.edu/ele](http://www.doe.mass.edu/ele)

## Sant Evalyasyon ak Konsèy Pou Nouvo Fanmi (NACC)

617-635-1565

Bolling Building, 2300 Washington St., Roxbury  
imel : [nacc@bostonpublicschools.org](mailto:nacc@bostonpublicschools.org)

Egzamen lang pou elèv k ap enskri nan Lekòl Piblik Boston pou klas jadendanfan K2 jiska klas 12yèm ane, pou detèmine si yo ta tire kèk avantaj nan sèvis Elèv k ap Aprann Angle yo ou non.

**NACC founi sèvis suivan yo pou fanmi ak elèv :**

- Egzamen lang nan lang nantif-natal la ak an Anglè
- Konsèy sou edikasyon ak karyè
- Oryantasyon sou Lekòl Piblik Boston ak sèvis vil la bay
- Enfòmasyon ak resous pou fanmi

Orè operasyon NACC

- **Out jiska Jen**  
Lendi jiska Vandredi-9:00 dimaten jiska 5:00 nan aprè midi
- **Jiyè**  
Lendi jiska Jedi - 9:30 dimaten jiska 6:00 diswa

## Elèv ki San Lojman

Elèv k ap travèse yon sityasyon kote yo pa gen kay pandan yon bout tan bezwen fè eksperyans aprantisaj nan lekòl san yo pa jwenn okenn kontrariyete. Rezo Resous Edikasyon BPS pou Moun ki San Lojman an (HERN) ofri yon seri resous ak sipò pou elèv ki san lojman.

**Pou Plis Enfòmasyon, kontakte :**

- ➔ Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman ..617-635-8037

## Ansèyman Lakay ak nan Lopital

Lekòl Piblik Boston founi ansèyman Lakay ak nan Lopital pou elèv ki oblije rete swa lakay yo oswa nan yon anvivònman lopital, osinon ki bezwen yon konbinezon toude, pou omwen 14 jou skolè pandan yon ane skolè. Avvan yon elèv kapab resevwa sèvis sa yo, yon doktè ki lisansye dwe ranpli yon fòmilè eta a, ke nou kapab jwenn nan enfimiyè lekòl elèv ou a.

**Pou plis enfòmasyon, kontakte:**

- ➔ Student Support (Sipò pou Elèv yo).....617-635-6633

## Lekòl Lakay

Paran ki abite Boston e ki vle fè lekòl lakay pou pitit yo dwe soumèt yon fòmilè demann bay Biwo Opòtinite Aprantisaj Elaji BPS la ("Office of Expanded Learning Opportunities") pou yo jwenn apwobasyon pou sa. Yo dwe montre ke pwopozisyon y ap fè pou edikasyon nan kay la suiv Gidans pou Edikasyon Lakay ke Eta Massachusetts etabli a, e satisfè egzijans yo pou kantite èdtan pwogram etid eta a mande pou nivo klas yo. Paran oswa gadyen responsab ki fè lekòl lakay yo dwe soumèt yon evalyasyon pou fen ane a chak ane. Otorizasyon pou paran yo fè lekòl lakay yo ap akòde infwa yo resevwa demann nan.

**Pou plis enfòmasyon sou Fè Lekòl Lakay, kontakte :**

- ➔ Bowp Opòtinite Aprantisaj Elaji a.....617-635-8880

# Pwogram Espesyal

## Edikasyon Altènatif

Lekòl Piblik Boston yo ofri yon bann pwogram ak sèvis edikasyon altènatif pou elèv lekòl mwayèn ak lekòl segondè ki pa reyisi nan anviwònman lekòl tradisyonèl yo. Pwogram yo ofri sèvis sipò entansif ak apwòch diferan pou aprantisaj yo fèt. Li enpòtan pou n note ke se pa tout elèv ki mande yon plas nan yon pwogram altènatif k ap jwenn li.

Men Kèk nan pwogram ak sèvis yo founi :

- Sant Re-Angajman BPS “**BPS Re-engagement Center**” (REC) ede elèv ki te kite lekòl segondè yo (oswa k ap panse kite lekòl yo) fin fè klas segondè yo epi kontinye edikasyon yo ak preparasyon karyè yo pou lavi yo apre lekòl segondè.
- **Boston Adult Technical Academy** (BATA) sèvi elèv ki gen laj 18 jiska 22 an ke yo konsidere twò gran akoz laj yo ak klas y ap fè a. Genyen kèk nan elèv sa yo k ap aprann angle.
- **Pwogram Entèvansyon Akselere nan Lekòl Segondè Excel High School**
- **Charlestown Diploma Plus** sèvi elèv ki soti nan tout lekòl segondè BPS yo ki pa ka travay byen nan pwogram regilye yo epi ki bezwen yon edikasyon solid ki baze sou konpetans ki kore avèk èd yon ti kilti aprantisaj pèsonalize.
- **Greater Egleston**
- **Community Academy** (klas 9yèm-12yèm) anwole elèv ki bezwen yon ti kominote aprantisaj ki byen striktire e ki pozitif epi ki met yon anfas sou konpòtman ak patisipasyon pozitif nan lekòl.
- **Boston Day and Evening Academy** (BDEA)
- **Boston Central Adult High School** founi ni diplòm, ni Egzamen Ekivalans Lekòl Segondè a (HiSET). Elèv yo ak/oswa fanmi yo kapab chwazi pwogram sa yo si yo te fè yon move eksperyans, oubyen si yo vle pran yon wout diferan pou yo dekwoche yon diplòm lekòl segondè.

BPS ofri kèk pwogram anplis ki fè pati “**Boston Collaborative High School**” la, yon tèt-ansanm avèk divès òganizasyon kominotè :

- **ABCD University High School** ofri yon aprantisaj ak pwogramasyon ki pa tradisyonèl pandan tout ane a pou elèv ki gen laj avanse, epitou l met aksan sou devlopman karyè.
- **Ostiguy High School** pou elèv k ap debat ak abi sibstans (dwòg).
- **Otro Camino** se yon pwograd edikasyon altènatif ki kreye pou Elèv K ap Aprann Angle.
- **LogOn Academies** ofri aprantisaj ki pa tradisyonèl ak kèk pakou apre lekòl segondè atravè yon melanj aprantisaj sou sit entènèt ak aprantisaj nan sal de klas (yo rele “aprantisaj melanje”). Se yon aprantisaj ki sèvi avèk òdinatè anpil pou elèv ki kapab aprann pou kont yo epi ki santi yo alèz ak aprantisaj sou entènèt.
- **St. Mary School** se yon lekòl pou elèv ki ansent ak sila yo ki gen pitit ki sèvi avèk aprantisaj sou entènèt ak aprantisaj ki baze sou dosye akonplisman elèv la.

**Pou Plis Enfòmasyon sou Edikasyon Altènatif, kontakte :**

- ➔ Sant pou Re-angajman.....617-635-2273
- ➔ Enfòmasyon sou GED : .....[www.doe.mass.edu/hse/](http://www.doe.mass.edu/hse/)

## Klas Travay Avanse ak Ekselans pou Tout Moun

Klas Travay Avanse (AWC pou kout) se yon pwogram pou elèv ki nan klas 4yèm, 5yèm ak 6yèm ane, ki lokalize nan kèk lekòl elemantè, lekòl mwayèn, ak lekòl Jadendanfan jiska 8yèm ane yo nan tout vil la. Pwogram AWC a kouvri menm matyè yo ke edikasyon jeneral la kouvri ; sepandan, yo etidye chak matyè nan yon fason ki pi pwofon, avèk yon vitès ki pi rapid, e li mande pou elèv yo fè plis travay nan sal de klas yo ak plis devwa lakay. Nan pifò pwogram AWC yo, yo mete elèv yo nan gwoup sal de klas ki sèvi elèv AWC sèlman.

**AWC an 2022 e Aprè :** Lekòl Piblik Boston lanse yon gwoup travay pou evalye bès nan enskripsyon pwogram AWC a, aksè ekitab pou tout elèv yo, ak regleman sila yo ki anrapò avèk afè admisyon. Gwoup sa a ap konsidere kèk strateji pou avanse ekite rasyal pandan y ap devlope e pwopoze kèk nouvo machasiv pou Sipèntandan an ak Komite Skolè a revize e konsidere. Nenpòt chanjman ki ta fèt nan regleman admisyon yo ap an vigè nan ane skolè 2022-2023 a. Distri a va kontinye angaje fanmi yo, direktè lekòl yo, edikatè yo, ak patnè kominotè yo nan divès konvèsasyon konsènan lavni pwogram AWC a.

Ane skolè sa a, Lekòl Piblik Boston ofri inisyativ Ekselans pou Tout Moun nan (EFA) nan 16 lekòl elemantè e mwayèn. EFA ofri lekòl yo yon bann resous ki la pou ogmante nivo fèmte aprantisaj la epi elaji opòtinite yo pou tout elèv ki nan klas 3yèm jiska 6yèm ane. Pwofesè ki nan lekòl EFA yo resevwa antrènman ak devlopman pwofesyonèl kontinyèlman, dekwa pou yo kapab founi ansèyman ki pi solid e ki anrapò ak kilti elèv yo. Elèv yo resevwa yon bann entèvansyon (pa egzanp nan lekti, matematik) ak kèk anrichisman (pa egzanp : kou lang ak kou STEM, preparasyon pou egzamen ISEE a) ki ede yo devlope kèk abiltè kritik nesès pou yo reyisi alavni.

**Si w gen plis kesyon sou pwogram nan, oubyen sou ki jan chwa yo fèt, tanpri kontakte biwo suivan yo pou plis enfòmasyon :**

- ➔ **Kesyon sou pwogram yo**  
Pwogram Etid ak Ansèyman .....617-635-9202
- ➔ **Kesyon konsènan fòmilè chwa lekòl yo ak imel sou entènèt**  
Sèvis Dakèy .....617-635-9512
- ➔ **Kesyon sou opsyon lekòl yo**  
Sant Dakèy BPS yo (Gade nan paj 5)

**Pou plis enfòmasyon ak yon lis lekòl ki ofri program sa yo, konsilte sit entènèt :**

- ➔ [bostonpublicschools.org/AWC](http://bostonpublicschools.org/AWC)



## Lekòl Konkou Antre yo

Genyen twa lekòl konkou antre nan Lekòl Piblik Boston pou klas 7yèm jiska 12yèm ane.

**Boston Latin School (BLS)**, ki te fonde nan ane 1635, se lekòl ki pi ansyen nan Etazini, li sèvi yon popilasyon ki divès ekonomikman e kiltirèlman. BLS gen dezi sa a pou l fonde elèv li yo sou yon edikasyon kontanporè klasik pou prepare yo pou etid kolèj (inivèsite), pou fè yo vin sitwayen responsab ki va bay patisipasyon yo nan sosyete a, e prepare yo pou yon vi satisfèzan.

**Boston Latin Academy** ofri elèv yo yon kourikoulòm (pwogram etid) solid nan yon anviwònman nourisan e pèsonalize. Anplis, lekòl la se youn nan lekòl ki pi divès nan tout eta a parapò a ras, kilti, ak lang, ki akòde elèv yo yon eksperyans ki pòtrè ak mond reyèl la.

**John D. O'Bryant School of Mathematics and Science** se yon kominote elèv ki ankourajan, divès, ki angaje nan yon pwogram Syans, Teknoloji, Jeni (Enjenyè), ak Matematik ki djanm e konplè e ki entegre avèk Syans Sosyal yo. Lekòl konkou antre nou an prepare elèv pou inivèsite, e li rann elèv nou yo kapab atenn tout potansyèl yo epi devni dirijan ki pral enfluyans direksyon sosyete a.

Toulètwa lekòl yo asepte enskripsyon pou nouvo elèv k ap rantre nan klas 7yèm ak 9yèm ane. Lekòl O'Bryant, li menm, aksepte yon ti ponyen elèv nan klas 10yèm ane tou. Lekòl sa yo pami lekòl piblik ki bay pi bon rannman nan peyi a. Yo ofri elèv yo yon pwogram etid k ap prepare yo pou inivèsite epi ki klasik, epitou l ofri yo opòtinite pou yo fè espò, pou yo patisipe nan atizay, aktivite klib elèv, pòs pou yo fè staj, ak divès pozisyon lidèchip, ak divès patenarya avèk kèk inivèsite ak biznis nan zòn nan.

➔ Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis admisyon twa lekòl konkou antre yo, ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/exam](http://bostonpublicschools.org/exam)

## Lojman pou Kandida Lekòl Konkou Antre yo

Pou fè yon demann pou yon lekòl konkou antre e ale ladan l, ni elèv la ni paran an, oswa gadyen responsab la, dwe abite nan vil Boston.

Si nou mete yon elèv deyò akoz yon vyolasyon lojman, li p ap kapab retounen nan lekòl konkou antre a pandan menm ane skolè sa a. Elèv yo dwe fè yon lòt demann pou pwochèn nivo klas la e yo dwe kapab pwouve ke yo abite Boston.

## Kite yon Lekòl Konkou Antre

- Elèv lekòl konkou antre ki ta renmen ale nan yon lòt lekòl BPS ki pa yon lekòl konkou antre kapab fè yon demann pou yon transfè rive jiska a fen mwa novanm.
- Lekòl konkou antre a dwe fè yon entèvyou soti (yon entèvyou depa) e bay elèv la yon lèt soti (yon lèt depa). Elèv la dwe pote lèt sa a avè l lòske l ap soumèt yon demann transfè nan yon Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston.
- Elèv ki soti nan yon lekòl konkou antre pou yo transfere nan yon lòt lekòl kapab antre lekòl konkou antre a ankò pandan menm ane skolè a avèk pèmision direktè lekòl la.

**Pou plis enfòmasyon sou Lekòl Konkou Antre yo, konsilte :**

- ➔ Sèvis Dakèy yo, nan nimewo : .....617-635-9512
- ➔ Sit entènèt : [bostonpublicschools.org/exam](http://bostonpublicschools.org/exam)
- ➔ Nenpòt nan Sant Dakèy BPS yo (Gade nan paj 5)
- ➔ Gade nan paj 44 pou w wè plis egzijans konsènan lojman

## Pakou Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik (CTE)

BPS devlope yon seri opòtinite CTE pou pèmèt elèv yo atenn kèk karyè pwofitab nan plis pase 25 domèn. CTE bay opòtinite aprantisaj pratik ki devlope konesans skolè e teknik, konpetans pou rezoud pwoblèm, konpetans jeneral pou asire yon travay, ak konpetans presi pwofesyonèl ki pèmèt yo resevwa sètifikasyon nan endistri yo. Objektif nou se pou chak elèv CTE posede konpetans skolè, teknik, e pwofesyonèl solid lè yo diplòm, dekwa pou yo kapab jwenn aksè nan kèk opòtinite solid aprè etid segondè yo, pami yo : kèk degre nan yon kolèj (inivèsite) dezan ak kolèj katran, sètifika, ak divès pwogram fòmasyon teknik ak divès domèn aprantis.

Elèv Lekòl Piblik Boston yo kapab chwazi pami plis pase 40 Pakou anba twa kalite pwogram Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik. Divès Pwogram Chapit 74 ke yo ofri nan lekòl Madison Park Technical Vocational High School, Boston Arts Academy, Boston Green Academy, ak Kennedy Academy for Health Careers. Pwogram sa yo satisfè definisyon edikasyon teknik pwofesyonèl ki nan **Chapit 74** Lwa Jeneral Massachusetts la ak Lwa Perkins Act la, epi Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a apwouve yo.

- Nou ofri Pakou Edikasyon Teknik Pwofesyonèl (CTE) ki pa **Pakou Chapit 74** nan lekòl segondè okonplè Boston yo, pami yo : Boston International, East Boston, Jeremiah E. Burke, John D. O'Bryant, New Mission, ak TechBoston Academy. Pwogram sa yo satisfè definisyon edikasyon teknik pwofesyonèl ki nan Chapit 74 Lwa Jeneral Massachusetts la ak Lwa Perkins Act la, epi BPS apwouve yo.
- Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a apwouve kèk Pakou **Inovasyon Pakou** CTE ke lekòl Dearborn STEM Academy ak lekòl Excel High School ofri, e kou yo genyen ladan yo travay nivo kolèj (nivo inivèsite).

## Demann pou fòmasyon pwofesyonèl andeyò distri a :

Yon moun k ap fè demann pou skolarizasyon pou elèv ki pa abite nan vil la pou nenpòt demann pou yon plas etid fòmasyon pwofesyonèl, dwe soumèt li nan imel oswa nan lapòs bay Direktè an Chèf Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik la avan 1ye avril, 2022, pou yo kapab konsidere l pou otòn k ap vini a. Elèv k ap konsidere opsyon sa a dwe kontakte Biwo Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik la ("Office of Career and Technical Education") pou èd avèk pwosesis sa a.

Nou bay tout moun aksè egal ego nan pwogram, sèvis, ak aktivite edikasyon karyè pwofesyonèl/teknik yo, menm sila yo ki fè pati popilasyon espesyal yo, e nou pa diskrimine kont yo sou baz estati yo antanke manm popilasyon espesyal, ni sou baz ras, koulè, sèks, orijin nasyonal, andikap, relijyon, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ni sou baz konpetans yo nan lang angle. Lwa Perkins Seksyon 122 ak 134, Regleman sou Edikasyon Pwofesyonèl Teknik 603 CMR 4.03(4) (6) (7), M.G.L.c.76, Seksyon 5.

**Pou plis enfòmasyon presi sou divès pakou chak lekòl ofri, konsilte sit entènèt :**

- ➔ [bostonpublicschools.org/cte](http://bostonpublicschools.org/cte)

# Sèvis pou Elèv Sante ak Byenèt

Lè elèv yo an sante, yo gen plis chans pou yo reyisi nan aprantisaj yo. Pou lekòl yo reyisi nan edike elèv yo, yo dwe pran swen sante fizik, sosyal, e emosyonèl elèv yo tou. Lekòl Piblik Boston ankouraje byenèt fizik, sosyal, e emosyonèl tout elèv nan yon fason aktif pou soutni yo nan devlopman sante yo ak preparasyon yo bezwen pou yo kab aprann. BPS ap :

- amelyore sante ak konesans fizik elèv yo
- amelyore swen sante ki baze nan lekòl la
- ankouraje abitid bon sante
- kreye yon anviwonman ak klima lekòl ki pi sanitè (ki pi an sante)

Regleman sou Byennèt BPS la “District Wellness Policy (HWD-01)” se yon plan daksyon pou ede gidè lekòl yo nan travay sa a. Regleman sa a kouvri : edikasyon sante okonplè, manje ak brevaj ki bon pou sante, anviwonman sekirite ki bay elèv yo sipò, anviwonman fizik ki bon pou sante, sèvis sante, konpetans nan afè kilti, edikasyon spòtif, ak aktivite fizik. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/hwd](http://www.bostonpublicschools.org/hwd)

## Sèvis Sante Konpòtmantal

Depatman Sèvis Sante Konpòtmantal la genyen sikològ lekòl ki deziyen nan tout Lekòl Piblik Boston yo (BPS) k ap founi sèvis toupatou nan distri a. Depatman Sèvis Sante Konpòtmantal la founi sèvis sante konpòtmantal ki enkli : sèvis prevansyon, sèvis pou risk, ak sèvis entansif. Anplis de sa, ekip Sèvis Sante Konpòtmantal la se ekip ki reponn a kriz (ijans) sante mantal yo pou distri a, pakonsekan li ede lekòl yo ak elèv yo lèske yon evènman chokan pase. Si w ta renmen pale avèk yon sikoòg lekòl konsènan pitit ou a, tanpri rele lekòl pitit ou an. Tout lekòl yo genyen ladan yo travayè sosyal ki disponib pou bay pitit ou a sipò. Plizyè lekòl genyen divès patenarya sante mantal ki ofri sèvis nan lekòl yo oswa nan kominote yo. E si w enterese pou pitit ou a resewa kèk sèvis konsèy, tanpri kontakte lekòl la pou mande yo kèk enfòmasyon sou patenarya sante mantal yo.

Pou plis enfòmasyon, konsilte Sèvis Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Services), sou sit entènèt : [cbhmboston.com](http://cbhmboston.com) oswa [www.bostonpublicschools.org/behavioral-health](http://www.bostonpublicschools.org/behavioral-health) oswa rele Andria Amador, Direktris an Chèf Sèvis Sante Konpòtmantal yo, 617-635-9676.

## Succeed Boston

Succeed Boston nan Sant Konsèy ak Entèvasyon an (“Succeed Boston @ the Counseling & Intervention Center (Succeed”)”) sèvi plizyè elèv Lekòl Piblik Boston sou entènèt ak an pèsòn avèk founisman konsèy, devlopman konpetans sosyal emosyonèl, ak pratik reparatris. Succeed genyen dwa pwogram disten :

1. Pwogram akoutèm nan pou elèv klas 6yèm jiska 12yèm ane, founi sèvis bay elèv ki te enplike nan kèk vyolasyon Kòd Konduit ki enpakte sante fizik oswa mantal yon lòt moun, ki te ka abouti a yon sispanasyon. Pwogram nan bay elèv yo sipò pou devlopman konpetans sosyal e emosyonèl ki ogmante abilite yo pou yo kapab evalye yon risk, konsidere kèk konsekans, e repare kèk mal.
2. Pwogram prevansyon e edikasyon volontè a, ki dire yon jou, kreye pou elèv ki nan klas 1yè jiska 12yèm ane ki ka tire kèk

avantaj nan konesans yo aprann sou entimidasyon, patipri, jesyon kòlè, rezolisyon konfli, limit, sekirite nan itilizasyon entènèt, bon relasyon, ak edikasyon ak prevansyon kont itilizasyon dwòg ak alkòl.

3. Pwogram Itilizasyon Sibstans lan (“Substance Use Pwogram” - SUP) se yon pwogram volontè pou elèv nou enkyete pou byenèt yo akoz y ap itilize dwòg al alkòl. Pwogram sa a bay edikasyon sou efè dwòg, dwòg manjab (ki se dwòg yo mete nan manje, sirèt, elatriye), sigarèt elektwonik, ak alkòl, e li bay elèv yo kèk metòd altènatif yo kapab itilize pou jere strès yo, epitou l konekte yo avèk divès resous ekstèn, si nesesè. Si w ta renmen elèv ou a asiste yon atelye volontè, tanpri rele lekòl elèv la.

Pou plis enfòmasyon, konsilte :

➔ [succeedboston.org](http://succeedboston.org)

➔ Jodie Elgee, Direktris an chèf ..... 617-635-8123

## Sèvis Sante

Sèvis enfimye disponib nan tout lekòl nou yo. Si w bezwen pale avèk enfimye lekòl la, tanpri rele biwo lekòl la.

Tout enfimye lekòl yo gen lisans pou yo pratike metye yo nan eta Massachusetts epi Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (“Department of Elementary & Secondary Education”) sètifye yo.

Divès responsablite enfimye lekòl yo se :

- Evalye e kontwòle bezwen lasante tout elèv yo nan lekòl la,
- Idantifye e kontwòle elèv ki bezwen swen espesyal pou sante yo,
- Travay ak lòt gwoup ki baze nan lekòl la pou ofri yon anviwonman sekirite e sanitè,
- Kontwòle e bay medikaman, osinon akonpli aktivite medikal dapre preskripsyon doktè oswa spesyalis medikal elèv la,
- bay premye swen ak swen an ijans,
- ede fanmi yo jwenn asirans sante lèfini ede yo chwazi yon doktè ,
- jere kontwòl sou maladi atrapan,
- Nan lekòl segondè yo, travay ak lòt anplwaye nan Ekip Kapòt Disponib la, pou bay aksè ak kapòt ak konsèy sou sante repwodiktif (zafè sèks/fè timoun).

Ou kapab ede enfimye lekòl la pran swen pitit ou a si ou :

- fè enfimye a konnen pitit ou a genyen yon maladi kwonik osinon ki grav (dyabèt/sik, anemi falsifòm, opresyon/azma, maladi kriz, elatriye), osinon fè l konnen si l bezwen pou enfimye a ba li swen pandan l lekòl la, konsa nou kapab fè kèk aranjman apwopriye pou li.
- kominike ak enfimye a si medikaman yo oswa kondisyon sante l chanje.
- bay prèv de yon egzamen doktè avèk vaksen ki ajou nan moman elèv la rantrè lekòl la (egzamen an dwe fèt andedan yon peryòd 12 mwa).
- kenbe kontak pitit ou a ajou (nimewo telefòn ak enfòmasyon sou ki jan pou yo kontakte ou) dekwa pou lekòl la ka toujou kapab kontakte w an ka ijans.
- bay enfimye a pèmision alekri pou l diskite bezwen swen sante pitit ou a ak founisè sante pitit la. (Pou w jwenn fòmilè yo, gade sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/healthservices](http://bostonpublicschools.org/healthservices).)

## Vaksinasyon

Daprè lalwa eta a, fòk tout elèv yo pran vaksen kont kèk maladi avan yo ka antre lekòl. Lekòl Piblik Boston egzije pou elèv yo genyen vaksinasyon ajou pou yo kapab rantrè lekòl lòske yo ap enskri pou lekòl. Konfòm ak lwa eta Massachusetts, elèv ki pa founi dokimantasyon estati vaksinasyon aktyèl yo (ki montre dat yo te pran chak vaksen), n ap mande yo kite lekòl la jiskaske yo vaksinen konplètman.

Dokimantasyon vaksen trèzenpòtan. Paran yo responsab pou yo mentni vaksinasyon yo ajou e enfòm enfimye lekòl la lè pitit yo resevwa vaksinasyon anplis. Enfimye lekòl yo repase sou dosye vaksinasyon yo regilyèman.

### Vaksinasyon Egzije pou Enskripsyon pou Ane Skolè 2021-2022 a

(Note ke : egzijans yo se pou ane sa a sèlman.)

	K0/K1 (laj 3-4 zan)	K2 (laj 4-5 an)	Ane 1-6	Ane 7-12
Hepatiti B	3 dòz*	3 dòz*	3 dòz*	3 dòz*
DtaP/DTP/DT/Td	≥ 4 dòz DtaP/DTP	5 dòz DtaP/DTP	≥4 DtaP/DTP oubyen ≥3 Td	≥4 dòz DtaP/ DTP oubyen ≥3 dòz Td
Tdap	-	-	-	1 dòz
Polyo	≥ 3 dòz	3-4 dòz^	3-4 dòz^	3-4 dòz^
"Hib"	1-4 dòz	-	-	-
MMR	1 dòz*	2 dòz*	2 dòz*	2 dòz*
Varisèl (saranpyon)	1 dòz*	2 dòz*	2 dòz*	2 dòz*
MenACWY (Menengokòk konjige)	-	-	-	1 dòz klas 7yèm ane 1 dòz ≥ laj 16 an (piki rapèl)
Grip	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**

^dènye dòz la dwe bay nan jou 4yèm anivèsè elèv la oswa apre sa, epi 6 mwa, oswa depase 6 mwa, apre dòz avan an, otreman yon lòt dòz anplis ap nesèse

\*osinon dokimantasyon maladi a

- Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt : [www.mass.gov/service-details/school-immunizations](http://www.mass.gov/service-details/school-immunizations). Si w genyen kèk kesyon, kontakte Sèvis Sante BPS nan nimewo telefòn 617-635-6788.
- Apa de sa, nou reyèlman rekòmande pou pitit ou a resevwa yon Evalyasyon Risk Tibèkiloz pandan randevou egzamen medikal li fè chak ane a.
- Nou pa egzije elèv yo pran vaksen menengokòk la ("meningococcal") kont menenjit pou yo antre lekòl. Sepandan, Depatman Sante Piblik Massachusetts la rekòmande yon dòz vaksen menengokòk la pou tout timoun laj 11 a 12 an ak pou adolesan k ap rantrè nan lekòl segondè (laj 15 an).
- Apa ka ijans oubyen epidemi, gendelè yon elèv kapab kòmanse lekòl si paran l oubyen responsab legal la prezante yon deklarasyon alekri ki sot nan men (1) yon doktè ki deklare timoun nan pa t vaksinen pou rezon medikal, oubyen (2) timoun nan pa t vaksinen akòz kwayans relijyèz li.

## Konsiltasyon Fizik Jeneral

Pandan paran an gen pou l pran tout responsablite l pou sante pitit li, lekòl la responsab pou byenèt ak sekirite elèv yo pandan yo lekòl. Daprè lwa nan eta a, elèv ki fèk antre nan sistèm lekòl la dwe

prezante rezilta yon konsiltasyon fizik jeneral kay doktè nan delè en (1) an anvan yo antre lekòl oswa nan espas tan 30 jou aprè yo fin antre lekòl. Si pitit ou a fenk vin lekòl la, li obligatwa pou w pote yon kopi kanè vaksen l ak konsiltasyon fizik jeneral li bay enfimye a premye jou lekòl la, menm si li posib ou te bay yo deja pandan l t ap enskri a. Enfòmasyon sa a nesèse pou founi elèv yo avèk meye swen lasante pandan jounen skolè a. Tout elèv k ap kontinye ale lekòl dwe fè yon konsiltasyon medikal nan klas 4yèm, 6yèm, ak 9yèm ane.

## Konsiltasyon Medikal Jeneral pou Elèv Atlèt yo

Elèv atlèt yo dwe pase yon egzamen medikal nan epas tan trèz (13) mwa avan kòmansman chak sezon spòtif. Tanpri note ke plizyè founisè swen medikal bezwen omwen de (2) semèn pou yo fè kopi dosye yo.

## Pran Medikaman Lekòl

Nan pifò ka yo, se sèlman enfimye lekòl la ki dwe bay elèv la medikaman pandan li lekòl la. Sepandan gen twa (3) sikonstans kote kapab gen yon lòt moun ki ka bay medikaman an :

- Lè elèv la pral nan pwomnad, enfimye a kapab delege e montre yon lòt moun ki jan pou l bay medikaman an (yo).
- Nan yon ka ijans kote yon reyaksyon alèjik mete lavi yon elèv an danje, pèsònèl lekòl la ka bay yon medikaman prese-prese, tankou "Epi Pen". Enfimye lekòl la responsab pou l antrene epi sipèvize tout moun ki nan zafè bay medikaman.
- Gen elèv ki kapab pran medikaman yo pou kont yo, tankou respiratè pou opresyon (azma). Pou sa fèt, paran an dwe kontakte enfimye lekòl la pou fè aranjman pou yon "Plan Pran Medikaman Pou Kont Ou".

Pou enfimye a ka bay medikaman, li dwe gen preskripsyon doktè founisè swen sante prensipal elèv la, ak otorizasyon ke paran an/ responsab la siyen. Yo ka bay lòt medikaman (ki sou etajè famasi), tankou Tylenol oubyen Motrin, san preskripsyon doktè, avèk lòd yon medsen Lekòl Piblik Boston, epitou fòk paran elèv la bay pèmision. Mande enfimye nan lekòl pitit ou a pou fòmilè pèmision an. Se paran an menm ki dwe founi medikaman preskri pitit li a, epi fòk medikaman an nan flakon famasi a te mete l ladan l lan. Toujou met enfimye a okouran si doktè a chanje kalite medikaman an oswa dòz medikaman an. Ou dwe pote fòmilè otorizasyon medikaman yo, doktè timoun nan ak moun ki responsab pou timoun nan te siyen an, bay enfimye lekòl la. Epitou, founi enfimye a avèk plan tretman pou kondisyon medikal sila yo ki kwonik, sètadi ki rive toutan (alèji manje, opresyon/azma, kriz, anemi falsifòm, et setera).

## Asirans Sante

Asirans sante disponib pou tout timoun ki nan eta Massachusetts. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou asirans ak swen lasante, kontakte Liy Telefonik Lasante Majistra a "Mayor's Health Line" nan nimewo 617-534-5050. Si ou gen asirans sante, tanpri ranpli yon fòmilè Mizajou Enfòmasyon Elèv ("Student Information Update"), ke w kapab jwenn sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/familyguide](http://bostonpublicschools.org/familyguide).

## Tès Depistaj ak Lòt Pwogram

Enfimye lekòl yo fè tès depistaj pou pwoblèm lasante, depi nan tandè ak vizyon, rive jis sou abi dwòg.

Kantite fwa tès depistaj (evalyasyon) fèt pou wotè, pwa, dan, tandè, vizyon, ak eskolyoz (rèdo koubi) depann sou ki ane klas elèv la ap fè a. Si paran yo pa vle evalyasyon sa yo, yo dwe di sa a nan seksyon



# Sante ak Byenèt

Depistaj Lasante Fòmilè Mizajou Enfòmasyon Elèv la (« Student Information Update Form »), ke yo kapab jwenn sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/familyguide](http://bostonpublicschools.org/familyguide).

- N ap voye avètisman sou regleman aksè a kapòt la, ki enkli yon lèt pou pa patisipe ladan l, bay nouvo elèv laj lekòl segondè yo nan kòmansman ane skolè a atravè lapòs. Paran ak responsab legal yo kapab ekri yon imel voye bay direktè oswa enfimiyè lekòl la pou epaye pitit yo pou yo pa resevwa kapòt. Si ou chanje lide ou epi ou deside pitit ou kapab genyen aksè a kapòt gratis, voye yon imel bay direktè ak enfimiyè lekòl la pandan ane skolè a pou avèti yo de chanjman an.
- Anba lalwa Vi Prive Adolèsan Massachusetts yo, adolèsan kapab resevwa sèvis prive pou dyagnostik, tretman, ak referans pou maladi moun trape nan fè sèks, metòd de pwoteksyon, ak pou gwosès. Opsyon pou elèv yo pa patisipe nan resevwa kapòt la PA aplikab nan sèvis vi prive sa yo.
- Tès depistaj pou abi Dwòg eta a rekòmande a (« State recommended Substance abuse screening ») (SBIRT) fèt nan klas 7yèm ak 10yèm ane. Paran/responsab legal elèv lekòl mwayèn yo ak lekòl segondè yo ap resevwa enfòmasyon atravè lapòs konsènan SBIRT (Tès Depistaj, Entèkansyon Brèf, ak Referans pou Tretman), ki gen ladan l yon lèt ki bay chwa pou elèv yo pa patisipe. SBIRT kapab ede pwofesyonèl ki bay swen lasante yo, ansanm ak lòt pwofesyonèl yo, detèmine si yon moun ap itilize alkòl ak/oswa dwòg nan yon fason ki pa bon pou sante l.
- Pwogram Access Règ la (“Menstrual Access Program”) founi pwodui règ (kotèks) gratis bay elèv Lekòl Piblik Boston ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane. Se enfimiyè lekòl yo nan chak grenn lekòl ki dirije pwogram nan, e li genyen ladan l yon ekip manm pèsònèl lekòl ki rann kèk pwodui règ gratis disponib pou elèv yo ke Lekòl Piblik Boston achte.

## Sitiyasyon Transpòtasyon Espesyal

Gade nan paj 34, **Sitiyasyon Espesyal nan Transpòtasyon**, pou w jwenn enfòmasyon sou sèvis transpòtasyon pou elèv ki gen yon andikap, kote ke kondisyon fizik, oswa medikal, anpeche yo swa mache al lekòl oswa ret kanpe tann otobis.

## Ka Ijans Medikal

Si yon elèv tonbe malad oubyen l blese nan lekòl la, lekòl la ap fè tout efò posib pou l kontakte paran an, oswa moun pou rele an ka ijans la, ki nan kat ijans elèv la nan dosye ki nan biwo direksyon lekòl la. Direktè lekòl la ak enfimiyè lekòl la ap deside sa k dwe fèt. Pifò maladi ak blezi ki rive pandan jounen lekòl la pa twò grav, kidonk enfimiyè lekòl la kapab trete yo. Si kondisyon elèv la trè serye, enfimiyè a, direktè a, oswa lòt manm pèsònèl lekòl la ap rele anbilans. Yon anplwaye lekòl la ap rete ak elèv la nan anbilans la ak nan lopital la, preferabman pou jiskaskè yon paran elèv la vini. Sepandan, si paran an pa vini apre yon bon bout tan rezonab, sal ijans nan lopital la ap pran responsablite pou elèv la.

## Sant Sante Ki Tabli Nan Lekòl yo

Komisyen Sante Piblik Boston an (Boston Public Health Commission), an kolaborasyon avèk Sant Medikal Boston an (Boston Medical Center), ap dirije sant sante kominotè yo nan kèk nan Lekòl Piblik Boston yo. Sant sante kominotè yo asosye yo avèk kèk lòt lekòl pou founi sèvis sante nan lòt Lekòl Piblik Boston. Yo nan lis ki nan paj 54 la.

Nou ankouraje elèv ki al nan lekòl ki gen sant sante sa yo enskri nan sant sante yo pou sèvis sa yo ansanm ak pou lòt sèvis lasante pou :

- Konsèy patikilye sou sante mantal ak jesyon kriz
- Swen sante seksyèl (zafè sèks) ak repwodiksyon (fè timoun)
- sèvis konsiltasyon (depistaj)
- tretman blezi
- egzamen medikal ak egzamen pou ka patisipe nan espò
- enskripsyon pou asirans sante
- enfòmasyon sou lasante

Sant sante sa yo gen yon moun ki bay sèvis sante (yon enfimiyè pratikan oubyen yon asistan medsen), konseye sante mantal, ak yon edikatè lasante. Yo disponib pandan jounen lekòl la yon fason pou elèv ki bezwen sèvis lasante pa oblije pase anpil tan san yo pa nan klas.

## Enfòmasyon Andiplis sou Sèvis Lasante nan Lekòl

Enfòmasyon detaye sou sèvis lasante nan lekòl, ak tout fòmilè tout sèvis lasante, enfòmasyon kòman pou kontakte enfimiyè lekòl la, alèt ak regleman sou lasante, disponib sou sit entènèt Sèvis Lasante a :

➔ [bostonpublicschools.org/healthservices](http://bostonpublicschools.org/healthservices)

Anplis regleman ki dekri nan paj 28-30 yo, Lekòl Piblik Boston gen divès regleman sou :

- azma/opresyon
- dyabèt (sik)
- alèji manje
- bay medikaman nan lekòl
- pou nan tèt
- anemi falsifòm
- twoub kriz

## Edikasyon Sante

Lekòl Piblik Boston (BPS) egzije pou elèv ki nan lekòl matènèl yo (anvan jadendanfan) rive jis nan klas 12yèm ane yo pran kou sou lasante. Edikasyon lasante kontribye dirèkteman nan kapasite yon elèv pou l met an pratik konpòtman ki pwoteje e ankouraje bòn sante epi ki evite, oudimwens, redui risk nan zafè sante. Eleve ki an bòn sante kapab aprann pi byen ! Lòske nou bay elèv yo tan pou yo konprann, pratike, e metrize abiltè ki bay bon sante, sa ede yo reyisi nan zafè lekòl yo, devlope abitud stil de vi ki kanpe sou bon sante, pran desizyon ki byen enfòmè sou baz bon sante, epi amelyore konesans yo nan zafè sante pandan tout vi yo. Li enpòtan pou kòmanse anseye yon timoun enfòmasyon sa yo depi byen bonè nan lavi li.

Pwogram Edikasyon Lasante okonplè nou an pou lekòl matènèl rive jiska klas 12yèm ane a, se yon pwogram ki egzakt nan kad zafè medikal, li apwopriye pou laj ak devlopman, li pran kilti ak lang elèv yo an konsiderasyon, epitou nou mete l sou pye nan anviwònman aprantisaj ki bay elèv yo sekirite ak sipò, kote TOUT elèv kapab santi nou ba yo valè. Se pwofèsè ki kalifye, ki byen fòmè, ki anseye kou sa yo. Kourikoulòm nan (pwogram etid la) abòde plizyè kalite sijè, tankou :

- sante pèsònèl, aktivite fizik (spòtif), ak prevansyon maladi
- sante mantal, jesyon strès, ak aprantisaj sosyal e emosyonèl
- bon kalite relasyon elèv yo parapò ak pwòp tèt pa yo ak lòt moun, ansanm ak abiltè kominikasyon
- prevansyon abi sibstans tankou : alkòl, mariwana, tabak, ak lòt dwòg
- manje/nitrisyon pou bon sante
- etablisman objektif, kòman pou pran desizyon, ak abiltè pou refize kèk bagay



- jwenn aksè a enfòmasyon, pwodui, ak sèvis valab, pou amelyore sante
- analize enfliyans fanmi, kamarad, medya, ak teknoloji sou konpòtman sante
- sekirite ak prevansyon blesi, ki enkli : entimidasyon/entimidasyon sou entènèt ak prevansyon kont vyolans
- edikasyon sou sante seksyèl

Pou w aprann plis sou kourikoulòm edikasyon BPS la sou lasante, konsilte sit entènèt: [bostonpublicschools.org/hwd](http://bostonpublicschools.org/hwd) oubyen rele Depatman Sante ak Byennèt la ("Health and Wellness Department") nan 617-635-6643.

## Edikasyon Sante Seksyèl

Edikasyon sante seksyèl se yon pati enpòtan nan pwogram "Edikasyon Sante Okonplè" BPS la ("Comprehensive Health Education") pou elèv ki nan lekòl matènèl rive jis nan klas 12yèm ane. Se pwofesè kalifye ki resevwa fòmasyon ki anseye klas yo, epi yo abòde aspè fizik, mantal, emosyonèl, e sosyal seksyalite imen, nan yon nivo ki apwopriye pou laj elèv yo. Kourikoulòm nan gen ladan l edikasyon sou idantite seksyèl fi ak gason, epi tout moun enkli, ak tout lezbyèn, omoseksyèl, biseksyèl, travesti/transekseyèl, ak elèv (LGBTQ) ki gen kesyon sou sijè sa yo. Pwogram nan te kreye pou ede elèv yo devlope bonjan relasyon pou yo rete an bòn sante seksyèl pou yo pa prese antre nan aktivite seksyèl, pa trape maladi oswa vin ansent, epi redui konpòtman seksyèl ki gen twòp risk ladan yo.

Leson yo kapab gen sijè suivan sa yo ladan yo :

- kwasans ak devlopman adolesan, ak tout chanjman ki rive pandan pibète (peryòd nan vi timoun yo lòske y ap fòme)
- ki jan pou fè yon relasyon mache epi kenbe bonjan relasyon
- ki jan maladi ki atrapan (pami yo: VIH/SIDA) gaye epi ki jan pou pran prekosyon pou yo pa gaye
- pran desizyon ki reponsab, pami desizyon sa yo se desizyon pou diminye nan konpòtman seksyèl ki ka nui lasante
- reziste kamarad k ap detenn sou lòt kamarad nan fason negatif
- konpòtman ki mete sante moun an danje ak bonjan fason pou di "non" fasa yon konpòtman ki gen twòp risk
- respekte pwòp dwa vi prive pa yo ak vi prive lòt moun

Nan materyèl pou klas sou lasante yo ap genyen : Michigan Model for Health; Healthy and Safe Body Unit (BPS Health & Wellness); Rights, Respect, Responsibility, Making Proud Choices, and Get Real, ("Modèl Michigan pou Sante; Inite Kò an Sante ak an Sekirite; Dwa, Respè, Responsablite, Fè Chwa ki pou Fè w Fyè ak Met De Pye W sou Tè a"), pou edikasyon sante seksyèl. Pwogram etid sa a fè pati Standa Edikasyon Seksyèl Nasyonal yo, li apwopriye pou laj elèv yo, li egzakt parapò a afè medikal, e nou itilize meyè pratik pou edikasyon sante aleka e melanje pou n anseye li. Nou ankouraje w revize materyèl sa yo nan lekòl pitit ou a.

BPS rekonèt wòl fanmi yo jwe antanke premye edikatè timoun yo sou lasante. Fanmi yo kapab genyen, e yo dwe genyen, yon gwo enfliyans sou desizyon k ap fèt konsènan sante pitit yo. Lekòl Piblik Boston fè atelye pou paran pou ede yo pale ak pitit yo sou kesyon sante ki delika. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Cheryl Todisco, Direktris Edikasyon sou Lasante, nan nimewo (617) 635-8709, ak nan imel : [ctodisco@bostonpublicschools.org](mailto:ctodisco@bostonpublicschools.org)

Menm si paran yo pa bezwen bay pèmision pou pitit yo pran kou sou edikasyon sante seksyèl, paran yo gen dwa pou yo pran dispans pou pitit yo pa bezwen patisipe nan klas sante seksyèl yo sèlman. Fanmi yo

genyen dwa pou yo chwazi retire elèv yo nan inite sa a, oswa nan nenpòt pati pwogram etid la, san okenn sanksyon pa pran kont yo (Selon lwa : "Mass.Gen.Laws Ch.71§ 32A" ak "BPS Bulletin HWD-05").

- Si w PA VLE pou pitit ou patisipe nan klas edikasyon sante seksyèl, souple kontakte direktè lekòl la alekri osinon nan imel, pou w fè l konnen desizyon w. Nou p ap penalize elèv ki gen dispans yo nan zafè akademik yo.

## Y2Connect Boston [boston.y2connect.org](http://boston.y2connect.org)

"Y2Connect Boston" se yon sit entènèt moun kapab itilize byen fasil pou jwenn aksè nan sèvis sante seksyèl nan Boston.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kèk sijè tankou :

- kontrasepsyon (planin)
- enskripsyon pou asirans sante
- ak LGBTQ+ (lezbyèn, ge, biseksyèl, travesti, "queer", plis lòt idantite seksyèl ankò)

Sit entènèt la afiche divès kategori pou sèvis sante seksyèl ki popilè pami rechèch moun fè ; epitou l genyen yon karakteristik GPS ki pèmèt elèv, fanmi, ak manm pèsònèl lekòl chèche klinik ak resous selon kòd postal yo ("zip code"). Genyen yon widget (yon ti lojisye) lang disponib sou sit entènèt la pou pèmèt ou wè materyèl yo nan plizyè lang.

Y2Connect Boston founi enfòmasyon pou edikasyon sou sante ak edikasyon sou sante seksyèl ansanm ak divès resous ekstèn pou elèv yo ak manm pèsònèl lekòl yo kapab aprann plis sou sijè sa yo. Anba "Get the Facts" ("Jwenn Enfòmasyon yo"), elèv ak manm pèsònèl lekòl kapab jwenn divès enfòmasyon sou kontrasepsyon (planin), maladi moun trape nan fè sèks (STI), bòn relasyon, dwa elèv, ak pwogram syon randevou.

## Sant Resous Sante

Komasyon Sante Piblik Boston (BPHC) gen Sant Resous Sante (HRC) nan kèk nan lekòl segondè Boston yo. Pèsònèl HRC yo prezan nan lekòl sa yo de (2) fwa pa semèn. Sant HRC yo ofri elèv enfòmasyon sou kòman yo kapab pran bonjan desizyon, enfòmasyon sou bonjan relasyon, ak ki jan yo kapab pran prekosyon kont enfeksyon nan maladi ki transmèt seksyèlman (STI), VIH, ak gwosès ki pa t planifye. Anplwaye HRC yo bay kou ansanm ak konsèy patikilye sou edikasyon sante, yo refere pasyan, yo bay kapòt, epi yo bay enfòmasyon sou planin famiyal sou demann elèv yo.

Lekòl segondè sa yo genyen Sant Resous Sante ladan yo :

- Another Course to College
- Boston Arts Academy
- Community Academy of Science & Health (CASH)
- The English High School
- Excel High School
- Fenway High School
- O'Bryant School of Mathematics and Science

Pou plis enfòmasyon sou Sant Resous Sante Yo, konsilte :

- ➔ Vanessa Centeio, Jesyonè Pwogram nan, .....617-534-2289
- ➔ nan imel : [lcenteio@bphc.org](mailto:lcenteio@bphc.org)

# Sante ak Byenèt

## Regleman sou Byennèt

Gouvènman federal la egzije pou tout sistèm lekòl k ap resevwa finansman pou Pwogram Manje Lekòl Nasyonal yo ("National School Meals Program") genyen yon Regleman Byennèt sou nivo Distri yo. Anba regleman sa a, tout lekòl ki fè pati distri a dwe genyen yon Konsèy Byenèt Skolè, ki kreye yon Plan Daksyon sou Byenèt chak ane. Plan sa a dwe gen ladan l divès etap ki pou ankouraje edikasyon sou lasante ak edikasyon spòtif, sèvis lasante, yon klima ki gen sekirite ak sipò, yon anviwònman fizik ki an sante, manje ak bwason nourisan, ak aktivite fizik. Nou ankouraje paran yo aprann kichòy sou aktivite byenèt k ap fèt nan lekòl pitit yo e patisipe ladan yo. Mande direktè a oswa Konsèy Byenèt Lekòl la kòman lekòl ou a ap mete Regleman Byennèt la sou pye.

**Pou plis enfòmasyon sou Regleman Byennèt Distri a, konsilte :**

☎ 617-635-6643

☎ [bostonpublicschools.org/hwd](http://bostonpublicschools.org/hwd)

## Komite Byenèt Distri a

Konsèy Byenèt Distri a konpoze de divès manm kominote skolè nou an, ke sipèntandan an lonmen, ki travay ansanm pou asire ke Lekòl Piblik Boston (BPS) devni youn nan distri ki pi an sante nan peyi a. Manm konsèy yo revize regleman sila yo ki anrapò ak byenèt, epitou yo konseye distri skolè a sou divès regleman ki abòde byenèt elèv yo, dekwa pou yo kapab ankouraje stil de vi ki bon pou sante ak pratik byenèt dirab nan kominote skolè a. Reyinyon yo piblik, e manm kominote a ak gran piblik la gen dwa pou yo vini nan reyinyon yo nenpòt kilè yo vle. Pou plis enfòmasyon sou orè reyinyon yo, oubyen pou w aprann kòman ou kapab patisipe, konsilte sit entènèt : [bostonpublicschools.org/hwd](http://bostonpublicschools.org/hwd).

## Edikasyon Spòtif

Aktivite fizik benefik pou lasante ak aprantisay. Plis aktivite fizik ak bon kondisyon fizik gen yon efè pozitif sou konsantrasyon ak zafè lekòl. Lekòl Piblik Boston ap travay pou amelyore kantite ak kalite edikasyon fizik ak aktivite fizik pou tout elèv ki nan klas matènèl jiska klas 12yèm ane, pou asire ke yo devlope avèk bonjan sante e ke yo prepare pou yo aprann.

Lwa eta Massachusetts di y ap anseye edikasyon fizik (spòtif) tankou yon sijè obligatwa nan tout nivo klas pou tout elèv. Tout lekòl dwe bay tout elèv opòtinite pou yo fè aktivite fizik (spòtif) nan tout nivo klas.

**Regleman ak Rekòmandasyon pou Lekòl Matènèl jiska Klas 8yèm Ane :**

- 150 minit aktivite fizik chak semèn
- 20 minit rekreyasyon chak jou
- Omwens 45 minit edikasyon fizik (spòtif) chak semèn
- Vize 80 minit pa semèn pou edikasyon fizik (spòtif)

**Egzijans pou Edikasyon Spòtif pou Klas 9yèm jiska 12yèm Ane :**

- Yon trimès edikasyon spòtif (ki egal a mwaye yon ane) chak ane pou tout elèv ki nan klas 9yèm jiska 12yèm ane.

Regleman Lekòl Piblik Boston pale tou de enpòtans aktivite spòtif ak aktivite fizik apre jounen skolè a.

**Pou w aprann plis sou kourikoulòm (chema pwogram) edikasyon fizik Lekòl Piblik Boston yo, konsilte :**

☎ sit entènèt : [bostonpublicschools.org/hwd](http://bostonpublicschools.org/hwd)

☎ Biwo Sante ak Byennèt la (Office of Health and Wellness).....  
617-635-6643

## Sondaj Pwogram Lasante yo

Nan kèk lekòl mwayèn ak lekòl segondè, nou kapab mande elèv yo konplete kèk sondaj sou kèk konpòtman riske (danjre) ak sou kèk lòt sijè ki gen arevwa ak sa, pou ede detèmine bezwen ak efikasite pwogram edikasyon sou lasante yo. Sondaj sa yo ede nou konprann si sa nou anseye elèv yo fè yon diferans nan konpòtman yo ak nan rezilta lasante yo.

Sondaj sa yo - tankou Sondaj sou Konpòtman Riske Jenn yo - konfidansyèl, epi yo pwoteje vi prive chak grenn elèv. Nou p ap janm rapòte okenn repons yon elèv patikilye. Si ou gen kesyon sou sondaj sa yo, ou kapab kontakte prensipal/direktè lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon. Si ou PA VLE pitit gason w la/pitit fi w la patisipe nan sondaj pwogram sante sa yo, souple kontakte direktè lekòl pitit ou a pou w fè l konnen desizyon w. Direktè a kapab mande w siyen yon fòmilè dispans. Nou p ap penalize elèv ki gen dispans yo nan zafè lekòl yo.

## Anviwònman ki an Sante e an Sekirite

Tout lekòl nou yo ap travay pou kreye yon anviwònman lekòl ki an sante. Chak lokal Lekòl Piblik Boston dwe, dapre regleman federal ak regleman eta yo, oswa regleman Lekòl Piblik Boston, gen yon plan jesyon kont amyant "asbestos" ak yon plandaksyon entegre pou kontwole ensèk nuizib (IPM) nan tout lokal lekòl yo. Yo egzije plandaksyon sa yo nan tout lokal lekòl yo, menm si yo pa idantifye okenn amyant ("asbestos"), oswa pa obsève okenn pwoblèm ensèk nuizib nan lokal la (bilding nan). Avi sou disponiblite plan sa yo dwe afiche nan zòn biwo direksyon prensipal la, chann kote pwofesè yo pran poz yo, ak biwo gadyen lekòl la.

Genyen yon kopi Plan Jesyon pou Lwa Repons Ijan pou Danje Amyant lan (AHERA) lekòl ou a ki disponib nan biwo direksyon lekòl la pandan orè lekòl la. Ou kapab jwenn plan an nan yon klasè blan 3-sèk, ki make sou li "AHERA Management Plan" (« Plan Jesyon AHERA »).

Distri a kontinye ap suiv, mete ajou, e amelyore Plan Jesyon AHERA chak lekòl. Ou dwe dirije nenpòt kesyon ou genyen konsènan jesyon materyo konstruksyon ki genyen amyant ladan yo nan Lekòl BPS yo bay moun deziyen distri a pou afè AHERA, Jeff P. Lane, nan adrès : 1216 Dorchester Avenue, Dorchester, MA 02125, nan imel : [jlane@bostonpublicschools.org](mailto:jlane@bostonpublicschools.org) oswa nan nimewo telefòn : 617-635-8300.

Plan IPM nan (enteryè ak eksteryè) prezève nan biwo direksyon lekòl la tou. Li egzijib pou prensipal oswa direktè lekòl la kenbe plan IPM yo ajou chak ane.

BPS enspekte enstalasyon lekòl yo chak ane, e Komisyon Sante Piblik Boston an ranfòse plan sa yo. Dokiman enspeksyon yo dekri kondisyon yo, tankou prezans ensèk nuizib, dlo k ap koule, mwezi ak reparasyon ki merite fèt. Ou ka mande direktè a pou yon kopi rapò sa a.

**Netwayan Òganik.** Nou netwaye tout lekòl nou yo ak meyè netwayan ki bon pou sante moun. Nou pa pèmèt moun pote pwodui netwayan ki sot lakay yo, e espesyalman sevyèt yo vann tou mouye yo.

**Byennèt nan Lekòl yo.** Fanmi yo ka ankouraje byenèt lekòl la lè yo chèche konnen nan ki kondisyon lokal lekòl pitit yo a ye. Fè enfimye lekòl pitit ou a konnen si pitit ou a soufri opresyon/azma, osinon si li fè alèji ki ta kab deklanche kèk reyaksyon si li nan anviwònman ki gen mwezi, pousyè, parazit, oswa gwo lafimen, lèfini asire w ke enfimye a gen Plan pou Tretman Opresyon "Asthma Action Plan" ke founisè swen sante w la remèt ou pou pwoteje pitit ou a.

Kontakte direksyon lekòl la si ou ta gen nenpòt plent sou kondisyon sanitè ak sekirite enstalasyon lekòl la.

## Pou plis Enfòmasyon, konsilte :

- ➔ Divizyon Anviwònman, Jesyon Enstalasyon BPS yo (BPS Facilities Management, Environmental Division), 617-635-8300

## Pou Plis Regleman sou Sante ak Byenèt

- Sante konpòtmantal, sipò pou chòk, prevansyon kont vyolans, ak lòt sèvis pou elèv ..... paj 28
- Prevansyon chòk nan tèt : al gade Aktivite Atletik (Spòtif)..... paj 50
- Regleman sou anviwònman pinga Tabak ak Dlo Potab..... paj 51
- Regleman sou Elèv k ap Atann Bay Nesans a yon Bebe ak Elèv ki Paran ..... paj 52

## Sèvis Konsèy Pedagojik

Konseye lekòl yo pran swen bezwen devlopman tout elèv yo atravè yon pwogram konsèy lekòl okonplè ki pran swen devlopman akademik, pwofesyonèl, e pèsònèl/sosyal tout elèv. Konseye lekòl yo travay avèk elèv yo nan anviwònman endividyèl, ti gwoupman, ak nan sal de klas, pou ede yo kreye yon plan akademik pou edikasyon yo, pou prepare yo pou yo reyisi nan karyè yo aprè yo fin diplome, epi ede elèv yo devlope abilite nesèsè, tankou abilite òganizasyonèl, jesyon tan, ak metòd etid. Epitou yo ede elèv yo simonte obstak ki ka fòme yon baryè nan aprantisaj yo, nan fason yo ede elèv yo abòde divès pwoblèm tankou divès, oswa lanmò nan fanmi yo, ansanm ak divès pwoblèm devlopman tipik.

Pou plis enfòmasyon sou Sant Konsèy Pedagojik la, rele nimewo :

- ➔ 617-635-8030

## Sèvis Manje ak Nitrisyon

Depatman Sèvis Manje ak Nitrisyon (FNS) Lekòl Piblik Boston ofri manje maten, manje midi, ak manje aprè jounen skolè nitritif pou tout elèv ki nan lekòl matènèl rive jiska lekòl segondè, ansanm ak pwogram edikasyon altènatif yo. Pandan mwa ete yo, Sèvis Manje ak Nitrisyon an (FNS) founi manje maten ak manje midi nan divès lokal toupatou nan vil la.

Pou elèv ki anba kèk restriksyon yon rejim espesyal, tankou alèji manje, FNS ka ba yo kèk repa altènatif. Tanpri konsilte enfimye lekòl ou a, oubyen kontakte FNS dirèkteman.

## Tout Elèv Manje San Peye

- Tout elèv Lekòl Piblik Boston elijib pou yo resevwa manje maten, manje midi, manje aprè jounen lekòl, ak manje ete, gratis.
- Lè y ap sèvi yo manje maten ak manje midi nan lekòl la, elèv yo dwe antre nimewo idantifikasyon elèv BPS yo a, ki konpoze de 6 chif, nan sistèm kont manje a.
- Fanmi k ap mande yon lèt verifikasyon konsènan pwogram manje gratis la kapab kontakte Sèvis Manje ak Nitrisyon an nan nimewo ki anba a.

Meni lekòl yo ak plis enfòmasyon

- ➔ [bostonpublicschools.org/fns](https://bostonpublicschools.org/fns)
- ➔ Sèvis Manje ak Nitrisyon .....617-635-9144

## Regleman sou Byenèt ak Nitrisyon : Chwa ki Bon pou Sante

Lekòl Piblik Boston kore abitud « manje byen pou bon sante pou lavi ». Pou abòde nivo ogmantasyon pwoblèm sante ki anrapò ak fason moun manje (tankou lè yon moun peze twòp pwa ak dyabèt) pami elèv ak anplwaye, BPS arive adopte kèk regleman jeneral pou afè nitrisyon ki aplikab pou tout manje yo vann e sèvi nan lekòl yo ki pa fè pati pwogram manje lekòl nasyonal la.

## Èske w konnen...

... pou ki sa manje dejene (manje maten) ak manje midi se yon bon lide ?

- Elèv ki manje dejene (manje maten) lekòl ogmante rannman yo nan matematik ak lekti, epitou yo amelyore vitès yo ak memwa yo nan egzamen ki mezire kapasite yo pou yo reflechi e rezoud pwoblèm.
- Timoun ki manje dejene (manje maten) lekòl pèfòme pi byen nan tès estandadize pase sila yo ki sote dejene osinon ki pran dejene lakay yo.
- Timoun ki patisipe nan manje midi lekòl gen konsomasyon nitrisyonèl siperyè parapò ak sila yo ki pa patisipe ladan l.
- Pwogram Nasyonal Manje Midi Lekòl la "National School Lunch Program" bay timoun lekòl yo yon tyè Rasyon Alimantè Rekòmande a (RDA), oswa plis, pou kèk eleman nitritif kle. Manje midi sa yo pa fèt pou genyen plis pase 30 pousan kalori ki sot nan grès e yo pa fèt pou genyen plis pase 10 pousan ki sot nan asid gra satire.





# Transpòtasyon

## Elèv Klas Jadendanfan jiska Klas 6yèm Ane

Elèv Lekòl Piblik Boston ki nan klas Jadendanfan jiska Klas 6yèm Ane elijib pou transpòtasyon otobis jòn Lekòl Piblik Boston yo si toutfw a al lekòl nan yon lekòl ki nan zòn lakay yo, epitou satisfè egzijans distans yo ki mansyone anba a.

**Egzijans Adrès Kay yo :** Elèv Lekòl Piblik Boston yo dwe ale nan yon lekòl ki nan zòn adrès kay yo pou yo kapab kalifye pou transpòtasyon otobis jòn yo. Ou kapab jwenn yon lis lekòl ki fè pati zòn adrès kay ou a sou sit entènèt : [discoverbps.bostonpublicschools.org](https://discoverbps.bostonpublicschools.org)

**Egzijans Distans yo :** Elèv klas Jadendanfan jiska elèv klas 5yèm ane dwe abite pi lwen pase 1 mil distans a lekòl yo pou yo elijib pou transpòtasyon bis jòn yo. Elèv ki nan klas 6yèm ane dwe abite plis pase yon distans 1,5 mil a lekòl yo pou yo elijib pou transpòtasyon otobis jòn yo.

Lè ou resevwa deziyasyon lekòl pitit ou a, l ap fè w konnen tou si pitit ou a elijib pou transpòtasyon. Si pitit ou a elijib, n ap tou voye yon nòt anvan lekòl ouvè pou fè w konnen ki kote otobis yo ap kanpe, ki lè otobis yo ap pase, ni nan maten ni nan apre midi ak tout nimewo otobis yo.

Kanta elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas 6yèm ane ki al lekòl nan otobis jòn yo, otobis yo a ap pase pran yo oswa depoze yo nan yon kafou tou pre lakay yo, nan anpil ka a pepre ½ mil distans ak kote elèv la abite a.

## Elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane

Elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane ap itilize sèvis bis ak tren MBTA yo. Tout elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane ap resevwa yon kat lese pase 7-jou MBTA gratis chak mwa. Chak lekòl bay tout elèv elijib kat lese pase yo, ke y ap distribye nan premye jou lekòl ap rantre. MBTA la ap pèmèt elèv yo monte gratis pou premye jou lekòl la avan yo pase pran kat yo. Pas (lese pase) MBTA yo ap valab pandan tout lè, sèt jou pa semèn. Nou rekòmande pou elèv yo resevwa antrènman sou kòman yo kapab fè yon vwayaj ale-retou ant lekòl ak lakay avan premye jou lekòl la.

Pou lekòl ki pa gen aksè fasil nan MBTA, BPS kapab ofri sèvis navèt (ale-vini) otobis jòn ant yon estasyon “HUB” MBTA ak lekòl la. Depatman Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston an ak MBTA va deside kilès lekòl ki kapab resevwa sevis sa a.

Elèv ki nan klas 6yèm ane kapab chwazi pou yo gen sèvis MBTA olye de sèvis otobis jòn yo, osilontan yo elijib pou sèvis bis jòn yo. Elèv ki nan klas Jadendanfan jiska Klas 5yèm Ane pa kapab resevwa pase lese M7 yo.

## Sitiyasyon Transpòtasyon Espesyal

Nou bay sèvis transpòtasyon pou elèv ki andikape, konfòm a Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) yo oubyen plan Seksyon 504 yo. Genyen kèk elèv ki resevwa sèvis pòt a pòt, ki vle di : yo pase pran yo e depoze yo devan adrès kay yo. Si adrès lakay elèv la pa aksesib pou otobis nou yo, nou kapab bay sèvis sa a nan pwent kafou aksesib ki pi prè a. Gen lòt elèv andikape otobis la al chache, osinon depoze, nan yon kafou toupri lakay yo, osinon yo resevwa kat MBTA, oubyen tou yo mache al lekòl.

Gen kèk elèv ki ka gen kondisyon medikal, osinon fizik espesyal, ki anpeche yo mache al lekòl oswa al pran otobis nan pwent kafou. Nan ka ra sa yo, Lekòl Piblik Boston ka founi transpòtasyon medikal pòt a pòt. Pou pitit ou jwenn konsiderasyon pou sèvis espesyal sa yo, fòk doktè pitit ou a ranpli yon fòmilè ki rele “Kolaborasyon Plan Sante Pèsonalize” (“Individualized Collaborative Health Plan”). Ou kapab jwenn fòmilè sa a nan men enfimiyè lekòl la. Souple, retounen fòmilè a bay enfimiyè lekòl la, ki li menm va pote enfòmasyon an bay Ekip Sipò Elèv la pou detèmine si kondisyon medikal pitit ou a satisfè kritè (machasiv)

elijibite yo. Si pitit ou a pa satisfè tout kondisyon machasiv yo, enfimiyè lekòl la ap kontakte ou. Se Ekip Sipò Elèv lekòl patikilye yo ki verifiye demann pou transpòtasyon medikal yo.

**Tanpri note ke : Otobis yo pa gen obligasyon pou yo antre nan teren paking prive.**

## Sèvis Transpòtasyon Prive

Gen fanmi ki fè aranjman pou fè yon sèvis transpòtasyon prive, oswa yon moun patikilye, mennen e pase pran pitit yo lekòl. Pou rezon sekirite, lekòl la p ap remèt yon elèv bay okenn moun ki pa paran, oswa grandèt responsab, san paran an pa bay pèmision alekri pou sa fèt. Si ou fè aranjman pou pitit ou jwenn transpòtasyon prive, asire ke ou siyen fòmilè otorizasyon an. Ou kapab jwenn fòmilè sa a nan lekòl la oubyen sou sit entènèt BPS : [bostonpublicschools.org/domain/suptcirculars](https://bostonpublicschools.org/domain/suptcirculars), Regleman ak Machasiv “Policies & Procedures” epi klike sou dosye Sèvis Sekirite a “Safety Services”. Se Sikilè “Circular SAF-08”. Fòm sa a wete tout responsablite sou do BPS si ta gen yon pwoblèm avèk sèvis prive a.

## Regleman ki Anrapò ak Pase Pran Elèv yo

Otobis Lekòl Piblik Boston yo genyen pèmision pou yo rive 10 minit swa avan oswa aprè lè pou yo pase pran elèv yo. Lemanten, nou atann aske elèv yo kanpe nan arè kote bis la ap pase pran yo a di minit avan lè orè planifye a. Elèv yo/paran yo dwe vizib nan arè bis la ; yo pa dwe ap tann ni anndan kay yo ni nan machin yo. Chofè yo ka ale kite yon arè si toutfw yo pa wè okenn elèv ni paran ap tann. Chofè yo pa genyen pèmision pou yo sonnen klaksòn yo nan yon arè bis.

## Regleman ki Anrapò ak Depoze Elèv yo

Otobis Lekòl Piblik Boston yo genyen pèmision pou yo rive 10 minit swa avan oswa aprè lè pou yo depoze elèv yo. Elèv sila yo ki genyen arè bis nan pwent kafou yo kapab desann bis la nan arè deziyen yo a san yon paran/yon gadyen responsab pa prezan, si toutfw yo santi yo alèz pou yo fè sa. Chofè yo pa kapab kenbe elèv yo, menm elèv jadendanfan, nan bis la kont volonte yo si bis la rive nan arè deziyen an. Sepandan, elèv yo ka rete nan bis la si toutfw yo pa vle desann (tankou si paran yo oswa gadyen responsab yo pa prezan nan arè bis la). Lè sa a, fonksyonè Lekòl Piblik Boston yo va eseye lokalize paran an oswa gadyen responsab la. Paran yo dwe asire ke pitit yo abitye avèk anviwònman ozalantou arè bis yo, e konnen ki wout ki pi an sekirite pou yo mache al lakay yo si toutfw pa ta gen moun pou rankontre yo.

Yo pa kapab kite elèv ki genyen arè bis pòt a pòt yo desann bis yo san yon paran/yon gadyen responsab pa prezan, kèlkeswa sikonstans lan. Si yon paran/yon gadyen responsab pa prezan nan arè a, fonksyonè Lekòl Piblik Boston yo va eseye rantre an kontak avèk paran an/gadyen responsab la, epi ranje pou yo rankontre bis la.

## Kote Otobis Lekòl Mwen an

Paran yo kapab itilize sit entènèt “Where’s My School Bus la” (ki vle di “Kote Otobis Lekòl Mwen an”) pou yo suiv pakou bis pitit yo a, sou sit entènèt : [schoolbus.bostonpublicschools.org](https://schoolbus.bostonpublicschools.org). Pou w kapab ouvri yon sesyon, tanpri itilize enfòmasyon suivan yo :

- Non fanmi paran an/gadyen responsab la
- Nimewo idantifikasyon elèv la
- Dat nesans elèv la

Si w rankontre okenn pwoblèm lè w ap itilize sit la, oubyen w genyen kèk kesyon sou enfòmasyon koneksyon yo, tanpri kontakte m nan



imel oswa nan Liy Dirèk Transpòtasyon nou an, epi n ap ede w rezoud pwoblèm nan.

## Konduit nan Otobis la

Lekòl Piblik Boston konsidere otobis la tankou yon “ekstansyon sal de klas la”. Sa vle di : menm kritè konpòtman nou genyen pou andedan lekòl yo, se menm kritè sa yo nou genyen pou konpòtman nan otobis lekòl yo, nan MBTA a, nan estasyon kote otobis yo kanpe yo ak nan estasyon kote otobis MBTA yo kanpe yo. Kritè sa yo aplikab nenpòt lè elèv nou yo monte otobis jòn yo, oswa sèvis MBTA yo—menm lè se pa nan lè lekòl, e menm nan wikenn. Tankou pa egzans, elèv yo dwe rete chita nan plas yo ; epi yo pa dwe lonje okenn pati kò yo deyò fenèt yo, ni pouse ni goumen ak lòt elèv, ni jete bagay, ni eseye distrè chofè a. Elèv yo dwe respekte tout lòt moun ki nan otobis jòn yo ak nan transpòtasyon MBTA yo.

Elèv ki vyole Regleman Lekòl tabli yo ak Kòd Konduit lan pandan yo nan otobis yo oswa nan transpò MBTA yo, kapab sibi kèk pinisyon oubyen nou kapab refere yo nan Pwogram Sekirite Otobis la nan Sant Succeed Boston an, epi/oubyen nou kapab refize yo transpòtasyon, ak tout deaktivasyon pas MBTA yo. Y ap sispann elèv la sèlman nan wout otobis kote ensidan an te pase a. Refi transpòtasyon pou mwens ke kat jou pa egzije yon chita tandè (yon odyans). Lekòl la dwe avèti fanmi an anvan yo refize bay transpòtasyon. Elèv la dwe toujou kontinye al lekòl.

## Kèk Machasuiv Sekirite Anplis

Tanpri konsilte sit entènèt Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston an (BPS) pou w jwenn regleman, pwosedi, ak machasuiv ajou sou afè monte bis. Sit entènèt nou an ap toujou genyen ladan l regleman, pwosedi, ak machasuiv sekirite ki pi resan yo sou afè monte bis.

## Kontakte Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston

Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston (BPS) travay di pou l founi yon sèvis ekselan bay elèv yo ak fanmi yo. Genyen plizyè diferan fason fanmi yo kapab kontakte Depatman Transpòtasyon an :

**Pòtay Sipò a :** Pòtay Sipò nou an bay enfòmasyon sou regleman nou yo ak Kesyon Moun Poze souvan, epitou l pèmèt fanmi yo antre e tcheke tikè asistans yo (pou kesyon, plent, oswa demann pou chanjman transpòtasyon). Fanmi yo kapab jwenn aksè nan Pòtay Sipò nou an sou sit entènèt : [bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home](https://bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home). Sa se meye kanal pou w kominike nenpòt kesyon oswa enkyetid ijan. N ap voye tikè asistans ou a otomatikman bay manm ekip sila a ki pi abil pou ede w la, e an jeneral w ap jwenn yon repons nan yon espas tan de 7 a 10 jou, pou pi plis, e petèt menm avan sa.

**Liy Dirèk Depatman Transpòtasyon an :** Nimewo telefòn Liy Dirèk Depatman Transpòtasyon nou an se **617-635-9520**. Liy Dirèk Depatman Transpòtasyon an ouvri pou elèv ak fanmi apati 6:00 dimaten jiska 7:00 diswa nan jou sila yo lekòl ap fonksyone. Anplis de sa, liy dirèk la ouvri pou kèk tan limite pandan vakans lekòl yo, abityèlman de 9:00 dimaten jiska 5:00 nan laprèmidi. Nou genyen kèk Reprizantan Sèvis Kliyan disponib pou pale avèk paran yo nan plizyè lang. Si nou pa genyen yon Reprizantan Sèvis Kliyan disponib pou pale nan lang prefere w la lè w retounen apèl la, n ap fè aranjanman pou yon moun rele w.

**Karakteristik Chat (Tchat) :** Epitou paran yo kapab itilize karakteristik chat la pou yo kontakte nou ; li disponib sou Pòtay Sipò nou an. Paran yo kapab ale sou Pòtay Sipò nou an pou yo jwenn aksè nan karakteristik chat la ; y ap jis klike sou ti imaj ble ki anba paj la, nan kwen ki sou men dwat la. Karakteristik Chat la (Tchat) ouvri pou elèv ak fanmi apati 6:00 dimaten jiska 7:00 diswa nan jou sila yo lekòl ap fonksyone.

**Imel :** Ou kapab voye imel ban nou nan adrès imel : [schoolbus@bostonpublicschools.org](mailto:schoolbus@bostonpublicschools.org). An jeneral yon manm ekip la ap reponn ou nan 2 a 3 jou.

## Demann pou Chanjman Transpòtasyon

Paran yo kapab fè demann plizyè kalite chanjman nan deziyasyon transpòtasyon pitit yo sou Pòtay Sipò a. Navige al nan Pòtay Sipò a, klike sou “New Support Ticket,” epi presize kalite chanjman ou vle a anba “Ticket Type,” epi rantre enfòmasyon yo mande w yo.

Tanpri note ke tan pou n pran swen demann nan ka pran jiska 2 a 3 semèn, epi nou pa garanti ke demann yo ap apwouve. Nou pran swen demann yo nan lòd ke nou resevwa yo a. Tout rekèt nou resevwa avan lye out ap jwenn yon repons pa pi ta ke 31 out, e si l apwouve, l ap an vigè premye jou lekòl la. Demann ke nou resevwa an out ak septanm ka pran plizyè semèn anplis pou n pran swen yo.

Si demann yo apwouve, yo p ap valab pou ane skolè suivan, e w ap genyen pou w soumèt yon lòt demann ankò.

Demann pou chanjman yo ka enkli chanjman suivan yo :

- **Transpòtasyon Altènatif** Paran yo kapab mande pou yo pase pran e/oswa depoze pitit yo nan yon lòt adrès, menm nan adrès yon pwogram anvan oubyen apre jounen skolè a, osinon nan adrès moun k ap gade timoun nan/gadri a, elatriye. Ou kapab fè demann sa a menm si elèv la pa elijib pou transpòtasyon ale-vini ant lakay ak lekòl. BPS pa garanti okenn demann, men depatman Transpòtasyon BPS la va analize si yo kapab onore demann nan. Pou n kapab akomode yon demann :
  - Arè/estasyon paran an mande a dwe sou youn nan wout otobis regilye lekòl la
  - Dwe gen yon plas disponib nan bis la
  - Arè altènatif la dwe menm arè a pou chak jou lekòl

**Demann pou Chanjman Arè Bis :** Paran yo ka fè demann pou yon nouvo arè pwent kafou pou pitit yo pou rezon ki anrapò ak distans, oswa pou rezon sekrite. Tanpri note ke arè pwent kafou yo ka rive jiska a yon distans ½ mil a adrès kay elèv la

- **Demann pou Frè ak Sè :** Paran yo kapab itilize demann sa a si yo genyen de (2) timoun k ap prale nan menm lekòl e ki abite nan menm adrès, epi yo ta renmen yo monte bis yo ansanm. Omwen youn nan elèv yo dwe elijib pou transpòtasyon pou n kapab analize demann sa a, epi dwe genyen plas disponib nan bis la.
- **Demann pou Egzanpsyon MBTA :** Paran yo ka itilize li si pitit yo a se yon elèv klas 7yèm oswa 8yèm ane ki deziyen pou l resevwa yon lese pase M7 MBTA, e yo ta renmen mande pou sèvis otobis jòn pou li, de preferans.
- **Patisipasyon MBTA pou Klas 6yèm Ane :** Paran yo ka itilize li si pitit yo a deziyen pou li resevwa sèvis otobis jòn, e yo ta renmen mande pou yon lese pase M7 MBTA pou li, de preferans. Tanpri note ke elèv klas jadendanfan jiska klas 5yèm ane yo pa ka resevwa yon lese pase M7
- **Chwa pou Patisipasyon nan Sèvis Transpòtasyon :** Paran yo ka itilize li pou yo fè nou konnen si yo pa bezwen transpòtasyon otobis jòn pou pitit yo
- **Reentegrasyon nan Transpòtasyon :** Paran yo ka itilize li si yo pa t chwazi sèvis transpòtasyon otobis jòn pou elèv yo a oparavan e yo ta renmen kòmanse. Sa ap apwouve si toutfw pitit ou a elijib pou transpòtasyon otobis. Nan pifò ka, reentegrasyon nan sèvis bis yo ap pran 10 a 15 jou. W ap resevwa yon notifikasyon sou deziyasyon otobis pitit ou a infwa ke l prè

# Kesyon ak Repons sou Transpòtasyon

## Kòman mwen kab jwenn deziyasyon transpòtasyon pitit mwen an ?

Ou kapab wè deziyasyon aktyèl pitit ou a ak chanjman ki an atant yo sou entènèt, nan pòtays SIS la, a nenpòt kilè. Pou yon ti leson sou kòman pou w fè sa, tanpri ale sou Pòtay Sipò nou an. Anplis de sa, w ap jwenn yon notifikasyon atravè lapòs, ak/oswa imel, nenpòt lè yon chanjman oswa yon mizajou ta fèt nan deziyasyon transpòtasyon pitit ou a.

## Pitit mwen an rate bis la. Èske bis la kapab retounen nan arè bis la ?

Bis yo pa kapab retounen pou pran elèv ki rate bis yo. Tanpri fè si ke pitit ou a rive nan arè bis deziyen an omwen di (10) minit avan lè. Elèv yo/paran yo dwe vizib nan arè bis la ; yo pa dwe ap tann ni anndan kay yo ni nan machin yo. Chofè yo ka sote yon arè si toutfwà yo pa wè okenn elèv ni paran ap tann.

## Bis la depase arè pitit mwen an. Ki sa m dwe fè ?

Si w kwè ke bis la te rate arè pitit ou a, tanpri kontakte Liy Dirèk Transpòtasyon an tousuit, nan nimewo telefòn 617-635-9520. Si nou konfime ke bis la pa t founi sèvis li pou arè bis pitit ou a, n ap fè aranjman pou yon bis an rezèv pase pran pitit ou a.

## Si mwen demenaje nan mitan ane skolè a, ki sa pou m fè pou m chanje arè otobis pitit mwen an ?

Depatman Transpòtasyon BPS pa ka travay sou yon chanjman adrès. Tanpri ale nan nenpòt Sant Dakèy avèk prèv kote ou rete a (gade paj 44) epi ranpli fòmilè ki rele “Chanjman Adrès” la (“change of address” form). Apre ou fin chanje adrès ou nan Sant Dakèy la, Depatman Transpòtasyon an ap bay pitit ou a yon nouvo arè otobis si toutfwà li kalifye pou transpòtasyon. Si ou demanaje pou al abite nan yon lòt zòn pandan ane skolè a, pitit ou a kapab rete nan menm lekòl la—men li gen dwa pa kalifye pou l jwenn sèvis transpòtasyon.

## Pitit mwen transfere nan yon lòt lekòl. Ki jan m ka chanje arè otobis la ?

BPS ap bay pitit ou a yon lòt arè otobis otomatikman, si toutfwà pitit ou a kalifye pou l jwenn transpòtasyon. Nou pran swen nouvo deziyasyon yo lè mekredi maten chak semèn, donk gen dwa gen yon delè ant lè transfè a fèt ak lè nou deziyen arè bis la.

## Si otobis la rive an reta, èske y ap make pitit mwen an “an reta” ?

Y ap make elèv la anreta, men reta akòz “transpòtasyon otobis” se reta ki eskize (jistifye), kidonk yo pa konte.

## Èske otobis yo gen radyo ak telefòn pou moun kontakte chofè yo osinon pou chofè yo kapab mande pou asistans ?

Wi, tout otobis yo gen radyo pale-reponn “wòki-tòki”. Yo tout genyen yon sistèm GPS (Sistèm Pozisyonman Global) pou ede lokalize machin yo, sizoka gen yon ka ijans.

## Pitit mwen an gen transpòtasyon, men mwen planifye pou m mennen l lekòl chak jou. Èske m dwe fè yon moun konn sa ?

Tanpri, ale sou Pòtay Sipò entènèt nou an pou w ranpli yon fòmilè “Deside Pa Pran Transpòtasyon Otobis-Jòn” nan (“Yellow-Bus Transportation Opt-out Form”). Si ou bezwen otobis la nan yon lòt dat epi ou elijib pou transpòtasyon, ou kapab ranpli yon “Fòmilè Reentegrasyon nan Transpòtasyon” (“Transportation Reinstatement Form”), epi n ap deziyen yon otobis bay elèv ou a.

## Ki moun pou m rele si pitit mwen gen pwoblèm ak chofè a oswa ak yon lòt elèv nan otobis la ?

Se pou toujou avèti direktè lekòl la an premye. Si direktè lekòl la pa ka rezoud pwoblèm nan, kontakte Depatman Transpòtasyon an nan Pòtay Sipò nou an nan nimewo telefòn : 617-635-9520 oubyen voye yon imel nan adrès imel : [schoolbus@bostonpublicschool.org](mailto:schoolbus@bostonpublicschool.org).

## Si m panse estasyon otobis pitit mwen an pa an sekirite oubyen li twò lwen ak kay mwen, ki sa m ka fè ?

Toudabò, kontakte lekòl pitit ou a pou asire ou adrès ki nan dosye pitit ou a kòrèk. Lè n ap deside sou yon arè otobis, Depatman Transpòtasyon an konsidere sekirite elèv la ak ki wout ki pi efikas. Nan pifò ka, arè otobis yo plase a yon distans ki apepre ½ mil ak kay elèv la. Si ou panse BPS fè yon erè nan arè otobis pitit ou a, kontakte Depatman Transpòtasyon an. Yo va revize arè an epi yo va fè yon ajisteman. Men souple, remake ke anpil timoun ki pa jwenn transpòtasyon toujou mache jiska yon distans de yon mil pou y al lekòl.

## Èske otobis lekòl yo gen monitè (siveyan) ladan yo ?

Pifò otobis yo pa gen monitè (siveyan) ladan yo. Gen kèk elèv ki gen yon monitè (yon siveyan) edikasyon espesyal, jan Plan Edikasyon Pèsonalize yo (IEP yo a) egzije sa. Men gen sikonstans espesyal kote direktè lekòl yo kapab mande lajan tou pou peye “moun pou siveye nan otobis” yo lè genyen pwoblèm konpòtman serye.

## Ki responsablite chofè otobis yo gen sou do yo lè y ap kondui timoun yo ?

Chofè yo gen responsablite pou mennen timoun yo ale-vini lekòl senesof, e alè tapan. Yo responsab pou : kondui otobis la, sipèvize lè elèv yo ap monte otobis la ak lè y ap desann pou soti nan otobis la, sipèvize elèv yo nan otobis la ; rapòte ensidan ki anrapò avèk sekirite ak konpòtman elèv yo bay direktè lekòl la ; epi (kote sa apwopriye) asire ke senti sekirite yo, sistèm pou restren timoun yo, oswa sistèm pou kenbe chèz woulant yo an sekirite a an plas.

## Konbyen elèv yon otobis fèt pou genyen ladan l pou pi plis ?

Kantite a varye selon gwosè otobis la. Gwo otobis yo ka pran jiska 71 elèv klas elemantè. Yo pa pèmèt pasaje yo kanpe. Pou rezon sekirite, se sèl elèv ki gen plas deziyen nan otobis lekòl yo ki gen dwa monte yo.

## Èske otobis lekòl yo gen senti sekirite ?

Non, yo pa egzije pou otobis lekòl yo genyen senti sekirite, sepandan genyen anpil nan ti otobis nou yo ki genyen Sistèm pou Kenbe Timoun yo an Sekirite ki la tankou yon opsyon sekirite pou elèv ki peze pi piti pase 40 liv. Tout otobis lekòl BPS yo respekte tout kritè sekirite lwa federal yo ak lwa leta yo.

## Mwen enkyete sou kesyon pou pitit mwen pran T (sèvis MBTA) pou l al lekòl olye de yon otobis lekòl. Èske l an sekirite ?

Nou travay sere-sere avèk ajans kominotè yo, Sèvis Katye Biwo Vil la “City of Boston Office of Neighborhood Services”, MBTA, ak lòt pati enterese pou n asire sekirite elèv yo. Tankou pa egzanzp, n ap amelyore kowòdinasyon polisye yo pou asire yo kouvri zòn estasyon otobis yo nan lè transpò kote tout moun ap bouje, epi ranfòse patisipasyon anplwaye lekòl yo ak kèk volontè, atravè pwogram “Stopwatch” la ak pwogram “BPS Safety Ambassador” a (ki vle di “Kanpe Gade ak Anbasadè Sekirite BPS”). Epi nou ka founi otobis jòn pou fè lanavèt (ale-vini) pou elèv sila yo ki nan lekòl ki mwens aksesib. Nou rekòmande tou pou elèv yo resevwa antrènman sou kòman pou yo fè yon vwayaj ale-retou ant lekòl ak lakay avan premye jou lekòl la.

## Ki sa m dwe fè si elèv mwen an pèdi lese pase M7 MBTA l la ?

Si kat lese pase M7 ou a pèdi, oswa yo vòlè l, tanpri rapòte sa bay lekòl ou a. Manm pèsonek lekòl yo va deaktive ansyen lese pase a epi y ap ba w yon lòt.

Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/transportation](http://bostonpublicschools.org/transportation) oswa sou : [bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home](http://bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home).

# Regleman BPS

## Sekirite Elèv ak Ka Ijans

Pa gen anyen ki pi enpòtan pou nou pase sekirite elèv nou yo. Men kèk nan mezi nou mete an plas pou pwoteje pitit ou yo.

### Timoun Nou Pa Wè oswa Ki Pèdi

Raman sa ka rive pou timoun nan kite lakay li nan maten men l pa rive lekòl la, oswa li ka kite lekòl la epi l pa retounen lakay li. Si ou pa wè pitit ou a oubyen si l pèdi, premye kote pou w rele se lekòl la. Si pèsoun nan lekòl la pa reponn ou, rele “911”. Lè fini, rele Sèvis Sekirite Lekòl yo nan nimewo 617-635-8000. Ofisye Sèvis Sekirite lekòl yo ap kolabore ak Lapolis Boston (ak Depatman Transpòtasyon BPS la, si pitit ou a gen sèvis transpòtasyon) epi n ap mete ou okouran sou tout demach k ap fèt, jouk yo jwenn pitit ou a.

### Ka Ijans Medikal

Ale nan paj 29, kote nou pale sou mezi BPS pran pou l reponn a ka ijans medikal ki rive nan lekòl yo e ki rive nan lòt evènman ke lekòl la apiye.

### Verifikasyon Cori/Sori pou Travayè Volontè nan Lekòl yo

Tout moun k ap fè volontè, tankou akonpayatè nan pwomnad, dwe pase anba investigasyon sou lavi yo te genyen oparavan, ki rele CORI/SORI, anvan ke yo kapab patisipe nan aktivite sa yo. CORI vle di Dosye Enfòmasyon Kriminèl yon moun. SORI vle di Enfòmasyon sou Ofans Atanta Seksyèl.

### Remèt yon Elèv bay Yon Granmoun Ki pa Paran Elèv la

Lekòl yo p ap kite nenpòt ki moun vin chache yon elèv nan lekòl la si yo pa paran an oswa moun ki gadyen responsab elèv la. Si ou vle pou yon fanmi ou, yon zanmi ou, oswa moun k ap okipe pitit ou a vin chache l lekòl la, ou fèt pou bay pèmisyon alekri osinon rele lekòl la. Si se rele ou rele, direktè lekòl la dwe verifiye se yon paran oswa yon lòt grandèt responsab ki nan telefòn nan. Moun k ap vin chache elèv la dwe prezante yon pyès idantite anvan lekòl la ka aksepte remèt li elèv la.

Si ou vle sèvis transpòtasyon prive mennen pitit ou a lekòl ale-retou, ou fèt pou ranpli e sisyen yon fòmilè ki rele “Pèmisyon Paran pou Remèt Elèv la Bay yon Moun Ki Otorize” (“Parent Permission to Release Students to Authorized Persons”). Ou kapab jwenn fòmilè sa a nan direksyon lekòl la, oswa nan sit entènèt BPS la. BPS pa responsab pou aksidan ak domaj ki rive elèv ki pran transpòtasyon ki pa transpòtasyon BPS. Souple al gade nan paj 34 pou plis enfòmasyon.

### Lè Yo Pa Vin Chache Yon Timoun Lekòl

Direktè lekòl la, osinon yon lòt anplwaye ki la pou sa, konnen ki elèv ki pran otobis, ki elèv ki mache ale lakay yo poukont yo, ak ki elèv paran yo oswa lòt granmoun responsab vin chache yo lekòl regilyèman.

Se responsablite direktè lekòl la pou l asire l tout timoun rive lakay yo an byen. Lè yo pa vin chache yon timoun lekòl, direktè a ap eseye kontakte paran an, oswa moun pou yo rele nan ka ijans lan. Apre 5:00 nan lapremidi, pèsounèl BPS yo ka kontakte Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi (DCF) Massachusetts la pou pran timoun sa a an chaj.

Lè ou kontinye ap rate vin chache elèv la lekòl, direktè a ap ranpli yon fòmilè 51A (ale nan “Abi ak Neglijans Kont Timoun” nan paj sa a [“Child Abuse and Neglect”]).

### Abi kont Timoun ak Neglijans

Si manm pèsounèl lekòl yo sispèk ke yon elèv ap sibi abi ak neglijans, dapre lalwa (M.G.L. Chapit 119, Seksyon 51A) ak regleman BPS yo, yo sipoze rapòte sa bay Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) Massachusetts la. Tout rapò yo trè konfidansyèl (prive). DCF gen yon liy telefòn dirèk 24 sou 24, ki se : 1-800-792-5200.

Regleman BPS la esplike tou ki jan lekòl yo dwe aji pou rapòte yon ka abi oswa neglijans timoun, ak tout kòman pou yo kowopere avèk ankèt DCF yo.

### Transfè pou Mezi Sekirite

Gendèlè, li nesèsè pou chanje yon elèv lekòl pou asire elèv la ap aprann san kè sote nan anviwònman li.

- Elèv ki viktim yon agresyon fizik serye oswa lòt atak emosyonèl ak/oswa asèlman pa mwayen elektwonik, oubyen ki viktim yon krim vyolan pandan l lekòl oswa nan otobis lekòl yo, oubyen tou ki nan yon lòt aktivite lekòl la apiye, kalifye pou yo jwenn transfè pou y al nan yon lòt lekòl pou rezon sekirite.
- Elèv ki nan yon lekòl ke Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts deziyen kòm lekòl “ki pa an sekirite oswa kote danje pèsiste” kapab transfere nan yon lekòl ki an sekirite. Nan peryòd nou te enprime gid sa a, pa t gen okenn lekòl piblik Boston ki te nan lis sa a.

Pou paran an oswa gadyen responsab la mande yon transfè pou koz sekirite, fòk li ranpli epi sisyen yon fòmilè ki rele “Fòmilè Transfè pou Rezon Sekirite” (“Safety Transfer Request Form”), lèfini remèt li bay direktè lekòl la oswa direktè pwogram nan, pou yo etidye l, analize l, epi bay kèk rekòmasyon. Kontakte direktè a si ou bezwen plis enfòmasyon.

### Kontwòl sou Aksè nan Lekòl yo

Sekirite, sante, ak byenèt elèv, manm pèsounèl, ak fanmi nou yo se pi gwo priyorite nou nan Lekòl Piblik Boston. Konfòm a sikilè Sipèntandan an sou Kontwòl Aksè Lekòl “Superintendent Circular SAF-12, School Access Control,” chak lekòl nan distri a dwe konplete e soumèt yon Plan Evantyalite Sekirite Lekòl (“School Safety Contingency Plan”) chak ane. Plan sa a dwe asire ke genyen an plas yon pwotokòl kontwòl aksè nan bilding lekòl la ki klè e konplè.

### Fouye Elèv

Dapre lalwa federal, anplwaye lekòl yo kapab fouye yon elèv si yo sispèk elèv la gen prèv ki montre swa li an vyolasyon ak lalwa, osinon li nan vyolasyon ak regleman lekòl la. Pou vrèman sispèk yon bagay, fonksyonè yon lekòl dwe gen ase prèv pou tabli sa yo sispèk la ka vre.

Fonksyonè lekòl yo dwe itilize bonsans yo e fè tèt yo travay lè y ap detèminen si yo dwe fouye yon elèv ak ki jan pou yo fè li. Yo dwe konsidere kèk faktè tankou : ki danje bagay y ap chache a kapab poze ; chans pou prèv la gen tan pa la ankò, osinon gen tan detwi ; ak laj, sèks, ak dosye disiplin elèv la te gen anvan sa.



# Regleman BPS

## Sekirite Elèv ak Ka Ijan(kontinye)

Fouy elèv dwe suiv machastuiv sa yo ansanm ak kèk lòt machastuiv :

- Se sèl administratè ki otorize pou sispann elèv dapre Kòd Konduit la, ki gen dwa fouye elèv.
- Si administratè lekòl la kwè yon elèv ka gen yon zamafè, zam, bagay danjre, osinon dwòg, osinon li pè ke yon fouy kapab mete sekirite pa li an danje, administratè a dwe avèti Lapolis Lekòl Boston ak Depatman Lapolis Boston. Yon polisye fèt pou la lè fouy la ap fèt.
- Anplwaye ki otorize yo fèt pou fouye elèv ki menm sèks avèk yo sèlman.
- Fouy la nòmalman dwe limite a kote ak bagay yo espere ki ka gen atik y ap chache a, tankou yon kazye, pòch vès, oswa valiz lekòl (sakado).

Kèk lekòl sèvi avèk detektè metal kòm yon pati nan plan jeneral sekirite lekòl la. Se kominote lekòl la, Konsèy Lokal Lekòl la, ak direktè a ki deside ansanm si lekòl la ap sèvi avèk detektè metal. Regleman an dwe alekri, lèfini Biwo Jiridik BPS la dwe revize li.

### Pou Plis Enfòmasyon

- ➔ Konsilte si entènèt : [bostonpublicschools.org/suptcirculars](http://bostonpublicschools.org/suptcirculars)
  - Fouy Elèv : Al gade Sikilè Sipèntandan an “Superintendent’s Circular SAF-01”.
  - Detektè Metal : Al gade Sikilè Sipèntandan an “Superintendent’s Circular SAF-07”.
  - Kontwòl sou Aksè nan Lekòl yo : Al gade Sikilè Sipèntandan an “Superintendent’s Circular SAF-12”.

### Ka Ijans ki Konsène Tout Lekòl la oswa nan Kominote a

Chak lekòl piblik Boston gen yon plan daksyon nan ka dezaz oswa ka ijans kominotè. Plan ka ijans lekòl la kreye pou karakteristik patikilye chak lekòl. Li enpòtan pou paran yo oswa gadyen legal timoun yo okouran ke genyen yon plan pou chak lekòl kote pitit yo ale, espesyalman plan pou paran yo jwenn pitit yo si pèsonn pa kapab soti lekòl la, oubyen si tout moun oblije evakye kite lekòl la.

### Estatè Prekosyon (“Safe Mode”)

Gen de fwa, ak kowoperasyon Depatman Lapolis nan Boston, nou mande lekòl yo ogmante nivo sekirite a akòz kèk latwoublay k ap pase andeyò bilding yo (pa egzanp, nan katye ozalantou yo). Mezi pye kout pran devan sa a rele « estatè prekosyon » (“safe mode.”)

Lè sa rive, sa vle di nou p ap kite vizitè antre nan lokal la, elèv ak anplwaye yo pa ka sot deyò, epitou nou ranfòse mezi sekirite ki deja an plas yo. Aprantisay ak ansèyman ka kontinye fèt nan sal de klas yo lèske nou mete mezi sekirite anplis sa yo sou pye (sa depann de nivo latwoublay la). Nou vle asire fanmi BPS nou yo ke sekirite elèv nou yo ak anplwaye nou yo toujou youn nan pi gwo priyorite nou. Pou asire ke tout moun nan lekòl yo abitye ak pwosedi sa yo, nou egzije tout lekòl yo fè de (2) pratik estatè prekosyon sa yo chak ane.

Si ou gen kesyon sou pwosedi sa yo, souple kontakte direktè lekòl pitit ou a.

### Si Gen yon Ka Ijans :

Rele **911** ak/oubyen youn nan nimewo telefòn BPS sa yo :

- ➔ Sekirite Lekòl..... 617-635-8000
- ➔ Transpòtasyon .....617-635-9520

## Kenbe Enfòmasyon Ka Ijans Pitit ou a Ajou !

### Asire ou ke lekòl la toujou gen enfòmasyon ki AJOU !

- Telefòn lakay, telefòn travay, ak telefòn pòtab paran an oswa gadyen responsab la
- Adrès imel
- Pi bon nimewo pou w resevwa koutfil otomatize (gade nan paj 7)
- Adrès kote w rete aktyèlman an
- Non ak telefòn yon moun pou n kontakte nan ka ijans (lè nou pa ka jwenn paran an)
- Enfòmasyon sou asirans sante

### Rele lekòl la tousuit si ta genyen okenn chanjman

### Prevansyon ak Entèkansyon Kont Entimidasyon

Lekòl Piblik Boston p ap tolere okenn konpòtman ilegal oswa ki koze latwoublay, pami yo : tout fòm ak tip entimidasyon kont lòt moun nan nenpòt ki lekòl oswa aktivite ki anrapò avèk lekòl. Lekòl Piblik Boston ap mennen ankèt imedyatman sou tout rapò ak plent entimidasyon, lèfini pran kèk mezi rapid e efikas pou mete yon fen nan konpòtman sila a, epi fè prevansyon pou l pa fèt ankò. Elèv ki genyen enkyetid, oswa ki ta renmen rapòte yon entimidasyon, ka pale avèk konfyans avèk yon manm pèsone l yo fye, osinon rele Liy Dirèk Espas Sekirite ak Prevansyon Kont Entimidasyon an (“Safe Space and Bullying Prevention Hotline”) nan nimewo telefòn 617-592-2378. Ou kapab jwenn plis resous ak sipò sou sit entènèt [www.succeedboston.org](http://www.succeedboston.org) ak nan sikilè Sipèntandan an “Superintendent’s Circular SSS-18”.



# Pinga Diskriminasyon ak Dwa Sivil

Opòtinite egal-ego pou edikasyon ak tout lwa kont diskriminasyon pwoteje dwa elèv yo genyen pou yo patisipe nan tout aktivite ki gen arevwa ak edikasyon yo. **Regleman Pinga Diskriminasyon Distri** a pati konsa :

*Lekòl Piblik Boston ... pa diskrimine nan pwogram li yo, lokal li yo, travay oswa opòtinite edikasyonèl li yo sou baz ras, koulè, laj, dosye kriminel (ankèt sèlman), enfimite, gwosès, estati san lojman, sèks/fi ak gason, idantite seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, zansèt/desandan, oryantasyon seksyèl, jenetik osinon estati militè, epitou nou pa tolere kèlkilanswa fòm reprezay la, osinon entimidasyon ki baze sou patipri, menas, presyon oswa zak ki kapab ensilte diyite lòt moun e bloke tout libète yo genyen pou yo aprann oswa travay.*

Anba a w ap jwenn yon deskripsyon anbrèf sou yon seri mezi (“Circulars”) ke Lekòl Piblik Boston (BPS) pran kont diskriminasyon : Si ou bezwen yon kopi konplè de nenpòt nan mezi sa yo, souple konsilte sit entènèt : [bostonpublicschools.org/suptcirculars](http://bostonpublicschools.org/suptcirculars). Nimewo sikilè Sipèntandan yo ki anrapò ak chak ka parèt anba chak rezime regleman ki anba a.

- ➔ **Si ou kwè ou menm osinon pitit ou te sibi diskriminasyon oswa yo anbete li nan Lekòl Piblik Boston akòz etnisite pitit ou a, sèks li, ras li, oryantasyon seksyèl li, osinon akòz li fè pati youn nan gwoup ki pwoteje yo dapre lalwa ak/osinon sa ki mansyone anwo a, oubyen si ou genyen kesyon sou nenpòt nan mezi kont diskriminasyon sa yo, souple kontakte Biwo Ekite BPS la (“BPS Office of Equity”) nan nimewo 617-635-9650, osinon nan adrès imel : [bpsequity@bostonpublicschools.org](mailto:bpsequity@bostonpublicschools.org).**
- ➔ **Elèv ak anplwaye ki vyole regleman pinga diskriminasyon an kapab sibi kèk konsekans, yo ka menm mete yo deyò nan lekòl la (si se elèv), oubyen revoke yo (si se anplwaye).**

**Deklarasyon sou Pinga Diskriminasyon.** Lekòl Piblik Boston pran angajman pou kenbe yon anviwònman edikasyonèl ak anviwònman travay kote tout kalite moun ki gen tout kalite fòmasyon ak eksperyans kapab byenvini, ankouraje, enkli, e evolue. BPS deja klè ke prejije ak tretman enjis p ap janm sèvi kòm anpechman pou apranti nou yo ak edikatè nou yo.

BPS p ap tolere konpòtman diskriminatwa, ak tout entimidasyon, menas, osinon pèsikisyon anplwaye, elèv, osinon nenpòt ki lòt moun k ap vizite oswa ki fè pati kominote aprantisay nou an. Konduit reprezay entèdi tou kont moun ki rapòte prejije posib, diskriminasyon, oswa konpòtman ki pa apwopriye, ki te asiste nan yon ankèt, osinon ki te, otremandi, egzèsè dwa yo anba regleman sa a. **EQT-1**

**Diskriminasyon/Asèlman (Pèsikisyon) Elèv.** Regleman sa yo entèdi diskriminasyon ak pèsikisyon elèv, tankou : trete yon elèv nan yon manyè ki diferan ak fason yo trete tout lòt elèv, sèvi ak mo oswa aksyon deplase pou kreye yon anviwònman edikasyonèl ki entimidan, menasan, abizan ; osinon refize pou kite yon elèv patisipe nan yon aktivite akòz li fè pati youn nan gwoup pwoteje. Sikilè sa a trete ki jan pou pote plent ki gen rapò ak swadizan diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, laj, andikap, estati san lojman, sèks, idantite

seksyèl, kwayans relijye, orijin nasyonal, zansèt/desandan, reprezay, oryantasyon seksyèl, jenetik, osinon estati militè. **EQT-2**

**Regleman sou Movèz Konduit Seksyèl.** Regleman sa yo deklare nou p ap tolere ni pèsikisyon ni movèz konduit seksyèl kèlkilanswa moun nan fè a, ke se travayè, elèv, oswa yon twazyèm pati ; epitou nou p ap tolere revanj/reprezay kont yon moun ki rapòte movèz konduit seksyèl oubyen ki kowopere ak yon ankèt. Nou p ap tolere movèz konduit seksyèl sou pwopriyete lekòl yo, ni nan evènman osinon aktivite ke lekòl yo apiye, ni pandan vwayaj ale-retou lekòl ap fèt, ni nan aktivite lekòl yo apiye. Regleman sa yo tabli tou kèk pwosedi pou elèv yo kapab rapòte yon movèz konduit seksyèl. **EQT-3 ak EQT-6**

**Pinga Diskriminasyon Kont Elèv sou Baz Idantite Seksyèl.** Lwa Massachusetts ak Lekòl Piblik Boston egzije pou tout sal de klas, pwogram ak aktivite, ak pratik travay pa gen okenn diskriminasyon sou baz sèks, oryantasyon seksyèl, ak idantite seksyèl. Sikilè sa a tabli machasuiv pou lekòl yo ak anplwaye distri a pou kreye yon kitli kote moun ki chanje sèks yo ak elèv nonkonfòm sou zafè sèks kapab santi yo an sekirite, kore, e enkli nètale, ak pou satisfè obligasyon chak grenn lekòl genyen pou founi opòtinite edikasyonèl pou tout elèv. **EQT-4.**

**Pa Fè Diskriminasyon Kont Elèv ki Enfim.** BPS angaje l nan yon mezi pou pa fè diskriminasyon kont elèv ki kalifye ki genyen andikap, konfòm ak Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Lwa 1990 la sou Ameriken ki Enfim, ak Lwa Kont Diskriminasyon nan Massachusetts (M.G.L. 151B). Yo pa kapab met elèv ki kalifye sou kote poutèt yo enfim, ni yo pa kapab refize elèv sa yo benefis oubyen refize ba yo aksè nan nenpòt ki pwogram oswa aktivite senpman akòz enfimite yo. **SPE-21**

**Lwa sou Brimad.** Dapre lwa Massachusetts, antre nan aktivite bay brimad se yon krim. Bay Brimad vle di nenpòt konpòtman ak metòd yon moun anplwaye pou inisyè elèv yo nan òganizasyon, kit li pase nan espas piblik oswa nan kò kay kote konpòtman an ak metòd la kapab fèt pa ekspres oswa pa neglijan, mete sante fizik ak mantal elèv yo oubyen nenpòt ki lòt moun an danje. Regleman BPS sou Brimad gen ladan l diskisyon sou obligasyon legal yon moun genyen pou l pote yon rapò bay otorite lalwa si l konnen yon moun pran brimad oubyen si li te la kote yo t ap bay brimad la. **LGL-01**

## Pou Plis Enfòmasyon

- ➔ **Kontakte pèsonek Ekite yo (Equity) nan nimewo telefòn 617-635-9650 nan imel : [bpsequity@bostonpublicschools.org](mailto:bpsequity@bostonpublicschools.org)**
  - Asistan Sipèntandan Afè Ekite
  - Direktè Konfòmite, Kowòdinatris Tit 9
  - Direktè Fòmasyon ak Aranjman,
  - Kowòdinatè Seksyon 504
  - Jesyonè Ekite
  - Jesyonè Sipò pou elèv LGBTQ+ yo (lezbyèn, ge, biseksyèl, trasvesti, “queer”)

# Kòd Konduit la

Elèv yo bezwen yon anviwònman ki gen lòd ak sekirite pou yo ka aprann. Pou nou ka garanti sa, tout lekòl nou yo suiv **Kòd Konduit BPS** yo. Nan chak lekòl, pwofesè ak paran ap devlope tou kèk **Regleman pou Lekòl la ki Tabli** nan nivo lokal la (Regleman Entèn). (Gade maj sou kote a.) Genyen yon rezime Kòd Konduit la nan paj suivan yo nan gid sa a. Ou dwe resevwa yon kopi Regleman Entèn yo pou lekòl pitit ou a ansanm ak gid la. Yo toulede trèzenpòtan. Ou kapab gen aksè a Kòd Konduit la sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/code-of-conduct](https://www.bostonpublicschools.org/code-of-conduct).

## Kòd Konduit BPS la

Chak lekòl dwe suiv Kòd Konduit Lekòl Piblik Boston an. Kòd sa a masyone regleman tout elèv yo dwe respekte. Si yon regleman ki tabli nan lekòl la an konfli ak Kòd Konduit la, Se Kòd la ki pou aplike.

Kòd Konduit la mete aksan sou apwòch prevantif ak pozitif ki gen ladan l apwòch sou konpòtman ki enstriktif e reparatris (sètadi, ki restore). Chak lekòl genyen yon sistèm sipò de plizyè nivo pou bezwen sosyal, emosyonèl, e konpòtmantal elèv yo. Elèv yo resevwa ansèyman nan konpetans sosyal e emosyonèl, ak atant ki klè atravè pwosesis Entèvanasyon ak Sipò Konpòtman Pozitif la (“Positive Behaviour Interventions and Support”).

Tout entèraksyon ak konsekans pwogresif vize abòde sa ki lakòz move konpòtman elèv yo, rezoud konfli yo, satisfè bezwen yo, epi ede yo ret lekòl. Lespri kòd ki revize a mete aksan sou pratik ki pa bay kanpe-lwen, nenpòt lè sa posib, anvan yo konsidere mete yon elèv aleka. Konfòm a Kòd Konduit la, yo dwe aplike tout repons disiplinè yo avèk respè, jistis, ak konstans, epi yo dwe pwoteje dwa elèv yo genyen pou yo gen tan pou ansèyman nenpòt lè sa posib.

Regleman ke Lekòl la tabli ak Kòd Konduit Lekòl Piblik Boston yo dwe gide konpòtman elèv yo lè yo nan lekòl yo, lè yo nan aktivite lekòl yo òganize, ak lè yo sou wout pou yo vin lekòl oswa lè y ap kite lekòl (nan otobis lekòl yo, nan arè otobis yo, nan sèvis bis ak tren MBTA yo, ak lè y ap mache).

Ete 2021, n ap revize, tèmè, e prezante yon nouvo Kòd Konduit. N ap mete nouvo Kòd revize 2021 an sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/code-of-conduct](https://www.bostonpublicschools.org/code-of-conduct)

**Si genyen okenn kesyon oswa enkyetid konsènan Kòd Konduit la, espesyalman zafè ki gen pou wè ak retire yon elèv lekòl an ka ijans, pwosedi legal, oswa apèl sispansyon/ekspilasyon (mete yon elèv deyò), kontakte Biwo Asistan Sipèntandan an nan nimewo 617-635-6755.**

## Regleman Lekòl la tabli

Chak lekòl gen pwòp regleman pa yo pou ofans ki pa egzijè sispansyon yon elèv—ki rele “Regleman Lekòl la” (“School-Based Rules”) - ke elèv yo oblije suiv, sepandan Kòd Konduit la pi siperyè pase yo. Nan yon lekòl mwayèn, pa egzansp, regleman yo ka mande elèv yo pou yo mache an liy e fè sa an silans lè y ap soti nan yon klas pou y al nan yon lòt. Nan yon lòt lekòl mwayèn, elèv yo ka gen dwa mache an ti gwoup pou yo ale nan sal de klas yo.

Si yon elèv vyole youn ou plizyè Regleman Lekòl la, lekòl la ka disipline l pwogresivman. Direktè lekòl la ka mande elèv la pou l siyen yon kontra pou l ka chanje konpòtman li, oubyen li ka kenbe elèv la an retni apre lekòl.

Se yon komite ki genyen administratè, pwofesè ak paran nan chak lekòl yo ki ekri Regleman Lekòl la tabli yo. Konsèy Lokal Lekòl la revize regleman sa yo chak prentan. Nan lekòl mwayèn ak segondè, gen elèv ki nan komite k ap ekri regleman yo. Regleman Lekòl la tabli dwe afiche nan chak sal de klas, epi yo dwe bay li bay chak elèv pou yo pote bay paran yo chak mwa septanm.

## Pa Rate Privilèj Ou Genyen nan Lekòl yo !

Elèv yo gen okazyon pou yo patisipe nan plizyè fonksyon ak aktivite espesyal nan lekòl yo, tankou vizit andeyò lekòl yo, selebrasyon/fèt, pèfòmans, jounen klas yo, dans fen ane yo, ak seremoni remiz diplòm yo, pami anpil lòt aktivite ankò. Patisipasyon nan aktivite sa yo se yon privilèj yon elèv dwe travay pou l benefisye—se pa yon “dwa.” Yon elèv ki vyole regleman lekòl li oubyen Kòd Konduit lan oubyen tou ki nan aktivite ilegal andeyò lekòl la ka pèdi privilèj sa yo. Direktè lekòl la gen otorite pou li limite oswa refize yon elèv patisipe nan fonksyon ak aktivite espesyal sa yo.

## Pèdi Privilèj Transpòtasyon

Si yon elèv mete pwòp sekirite li oubyen sekirite lòt moun an danje pandan li nan otobis lekòl yo oubyen nan transpò piblik, direktè lekòl la gen dwa refize bay elèv sa a transpòtasyon lekòl la bay. Y ap sipann elèv la sèlman nan wout otobis kote ensidan an te pase a.

Yo ka derefize elèv la transpòtasyon pandan twa jou san yo pa ba l posiblite yon chita tandè pou l defann tèt li. Pou yo ka derefize elèv la transpòtasyon pandan kat jou afilè ou plis, oubyen plis pase sis jou pandan yon trimès, dwe genyen yon chita pale. Nan nenpòt

ki ka, direktè lekòl la dwe enfòmè paran yo anvan li derefize elèv la monte nan otobis yo. Elèv la dwe vini lekòl nòmalman pandan li pa ka monte otobis yo, sof si yo entèdi l vin lekòl tou (si yo ba l sispansyon). Ka genyen pwoteksyon kont refi transpòtasyon pou yon elèv ki genyen yon IEP (Plan Edikasyon Pèsonalize) ki egzijè sèvis transpòtasyon, konfòm a kèk dwa ak pwosedi adisyonèl.

## Sispansyon

Sispansyon akoutèm vle di nou pa pèmèt yon elèv suiv kou nan lekòl la pandan yon kantite jou skolè limite. Pou yon elèv ki gen laj 15 an oswa ki pi jèn, li ka gen yon sispansyon manch kout rive jiska twa jou, youn deyò lòt. Pou yon elèv ki gen omwens laj 16 an, sispansyon an ka rive jiska senk (5) jou afilè.

Tanpri note ke elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas 2yèm ane pa ka gen sispansyon. Pou elèv ki nan klas 3yèm jiska 5yèm ane. Vyolasyon sispansyon yo limite a :

- si yo akize elèv la de yon atak fizik kont yon kamarad de klas oswa yon manm pèsonèl ; oubyen
- si yo akize elèv la de pozasyon yon zam danjre ; oubyen
- si yo akize elèv la de pozasyon yon sibstans kontwòle (tankou dwòg) ; oubyen
- si yo akize elèv la de movez konduit seksyèl ; oubyen

- si yo akize elèv la de yon vyolasyon dwa sivil ; oubyen
- si yo akize elèv la de plizyè ensidan entimidasyon.

Sispansyon manch long se yon kanpe lwen pou plis pase 10 jou afilè oswa jou lekòl ki akimile. Nenpòt elèv yo mete deyò pandan dis jou youn aprè lòt, kit anndan oswa deyò lekòl, l ap genyen opòtinite pou l resevwa sèvis edikatif e fè pwogrè akademik pou l satisfè egzijans eta a ak egzijans lokal yo atravè yon plan sèvis edikasyon skolè jeneral. Pandan yon long peryòd sispansyon (kote yo kanpe elèv la pou l pa vin lekòl pou yon tan) oswa ekspilsyon (kote yo mete elèv la deyò nèt), nou mete elèv ki nan klas mwayèn yo nan Pwogram Lekòl Mwayèn Alontèm nan (“Long Term Middle School Program”). Elèv lekòl segondè yo, yo menm, nou mete yo nan yon pwogram lekòl segondè altènatif. Lè sispansyon yon elèv fini, li ka retounen nan menm lekòl la, si direktè lekòl la apwouve sa, oubyen paran an/gadyen responsab la (osinon elèv la, si l gen laj 18 an ou plis) ka ale nan yon Sant Dakèy pou l enskri elèv la pou enskripsyon nan yon diferan Lekòl Piblik Boston.

**Pwosesis Sispansyon an ak Pwosedi Legal yo.** Avan yon prensipal oswa direktè lekòl ka mete yon elèv anba sispansyon, li dwe genyen yon chita tandè nan lekòl la e envite elèv la ak paran/gadyen elèv la. Lekòl la dwe bay paran an/gadyen responsab la yon avètisman alekri konsènan seyans chita tandè a an angle ak nan lang yo pale nan kay la. Nan rankont lan, direktè a ap tandè tout prèv yo epi l ap deside si elèv la dwe anba sispansyon (si l dwe sispann vin lekòl la). Si elèv la ak paran an/moun ki responsab li a pa dakò ak sispansyon an, yo ka mennen kesyon an devan moun ki Dirijan Chita-tandè Sispansyon Sipèntandan an nan yon peryòd 10 jou ki se jou lekòl.

Genyen kèk ka kote yo ka sispann yon elèv anvan yon chita-tandè fèt pou sispansyon. Wete an ijans sa a ka fèt sèlman lè yon elèv swadizan komèt yon ofans ki dwe gen sispansyon kote prezans elèv la poze yon danje san rete pou lòt moun oswa pwopriyete, oubyen tou kote li vreman deranje ansèyman ak aprantisay, epi selon bon jijman direktè lekòl la, pa genyen lòt altènatif disponib pou pran swen danje sa a oswa latwoublay sa a. Yo ka sèlman wete elèv sa an ijans pou rès jounen skolè a. Anvan pou yon direktè wete yon elèv an ijans, li fèt pou li eseye avèti paran an. Yo dwe bay elèv la dwa pou l genyen aranjan adekwat fèt pou l kapab jwenn transpòtasyon pou l al lakay li an sekirite. Lekòl la ap bay avètisman vèbal ak avètisman alekri nesèsè yo, epi l va konvoke sesyon chita tandè a pa pi ta ke de (2) jou skolè. Wete an ijans lan dwe anrejistre nan sistèm SIS/Aspen nan.

## Ekspilsyon (Mete Deyò)

Mete yon elèv deyò se lè yo mete elèv la deyò etablisman lekòl la, pa kite li patisipe nan aktivite sal de klas yo, oswa lòt aktivite lekòl la pandan plis pase 90 jou lekòl, pou yon peryòd san jou, san dat, oubyen yo mete l deyò nèt. Yo ka met yon elèv deyò pou posèsyon yon zam danjre, sibstans ilegal, agresyon sou yon anplwaye edikasyonèl, oubyen pou akizasyon oswa kondanasyon yon krim, si direktè lekòl la detèmine ke prezans kontinyèl elèv la lekòl la ta genyen yon enpak ase twoublan sou byenèt jeneral lekòl la.

## Demach pou Mete Deyò a, Etap pa Etap

1. Nan kèk ka, lè elèv la komèt yon zak ki mande pou yo mete l deyò, direktè lekòl la ka mande yon wete an ijans pou rezon sekirite.
2. Nan chita tandè a, direktè lekòl la ap tandè temwen yo epi l ap egzamine prèv yo. Elèv la oswa paran an/gadyen responsab la ka vin nan chita tandè a avèk yon defansè oswa avoka. Si yon

demann deja fèt pou yon entèprèt, oubyen yo deja idantifye bezwen sa a, lekòl la va founi yon entèprèt pou paran sila yo/gadyen responsab sila yo ki pa pale angle kòm lang natif natal yo. Lekòl la dwe anrejistre chita-tandè a epi fè anrejistremman an disponib pou elèv la ak paran an, si toutfwà yo ta mande sa.

3. Apre rankont lan, direktè a ap voye yon rekòmmandasyon alekri bay Administratè Operasyon ki responsab la pou l ka wè si tout bagay fèt selon prensip lajistis anbònedifòm. Si yo detèmine pou yo mete yon elèv deyò, elèv la ak paran an/moun ki responsab li a dwe resevwa yon lèt ki esplike sa.

**Konteste yon sispansyon oubyen yon mete deyò.** Si paran an/moun ki responsab la ak elèv la pa dakò avèk desizyon mete deyò a, yo ka mande yon lòt jijman devan sipèntandan an oswa yon moun sipèntandan an chwazi (617-635-9057) nan yon peryòd 10 jou lekòl. Sipèntandan an va prezide sou tout kontestasyon ekspilsyon yo. Sipèntandan an ka deziyen yon ajan chita tandè pou kontestasyon sispansyon yo.

**Pandan Peryòd Sispansyon an e Apre.** Nenpòt elèv yo mete deyò pandan dis jou youn deyò lòt, kit anndan oswa deyò lekòl, ap genyen opòtinite pou l resevwa sèvis edikatif e fè pwogrè akademik pou l satisfè egzijans eta a ak egzijans lokal yo atravè yon plan sèvis edikasyon skolè jeneral. Lè peryòd yo mete yon elèv deyò rive nan bout li, paran an/moun ki responsab la (oswa elèv la, si l gen laj 18 an ou plis) dwe ale nan yon Sant Dakèy BPS epi re-enskri elèv la nan Lekòl Piblik Boston. Elèv la p ap ka retounen nan lekòl kote yo te mete l deyò a, sofsi direktè lekòl la te rekòmande pou yo remete l nan lekòl la nan moman rankont chita tandè mete deyò a.

**Gade Succeed Boston nan paj 28 la pou pratik reparatris pou elèv sila yo ki enplike nan vyolasyon Kòd Konduit la.**

## Pinisyon K ap Prita Kò Elèv

Anba lwa eta a ak regleman Komite Lekòl la, anplwaye lekòl yo pa gen dwa pini elèv yo ak kout makak, ni pouse yo, ni itilize kèlkanswa fòs fizik la. Anplwaye lekòl yo ka itilize fòs fizik rezonab pou yo metrize yon elèv sèlman si (1) entèvansyon san fòs pa t ap gen efè oubyen pa janm rezoud anyen ak elèv sa a epi/oubyen (2) yo kwè aksyon elèv la ka koz li fè pwòp tèt li mal oswa fè yon lòt elèv mal, (3) sèlman si yon tèt fòs nesèsè pou pwoteje yon elèv oswa yon lòt manm kominote skolè a kont yon atak oswa yon atak fizik, serye, ki pa ka evite. Manm pèsònèl pwogram nan ki anplwaye metòd restren an va enfòmè direktè lekòl la vèbalman pi vit ke posib konsènan restren an, epi l va fè sa nan yon rapò alekri, pa pi ta ke pwochen jou lekòl ap an fonksyon an.

Direktè lekòl la ap fè efò rezonab pou l avèti paran elèv la vèbalman konsènan restren an avan 24 èdtran gentan pase depi lè evènman an te rive a. Y ap voye yon rapò bay paran elèv la nan imel oswa atravè lapòs, pa pi ta ke twa jou lekòl aprè ensidan restren an. Nenpòt ki anplwaye ki itilize fòs ki pa rezonab ka sibi konsekans pou sa.

# Regleman BPS Kòd Konduit la

## Elèv ki Genyen Andikap

Kòd Konduit lan la pou tout elèv. Sepandan, genyen yon estrateji patikilye pou disipline elèv ki andikape yo. W ap jwenn estrateji sa a nan sit entènèt BPS la. Li dekri nan Sikilè Sipèntandan an “Superintendent’s Circular SPE-15”. Ou kapab telechaje l epi enprime l. Si w prefere, lekòl pitit ou a kapab ba w yon kopi dokiman sa a sou demann. Ou kapab jwenn pwosesis sa a tou nan bwochi Dwa Paran (“Parent’s Rights”) ou resevwa avèk Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) pitit ou a.

## Kòman Paran Kapab Ede

Antanke paran, ou kapab ede pitit ou a obeyi règ yo, e ede prezève sekirite lekòl la nan fason ou :

- pataje responsablite nan sa ki konsène konpòtman pitit ou nan lekòl la, nan aktivite lekòl la òganize, ak lè l pral lekòl ak lè l ap retounen sot lekòl
- prepare pitit ou pou l ka prè pou l pran responsablite l pou l ale lekòl, e pou l konpòte l byen lekòl la
- ankouraje pitit ou a pou l gen konpòtman pozitif anfas pwòp tèt li, anfas lòt moun, lekòl la, ak kominote a
- kominike avèk anplwaye lekòl la konsènan pitit ou
- ale nan rankont/konferans pèsònèl ak konferans an gwoup
- rekonèt anplwaye lekòl la gen dwa pou yo fè elèv yo suiv regleman ke Komite Skolè Boston an mete sou pye
- konpòte w an moun sivilize san fè tapaj lè w vizite lekòl la
- asire ke pitit ou sèlman pote bagay lekòl la ki anrapò ak yon anviwònman lekòl.

## Ki Kote pou Jwenn yon Kopi Kòd Konduit la

- ➔ Konsilte sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/code-of-conduct](http://www.bostonpublicschools.org/code-of-conduct).
- ➔ Ale sou sit entènèt : [www.bostonstudentrights.org](http://www.bostonstudentrights.org) epi telechaje aplikasyon pòtab la. Se elèv yo ki devlope aplikasyon (lojisyèl) mobil sa a, li prezante Kòd Konduit la sou yon fòm kondanse, senplifye, ak tout enfòmasyon sou dwa elèv yo ak responsablite yo, ansanm ak resous pou ed jiridik.
- ➔ • Pou w mande yon kopi sou papye, kontakte nenpòt Sant Dakèy BPS (gade paj 5) osinon Biwo Sipèntandan an (nan nimewo 617-635-9050, osinon nan adrès imel : [superintendent@bostonpublicschools.org](mailto:superintendent@bostonpublicschools.org)).

## Vyolasyon Prensip ki ka Fè yo Sispann Oubyen Mete yon Elèv Deyò

### Yo kapab mete yon elèv deyò pou jiska en an kalandriye sèlman pou ofans grav suivan yo:

- an posesyon yon zam danjre, ak tout, men se pa sa sèlman, yon revolve osinon yon kouto
- an posesyon yon sibstans yo kontwòle (tankou dwòg), ak tout, men se pa sa sèlman, mariwana, kokayin, ak ewoyin
- atak sou yon anplwaye lekòl
- akize pou yon krim oswa kondane pou yon krim

### Yo kapab sispann yon elèv pou deli serye sa yo :

- asèlman seksyèl
- asèlman fizik ak kou sou nenpòt moun ki lakoz blesi fizik, sofsi li te enpòtan pou moun nan defann tèt li
- Itilize menas fòs ki kominike nan nenpòt ki mwayen ak tout teknoloji, pou mete sekirite fizik oswa mantal/emosyonèl yon lòt moun an danje. Sa gen ladan l inisyasyon brimad, grafiti, agresyon, entimidasyon, ak entimidasyon sou entènèt.
- posesyon yon zam danjre lalwa entèdi, osinon yon bagay ki pa gen okenn sèvis valab
- sèvi ak nenpòt ki bagay nan yon fason danjre osinon entimidasyon
- mete osinon eseye met dife nan pwopriete lekòl la, nan aktivite lekòl la apiye, osinon nan transpòtasyon lekòl la
- andomaje oubyen volè bagay lekòl la oswa afè lòt moun
- fè kè moun sote nan bay manti sou bonm k ap eklate oubyen rale aparèy alam dife a, osinon rapòte yon fo dife
- vyole dwa sivil lòt moun
- fè asèlman seksyèl sou lòt moun
- itilize pawòl pou denigre ras moun avèk gwo mo betiz osinon mo ki pa apwopriye
- vyole regleman sou fason moun ka itilize imel ak entènèt
- deranje lekòl la oswa aktivite sal de klas yo, ki gen ladan l koze twoub avèk itilizasyon telefòn selilè san otorizasyon
- ale nan espas nan lekòl la kote yo defann elèv ale
- refize idantifye tèt ou
- fè koken nan dosye lekòl la
- kite lekòl la san pèmisyon oubyen al fè woul tout tan
- Pa ale, osinon pa ale regilyèman, nan Sant Boston Succeed la san bonjan eskiz ; oubyen vyole Seksyon 7 Kòd Konduit la pandan ou nan Sant la.

Genyen kèk sikonstans kote yo ka sispann yon elèv pou yon tan ki san jou san dat, oubyen yo ka mete l deyò, pou konpòtman ki pa gen rapò ak lekòl la oubyen aktivite lekòl la, tankou lè yo akize elèv la oubyen kondane l pou yon krim epi direktè a konkli ke prezans kontinyèl elèv sa a ap twouble lekòl la.

NOTE KE : Objektif lis sa a se senpman sèvi kòm yon gid. Tanpri souple al gade Kòd Konduit lan, nan Seksyon 7 pou w ka jwenn yon lis ki gen tout vyolasyon yo ak pinisyon yo okonplè.



# Itilizasyon Teknoloji nan Lekòl yo

Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri yon gran etalaj resous teknoloji pou elèv ak anplwaye sèvi. Yo dwe sèvi ak resous teknoloji sa yo sèlman pou zafè edikasyon. Regleman BPS sou Itilizasyon Akseptab (AUP) dekri fason responsab pou moun sèvi avèk teknoloji, rezo entènèt, aparèy elektwonik, ak resous ki sou entènèt. Regleman sa a te devlope avèk kontribisyon administratè BPS yo, pwofesè, elèv, paran, patnè kominotè, polis lekòl, ak konsèyè legal/avoka BPS la. Li pou tout moun ki itilize rezo entènèt BPS la, ak tout anplwaye, elèv, ak envite. Komite Skolè a te adopte yon AUP tounèf an prentan 2014 pou kouvri anpil nan nouvo teknoloji lekòl nou yo ap itilize, oubyen ta renmen itilize nan sal de klas yo.

Chak elèv dwe suiv tout règ ak regleman ki nan lis pi ba a, menm jan tou ak tout lòt lòd pwofesè ak administratè “BPS” yo ba yo vèbalman, e yo dwe ajè an bon sitwayen epitou gen bon konpòtman moral tout tan.

## Regleman Akseptab sou Itilizasyon Teknoloji ak Entènèt : Itilizasyon Responsab Elèv la

1. Mwen responsab pou kont òdinatè mwen ak kont imel mwen. Mwen konprann modpas yo prive, kidonk mwen pa ta dwe pataje modpas mwen ak nenpòt ki moun. Mwen konprann ke mwen responsab pou tout aktivite ki fèt avèk kont elektwonik mwen an. Mwen pa pral pèmèt lòt moun sèvi avèk non kont mwen an ak modpas mwen, ni eseye sèvi ak pa lòt moun. Mwen konprann m ap vyole lalwa si mwen eseye volè modpas yon lòt moun avèk mwayen elektwonik. Mwen konprann li enpòtan pou m fèmen sesyon yo (“Log off”) nan òdinatè a nan chak fen sesyon, dekwa pou yon lòt itilizatè pa kapab sèvi avèk modpas mwen.
2. Mwen responsab pou langaj mwen. Mwen va sèvi ak langaj ki apwopriye nan mesaj imèl mwen, nan sa m afiche sou entènèt la, ak lòt kominikasyon dijital. Mwen pa pral itilize langaj pwofan, bagay vilgè, ni nenpòt lòt langaj ki pa apwopriye dapre jan administratè lekòl la defini sa.
3. Mwen responsab pou fason m trete lòt moun. Mwen va sèvi avèk imèl ansanm ak tout lòt mwayen kominikasyon (tankou blogs, wiki, tchat, mesaj-entantane, tablo diskisyon, elatriye) nan yon fason ki responsab. Mwen pa pral voye ni afiche mesaj rayisab, ni menase moun, fè remak diskriminatwa, oswa meprizan, bay lòt moun, ni mwen p ap patisipe nan entimidasyon, asèlman, ni lòt konpòtman antisosyal, ni pandan m lekòl la ni lè m pa nan lekòl la.
4. Mwen responsab pou fason m itilize rezo Lekòl Piblik Boston an. M ap itilize resous teknoloji “BPS” yo nan yon fason responsab. Mwen pa pral chèche, rekipere (rale), sere, sikile ni afiche materyèl rayisman, ofansif, ni materyèl ki montre pati seksyèl moun akèl. Mwen pa pral chèche, rekipere, konsève ni sikile imaj oswa enfòmasyon sou zam pandan m ap sèvi avèk okenn resous òdinatè “BPS”, sof si administratè lekòl/pwofesè ta otorize sa kòm yon pati nan devwa lekòl la.
5. Mwen responsab pou konpòtman m sou tout sit entènèt yo. Mwen konprann ke sa mwen fè sou sit entènèt rezo sosyal yo pa

ta dwe enfluyans anviwònman aprantisay lekòl la, ak/ni kondisip mwen yo, pwofesè yo, ak administratè yo, nan yon fason negatif.

6. Mwen responsab pou onètete m pandan m sou entènèt la. Mwen konprann li entèdi pou m maske, mistifye, oswa parèt tankou mwen se yon lòt moun. Sa gen ladan l, menm si se pa sa sèlman, voye imèl, kreye kont, oswa afiche mesaj oswa lòt kontni sou entènèt sou non yon lòt moun (pa egzanzp : tèks, imaj, odyo, oswa videyo).
7. Mwen responsab pou m pwoteje sekirite rezo Lekòl Piblik Boston an. Mwen pa pral eseye kontoune (pase sou kote) paramètè sekirite a oswa filtè entènèt la, oswa entèfere ak operasyon sou rezo a avèk enstalasyon lojisyèl ilegal, pami yo : dosye pataje, “shareware”, “freeware” nan konpitè (òdinatè) lekòl la.
8. Mwen responsab pou pwoteksyon pwopriyete lekòl la. Mwen konprann ke vandalis (kraze-brize) entèdi. Sa gen ladan l tou : antre nan òdinatè yo pou modifeye, oswa detwi ekipman, pwogram, dosye, oswa pwogram nenpòt òdinatè oswa resous teknolojik, ak kèk lòt bagay ankò. Mwen konprann ke mwen bezwen otorizasyon yon administratè lekòl/pwofesè pou m itilize aparèy elektwonik pèsonel mwen pote nan lekòl la, ki gen ladan l memwa stokaj (tankou lektè USB) ak lòt bagay ankò.
9. Mwen responsab pou m respekte pwopriyete lòt moun sou entènèt la. Mwen va obeye lwa sou Dwa Otè yo (“Copyright”). Mwen pa pral plajye oswa itilize travay lòt moun san mwen pa fè sitasyon apwopriye, osinon san pèmision. Mwen pa pral kopye materyèl ilegalman ki genyen pwoteksyon Dwa Otè “Copyright”, tankou mizik ak fim, ak lòt bagay toujou.
10. Mwen responsab pou m suiv règ lekòl yo nenpòt lè m apibliye kichòy sou entènèt la. Mwen va suiv tout regleman ke “BPS” oswa pwofesè lekòl mwen tabli lè mwen bibliye travay lekòl sou entènèt (pa egzanzp : sou yon sit entènèt, blog, wiki, tablo diskisyon, podcasts, oswa videyo). Mwen konprann li se yon danje pou m bay nenpòt enfòmasyon pèsonel sou tèt mwen, tankou enfòmasyon suivan yo, men se pa sèlman sa : non mwen, adrès mwen, nimewo telefòn mwen, oswa non lekòl mwen. Mwen p ap mete foto elèv ansanm ak non ak siyati yo sou sit entènèt, kit se sou sit entènèt, rezo sosyal, blog, wiki, fowòm diskisyon, ak tout lòt mwayen ki pa mansyone la a, san pèmision paran an/moun ki responsab la, osinon pèmision elèv la (si l gen laj 18 an oswa pi l gran).

*Aprann Plis sou sa*  
**Sekirite Entènèt BPS**

Pou plis enfòmasyon pou elèv ak fanmi sou Reglemann sou Itilizasyon Akseptab :  
ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/technology](http://www.bostonpublicschools.org/technology)

(Gade seksyon Regleman sou Itilizasyon Aseptab la)

# Regleman BPS

## Regleman Lojman pou Elèv yo

Se sèlman elèv ki abite nan vil Boston ki kapab enskri e ale nan Lekòl Piblik Boston yo, selon regleman Lekòl Piblik Boston, e konfòm ak Chapit 76, Seksyon 5 Lwa Jeneral Massachusetts la. Lojman yon elèv ki poko gen 18 an se lojman legal paran li (yo) oubyen moun ki responsab li (yo) ki gen dwa fizik sou timoun nan. Yon elèv ki gen laj 18 an, oswa plis pase 18 an, kapab tabli lojman li andeyò kay paran l oswa moun ki responsab li a, pou l kapab al lekòl.

”Lojman” (Residence) se kote moun nan rete nèt la. Nou pa konsidere lojman tanporè nan Vil Boston pou sèlman kapab ale Lekòl Piblik Boston kòm definisyon “lojman”.

Regleman lojman sa a pa pou elèv ki san lojman. Pou tout kesyon ki gen pou wè ak elèv ki san lojman, kontakte Biwo Konseye Legal la nan nimewo 617-635-9320.

### Prè lojman nan Vil Boston

Pou enskri epi pou yo asepte yon elèv nan nenpòt Lekòl Piblik Boston, paran elèv la oswa responsab legal li dwe founi de (2) prè ki sot pami lis prè ki anba a ki pwouve li abite nan Vil Boston. Dokiman yo dwe enprime tou ak non ak adrès paran an/moun ki responsab la (osinon elèv la, si li gen 18 an, oswa plis pase 18 an). Dwa gadyen legal sou yon timoun mande pou yon moun genyen dokimantasyon anplis sot nan men yon tribinal, osinon yon ajans apwouve.

Tout non sou dokiman egzijè yo dwe menm non yo. Si yon non diferan, tanpri founi dokimantasyon legal ki montre chanjman ki te fèt nan non an.

De (2) Pyès sila yo pa fèt pou soti nan menm liy alineya a.

- Yon bòdwo (ki pa pou dlo ni telefòn selilè) date pandan peryòd 60 jou aktyèl ki sot pase yo
  - Yon kontra afèmaj (lease), Akò Seksyon 8 “Section 8”, oswa Afidavi Mèt Kay BPS (ki disponib sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/residencypolicy](http://www.bostonpublicschools.org/residencypolicy)) ki pa pi ansyen pase en (1) an.
  - Yon papye kay (deed), bòdwo pèyman ipotèk kay ki pa pi ansyen ke 60 jou, oswa enpo lokatif ki pa depase en (1) an
  - Yon fòm W2 ki pa pi ansyen ke en (1) an ki sot pase a, oswa yon souchèk ki pa pi ansyen ke 60 jou
  - Yon lèt ki soti nan yon ajans\* gouvènman leta ki pa pi ansyen pase 60 jou aktyèl ki sot pase yo
  - \*Ajans gouvènman leta ki apwouve ki pa pi ansyen ke 60 jou aktyèl ki sot pase yo :
- ➔ Ajans gouvènman apwouve yo : Depatman Enpo “Departments of Revenue (DOR)”, Sèvis pou Timoun ak Fanmi “Children and Family Services (DCF)”, Asistans Tranzisyonèl “Transitional Assistance (DTA)”, Sèvis pou Jenn Moun “Youth Services (DYS)”, Sekirite Sosyal “Social Security”, nenpòt kominikasyon ki gen antèt “Commonwealth of Massachusetts” ladan l.

### Lojman pou Kandida Lekòl Konkou Antre yo

Pou regleman espesyal sou lojman elèv k ap depoze yon demann nan 3 lekòl konkou antre yo – Lekòl Boston Latin, Lekòl Boston Latin Academy ak Lekòl John D. O’Byrant School of Mathematics and Science – souple al gade nan paj 27.

### Deklarasyon Lojman nan Boston

Paran ak gadyen responsab elèv Lekòl Piblik Boston, ak elèv ki gen laj 18 an ou plis, dwe siyen yon deklarasyon anba sèman pou sibi konsekans fo temwayaj, ki di ke yo se abitan legal Vil Boston. Yo fèt pou yo dakò tou pou avèti BPS si yo demenaje pandan ane skolè a.

### Si yon elèv demenaje soti Boston pandan ane skolè a

- Elèv ki nan lekòl segondè yo kapab rete nan lekòl BPS pandan ane skolè a si yo demenaje apre yo fin kòmanse klas 12yèm ane.
- N ap ranvwaye touswit elèv ki nan jadendanfan rive jiska klas 11yèm ane ki demenaje sot Boston jou 30 avril, osinon avan sa.
- Elèv ki nan jadendanfan rive nan klas 11yèm ane ki demenaje soti Boston apre 30 avril kapab rete lekòl la pou yo fin konplete ane skolè a. Lekòl Piblik Boston ap ranvwaye yo lè ane skolè a fini.
- BPS p ap bay elèv ki pa abite Boston transpòtasyon

### Ranfòsman Egzijans Lojman yo

Lè depatman lekòl la sispèk fanmi yon elèv Lekòl Piblik Boston pa abite Boston, n ap mennen yon ankèt (yon evestigasyon). BPS ka sispèk yon elèv pa rete Boston si lèt yo voye pa lapòs, pa egzanzp, retounen jwenn yo akòz adrès la pa bon, oubyen prè adrès paran an te bay la pa konstan, oubyen li parèt sispèk, direktè lekòl la ban nou yon ti soupson, oubyen nou jwenn yon koutfil anonim.

Anplis ankèt (envestigasyon) sou fanmi sila yo nou sispèk ki pa rete Boston, anketè lojman yo ap fè yon seri verifikasyon lojman limite chwazi owaza, pou verifye lojman elèv lekòl konkou antre yo ak lòt lekòl yo. Anketè lojman an ap travay tou ak lòt ajans deyò pou obteni enfòmasyon ki gen pou wè ak lojman elèv la (yo). Detanzantan yo ka tcheke avèk MBTA pou elèv ke yo sispèk ki abite deyò vil la k ap fè long vwayaj pou yo ale lekòl.

### Ki sa ki ka pase elèv ki vyole Regleman Lojman an ?

N ap mete nenpòt ki elèv ki an vyolasyon ak lwa lojman an deyò pandan fanmi yo an atant yon notifikasyon k ap sot nan men Lekòl Piblik Boston.

Anplis mete yo deyò nan lekòl la, responsab Lekòl Piblik Boston yo pral egzijè yo peye lajan ke sèvis yo te resevwa deja yo koute, epi yo kapab menm ale devan leta pou fanmi an pou pran plis sanksyon toujou, epitou y ap kenbe tout bous ak prim elèv la ta resevwa.

Paran/responsab yon elèv yo mete deyò dapre regleman lojman an kapab ale annapèl (kontestasyon) pou desizyon an. Elèv la kapab otorize pou l rete nan lekòl la annatandan demach annapèl la ap valse. Gade pati “Defann Enterè Pitit ou” a, nan paj 9.

**Liy pou Rapòte Soupson Lojman**  
**617-635-9609**

Rele, san ou pa bezwen bay non ou, pou w rapòte yon soupson sou elèv ki al lekòl nan Lekòl Piblik Boston men ki pa abite nan Vil Boston.

# Enskripsyon Lekòl - Kòmansse Bonè pou w Pran Kèk Ransèyman Sou Chwa ou Yo !

Vil Boston gen plis pase 120 lekòl piblik, tout lekòl sa yo gen yon kalite ki pwòp a yo menm. Anba regleman deziyasyon nan Lekòl Piblik Boston (BPS), fanmi yo kapab chwazi lekòl yo vle pami tout lekòl ki egziste yo. Sepandan pa gen okenn chwa lekòl ki “garanti”. Yo deziyen elèv yo sou baz yon sistèm lotri ki bay priorite a kandida sila yo ki deja gen frè ak sè yo nan lekòl yo.

Fòmilè demann pou enskripsyon ak demann transfè pou ane skolè 2022-2023 a ap kòmansse 5 janvyè 2022 pou elèv k ap rantre nan jadendanfan K0, K1, klas 6yèm, 7yèm, ak 9yèm ane. Pou elèv k ap rantre nan jadendanfan K2 ak nan tout lòt nivo klas, peryòd enskripsyon ak transfè a ap kòmansse 7 fevriye 2022. Pou paran yo kapab gen plis chans pou yo jwenn lekòl yo vle a, nou ankouraje yo vini pandan premye peryòd enskripsyon an pou klas pitit yo a.

Si pitit ou a ap kòmansse nan jadendanfan ane pwochèn, oubyen si pitit ou a nan dènye klas yo ofri nan lekòl li a, nou rekòmande ou kòmansse fè rechèch pandan otòn sa a pou w pran plis enfòmasyon sou chwa lekòl ou yo.

## Nan Otòn nan :

### Discover Boston Public Schools

- **Cache konnen nan ki lekòl ou ka enskri pitit ou.** Daprè plan deziyasyon lekòl distri a, chwa lekòl ou yo baze sou adrès lakay ou. Ale sou sit entènèt : [DiscoverBPS.org](http://DiscoverBPS.org) pou w wè yon lis pèsonalize pou chwa lekòl ou yo.
- **Panse sou kisa w ap cache nan yon lekòl,** tankou pwogram espesyal, reyisit elèv, estrikti aranjman nivo klas yo (jadendanfan K0-klas 1ye ane, K0-1, K-6, K-8, elatriye), ak gwosè lekòl la.

## Novanm rive jis nan kòmansman Janvyè :

- **Aprann ki sa k ap pase nan chak lekòl ki nan lis pèsonalize w la.** Pa konte sèlman sou sa zanmi ak fanmi di ou. Chak lekòl diferan, epi lekòl yo ka chanje avèk letan. Pran enfòmasyon ki pi ajou sou chak lekòl, sou sit entènèt : [DiscoverBPS.org](http://DiscoverBPS.org), [bostonpublicschools.org/schools](http://bostonpublicschools.org/schools), ak nan jounal Dekouvri Lekòl Piblik Boston nou an (“Discover Boston Public Schools”) pou lekòl K-8 ak lekòl segondè yo, ki disponib nan fen desanm nan lekòl yo, Sant Dakèy yo, branch Bibliyotèk Piblik Boston yo, ak sou sit entènèt nou an. Èpitou gade nan Rapò Pèsonalize sou Kalite Lekòl nou yo (nan paj 54) ki gen ladan l enfòmasyon detaye sou chak lekòl.
- **Asiste Egzibisyon BPS ap Prezante pou Tout Vil la.** Evènman sa a se yon gran opòtinite pou fanmi yo ak fiti elèv yo rankontre direktè yo ak manm pèsònèl yo. Li bay fanmi yo yon opòtinite pou yo aprann plis sou chwa lekòl yo, pami yo : pwogram etid Lekòl Piblik Boston yo (BPS), pwogram ki an fonksyon aprè jounen skolè a, aktivite spòtif yo, ak motivasyon lekòl la.
- **Vizite lekòl yo pandan Jou Vizit Lekòl yo** (detay yo nan paj sa a). Se pi bon fason ou kapab gen yon ide sou “klima” lekòl la ak sa li atann nan men elèv yo.
- **Fè yon demann pandan premye peryòd enskripsyon yo pou klas pitit ou a pral rantre ladan l lan.** Si se yon elèv k ap antre nan Lekòl Piblik Boston pou la premye fwa, w ap bezwen enskri nan yon Sant Dakèy BPS. Mache ak de (2) prèv lojman (al gade nan paj 44), kanè vaksen elèv la, kopi orijinèl batistè a (ak nesans la), paspò li, oswa Fòmilè I-94 li, pyès idantite ki genyen foto paran an/moun ki responsab la ladan l, ak relve nòt dènye lekòl kote elèv la te ale a (si l posib).

- Pou w jwenn plis enfòmasyon okonplè sou ki jan pou w enskri lekòl, konsilte sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/register](http://www.bostonpublicschools.org/register), rele nenpòt Sant Dakèy BPS (gade nan paj 5), oubyen al chache yon kopi Jounal Chwa Lekòl nou yo, Dekouvri Lekòl Piblik Boston (“Discover the Boston Public Schools”) ki disponib nan lekòl yo, Sant Dakèy yo, ak nan branch Bibliyotèk Piblik Boston yo.

## Jou Pou Vizite Lekòl

Pandan Jou Vizit Lekòl yo – novanm jiska janvyè – lekòl yo resevwa vizite pandan kèk jou espesyal, epi yo gen kèk aktivite pou ede paran yo fè bonjan chwa sou pwochèn lekòl kote pitit yo prale.

- Tcheke sit entènèt BPS la pou plis detay sou dat Vizit Lekòl yo pou chak lekòl. Si ou pa kapab fè yon vizit nan youn nan lè sa yo, kontakte lekòl yo pou w ka pwograme yon randevou pou w vizite.**

Anplwaye ap lontan Vil Boston yo ki paran, oubyen ki responsab timoun ki gen laj lekòl, ka pran jiska 4 èd tan nan travay yo pou y al vizite lekòl yo pandan Jou Vizit Lekòl yo. Pou anplwaye a elijib pou benefis sa a, li dwe gen yon pitit k ap enskri nan Lekòl Piblik Boston pou la premye fwa, osinon gen yon pitit ki se yon elèv Lekòl Piblik Boston men k ap fè demann pou yon lòt lekòl pou l ale nan youn nan klas tranzisyon yo (jadendanfan, klas 6yèm, 7yèm, ak 9yèm ane). Tan sa a se yon “tan lib peye”, e yo p ap retire l nan jou vakans moun nan, ni nan jou konje pèsònèl li yo, ni nan jou konje maladi l yo. Anplwaye ki elijib yo dwe kontakte Biwo Resous Imen an (“Human Resources”) anvan yo sèvi ak benefis sa a.

Anplis, anba **Òdonans Deplasman Paran pou Lekòl Vil Boston an** (Chapit 12-13.3), paran elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas 12yèm ane kapab pran jiska 21 èd tan lib pa ane pou y al vizite kèk lekòl. Òdinèman paran yo fèt pou itilize tan vakans yo, jou pèsònèl yo, oubyen lè anplis yo akimile yo (ke yo rele compensatory “comp” time). Òdonans sa a se pou anplwaye ki gen 25 anplwaye, ou plis, k ap travay nan menm lokal. Paran an dwe avèti siperyè li alavans sou pwojè vizit la.

Pou plis enfòmasyon, ale nan Sikilè Sipèntandan BPS SUP-03, “Vizit Paran Nan Lekòl” (“Parental School Visits”), sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/suptcirculars](http://bostonpublicschools.org/suptcirculars).

## Transfè ak lòt Sitiyasyon Espesyal

Demann Transfè Volontè. Yon paran, oubyen yon elèv ki genyen laj 18 an oswa plis pase 18 an, kapab mande pou yon plas nan yon lòt lekòl. Transfè volontè—sila yo ki pa fèt akòz chanjman adrès, rezon sekirite, rezon pwogramasyon, oswa rezon disiplinè—kapab fèt nan dat suivan yo :

- *Klas Jadendanfan K0 jiska K2* : jiska fen janvyè 2022
- *Klas 1ye jiska klas 12yèm ane* : jiska fen novanm 2021

Lis datant yo ekspire aprè dat sa yo tou.

Pou w mande yon transfè volontè, vizite nenpòt nan Sant Dakèy BPS yo. Tout tranzaksyon mande pou w genyen yon pyès idantite ki genyen foto ladan l (“photo ID”). Avan ou ranpli fòmilè a, mande si gen plas disponib nan lekòl ou ta renmen ale a.



# Regleman BPS

## Regleman sou Afè Enskripsyon (kontinye)

**Transfè pou Rezon Sekirite.** Gen delè li nesesè pou mete yon elèv nan yon lòt lekòl pou asire yon anviwònman ki an sekirite ki ka pèmèt elèv la aprann. Se nan lekòl elèv la transfè pou rezon sekirite yo kòmanse. (Souple al gade nan paj 40, Sekirite ak Ijans Elèv.)

**Sipansyon Manch Long ak Mete Deyò.** Lekòl Piblik Boston (BPS) kapab mete elèv lekòl elemantè nan yon lòt lekòl pou rezon disiplinè. Elèv lekòl mwayèn ak lekòl segondè yo, yo menm, pral nan pwogram altènatif yo.

**Chanjman Adrès.** Si yon elèv demenaje epi lekòl li ladan l kounye a se youn nan chwa lekòl ki baze sou adrès kay yo ki baze sou nouvo adrès la, elèv la ka rete nan lekòl li ladan l aktyèlman an, men elijibilite l pou l jwenn transpòtasyon otobis jòn yo kapab afekte. Elèv ki demenaje epi lekòl yo ladan l aktyèlman an pa nan lis lekòl ki nan zòn lakay yo, kapab oblije al nan yon lòt lekòl. Sepandan, yon elèv kapab kontinye ale nan lekòl li ladan l aktyèlman an pou jiskaske li rive nan dènye klas lekòl la genyen an, si paran an dakò alekri pou l bay pwòp transpòtasyon pa li pou pitit li al lekòl la. Si fanmi an mande yon transfè akòz nouvo adrès la, n ap eseye mete frè ak sè ansanm nan menm lekòl, depi gen plas disponib.

**Elèv ki san Lojman.** Elèv fanmi yo vin san lojman gen dwa pou yo rete nan dènye lekòl kote yo te ye a, oubyen al lekòl nan yon lekòl ki nan nouvo katye yo abite a, oswa vil kote y ap viv tanporèman an. Epi tou Lekòl Piblik Boston (BPS) genyen yon pwogram ki konsakre pou l founi divès resous ak sipò bay elèv sila yo ki san lojman. Pou plis enfòmasyon, rele Rezo Resous Edikasyon pou Elèv ki San Lojman nan BPS la “Homeless Education Resource Network” (HERN), 617-635-8037.

**Elèv ki Gen Laj Avanse.** N ap refere elèv ki gen ant laj 20 a 21 an bay Sant Re-Angajman an (“Re-Engagement Center”) pou diskite kèk opsyon enskripsyon. Pwogram sa a la pou nouvo elèv ak elèv ki te la deja, ak elèv k ap re-enskri ankò nan BPS. Sepandan, direktè lekòl yo ka pèmèt kèk elèv rete nan lekòl segondè aktyèl la. Epi tou elèv yo genyen dwa pou yo fè apèl kont desizyon direktè lekòl la pou refere yo bay Sant Re-Angajman an ; pou yo fè sa, yo kapab rele Depatman Sèvis Dakèy yo nan nimewo telefòn 617-635-9046.

### Anvan ou Vizite Yon Lekòl

Lekòl yo resevwa vizite prèske tout jou ki gen lekòl. Li pi bon pou w rele anvan ou al vizite pou asire w gen yon moun k ap disponib pou mache avè w e reponn kesyon ou yo. Chache konnen si gen lè espesyal ki konsakre pou vizite fè yon tou lekòl la, epi fè konesans avèk direktè a.

Pou plis enfòmasyon

- ➔ Kontakte Sant Dakèy BPS yo, yo mansyone nan paj 5 la.
- ➔ [greatschools.org/find-a-school/slideshows/3469-choosing-an-elementary-school.gs](https://greatschools.org/find-a-school/slideshows/3469-choosing-an-elementary-school.gs)

### Regleman sou Deziyasyon Lekòl

BPS adopte yon regleman ki Baze sou Adrès Kay pou deziyasyon elèv nan lekòl yo pou deziyen elèv nan klas Jadendanfan rive jis nan klas 8yèm ane. Tout lekòl segondè nou yo nan tout vil la toujou rete kòm opsyon pou elèv nou yo.

#### Plan ki Baze sou Adrès Kay la itilize kay elèv la kòm yon pwen de referans.

- BPS ap ofri chak fanmi yon lis chwa lekòl pèsonalize ki baze sou adrès lakay yo. Li gen ladan l chak lekòl ki a yon distans yon mil a lakay yo, si toutfw sa ta nesesè, lekòl ki toupre, selon nivo Estrikti Kalite Lekòl la (SQF). Pou w kapab gen plis enfòmasyon sou SQF, ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/schoolquality](https://bostonpublicschools.org/schoolquality) Sa asire ke chak fanmi gen aksè a divès lekòl kalite siperyè, kèlkeswa kote yo abite.
- Lis la ka grandi tou, jan sa ta nesesè, pou l gen ladan l lekòl k ap ofri Jadendanfan K0, Klas Travay Avanse (“Advance Class Work” – AWC) ak plis bagay toujou, epi pou nou asire nou kapab ofri chak timoun yon plas nan yon lekòl ki sou lis li a. Opsyon sa yo rele “Lekòl Opsyon” (“Option Schools”).
- Epi tou fanmi yo ka chwazi nenpòt lekòl nan tout vil la. Gen kèk fanmi ki ka gen opsyon rejyonal tou.
- Chak fanmi ap gen chwa ant omwen sis lekòl ; pifò nan yo ap gen ant 10 e 14 chwa.
- Plan Baze sou Adrès Kay la itilize yon alorit (yon metòd matematik), ki similè a sa yo itilize pou yon lotri ; kidonk nou pa ka garanti yon kandida ap jwenn plas nan youn nan chwa pi prefere l yo.
- Akòz plas yo limite, nou pa ka garanti yon plas ni pou jadendanfan K0, ni pou K1.
- Elèv ki fè demann pou jadendanfan K0, K1, klas 6yèm, 7yèm, ak 9yèm ane nan mwa janvyè an gen pi bon chans pou yo mete yo nan lekòl yo pi prefere yo. Peryòd enskripsyon ak transfè a ap kòmanse an fevriye pou elèv k ap fè demann pou klas jadendanfan K2 ak pou tout lòt nivo klas.

### Bay Fanmi Valè

Plan ki Baze sou Adrès Kay la ap kontinye fonksyone pou l kenbe fanmi yo ansanm. Pakonsekan, plan an genyen ladan l priyorite pou frè ak sè. Byenke Lekòl Piblik Boston (BPS) pa ka garanti frè ak sè plas nan yon lekòl patikilye, priyorite pou frè ak sè a se priyorite ki pi wo a nou ofri pou nou asire nou fè tout efò posib, konfòm a regleman nou yo, pou nou kenbe fanmi yo ansanm.

### Sipòte Elèv k ap Aprann Anglè ak Elèv ki gen Enfimite

Plan ki Baze sou Adrès Kay la kreye divès gwoup kominotè pou chwa lekòl pou asire ke elèv yo ka enskri nan lekòl ki ofri bonjan kalite pwogram pi prè lakay yo.

Elèv k ap Aprann Angle yo gen aksè a lekòl ki sou lis ki fèt sou baz adrès kay yo, ansanm ak kèk opsyon pwogram andeyò katye lokal yo.

Selon bezwen yo, elèv ki gen enfimite yo kapab chwazi plas nan lis ki baze sou adrès kay la, oswa yo kapab mete yo nan yon pwogram nan gwoup kote yo abite a, si toutfw Plan Edikasyon Pèsonalize yo a mande pou kèk sèvis patikilye oswa kèk nivo sèvis.



## Enskripsyon Règleman (kont.)

Epitou n ap toujou ofri kèk pwogram pou tout vil la.

Ou kapab li plis detay sou plan an epi enfòmasyon tèt ou sou opsyon lekòl yo nan peryodik Discover BPS nou an.

### Ki sa ki "Priyorite yo ?"

Pafwa yon lekòl pa gen plas pou tout elèv ki make l kòm chwa yo. Lè sa rive, òdinatè a deziyen timoun yo selon chwa ak priyorite. Priyorite pou frè ak sè se youn nan pi gwo priyorite nou yo, epi lòt priyorite yo gen ladan yo : priyorite EEC/ELC, priyorite lekòl aktyèl la, ak priyorite zòn "East Boston" (seksyon lès Boston an) parapò ak "Non East Boston" (pati Boston ki pa nan zòn lès la).

#### ● Priyorite Frè ak Sè

Nou eseye deziyen timoun ki nan menm fanmi ansanm nan menm lekòl, si paran yo mande sa. Si ou vle pitit ou ale nan menm lekòl, mande pèsònèl Sant Dakèy la ki jan ou kapab fè demann pou priyorite frè ak sè a. Sepandan, pafwa yon lekòl pa gen plas pou tout frè ak sè ki fè demann pou li ; donk nou pa kapab garanti deziyasyon pou frè ak sè. Fè si ou make preferans frè ak sè yo premye fwa w ap fè demann nan.

#### ● Priyorite Lekòl Aktyèl la

Priyorite lekòl aktyèl bay yon elèv priyorite pou yon pwogram nan lekòl li sou yon lòt elèv ki al nan yon lekòl diferan. Pa egzanp, yon elèv ki enskri nan 3yèm ane nan lekòl Hennigan School ap resevwa yon priyorite pou yon plas pou yon Kou Travay Avanse ("Advanced Work Course") 4yèm ane nan lekòl Hennigan nan sou yon elèv 3yèm ane ki ale nan lekòl Mendell School la ki te chwazi pwogram Kou Travay Avanse a nan lekòl Hennigan nan.

#### ● Priyorite pou elèv EEC ak ELC k ap fè demann pou klas 2yèm ane

Elèv k ap fini klas 1ye (premye) ane nan yon Sant Aprantisaj pou Timoun Piti ("Early Learning Center" – ELC) oswa Sant Edikasyon pou Timoun Piti ("Early Education Center" – EEC) ki pa gen yon lekòl Pakou ("Pathway school"), y ap mete yo nan plas klas 2yèm ane ki disponib yo avan elèv sila yo ki fenk vini nan Lekòl Piblik Boston, e avan sila yo k ap fè demann pou transfè ki sot nan kèk lòt lekòl elemantè.

Lòske n ap mete elèv sa yo nan plas 2yèm ane yo, pami yo plas ki sou lis datant yo, n ap konsidere eleman abityèl yo, ki gen pami yo : peryòd enskripsyon lè elèv yo te fè demann nan, nenpòt lòt priyorite, ak nimewo owaza yo. Eksepsyon yo ka gen ladan yo plas nan pwogram pou Elèv k Ap Aprann Lang Anglè ak sèvis pou kèk elèv ki enfim.

#### ● Priyorite East Boston/Pa East Boston

Akoz plas kote l lokalize a se yon pozisyon inik (san parèy), elèv edikasyon jeneral East Boston yo, apati de klas jadendanfan K2, gen yon garanti pou yon deziyasyon nan East Boston, si toutfwa yo ta chwazi li.


- Lis chwa lekòl pèsonalize pou elèv East Boston yo ap gen ladan yo tout lekòl ki nan East Boston.
- Nou bay abitan East Boston yo priyorite pou plas East Boston yo sou kandida ki pa abitan East Boston. Lis pèsonalize yon elèv ka gen ladan l tou kèk lekòl andeyò East Boston, men priyorite a p ap aplikab pou lekòl sa yo.

- Etandone ke priyorite sa a limite aksè moun ki pa abitan East Boston yo ki ka gen Lekòl East Boston yo sou lis yo tou, elèv sa yo ap gen yon priyorite tou sou elèv East Boston yo pou yo ale nan nenpòt lekòl ki pa lekòl East Boston ki sou lis chwa pa yo.

#### ● Nimewo Owaza

Odinatè a bay chak demann yon nimewo owaza. Nou itilize nimewo owaza yo pou nou pran yon desizyon lòske gen elèv ki gen priyorite egal-ego pou yon lekòl.

Ki jan sa fonksyone ? An nou di gen yon plas ki rete pou jadendanfan K2 nan lekòl Kenny School la. Tout kandida ki gen frè ak sè jwenn plas yo deja. Gen twa elèv anplis, toulètwa san priyorite frè ak sè, make lekòl Kenny a kòm premye chwa yo. Elèv ki gen nimewo owaza ki pi ba a ("pi bon" nimewo a) ap jwenn plas la, epi n ap mete lòt elèv yo sou lis datant lan.



### Dosye Elèv

Dosye Elèv la gen tout enfòmasyon ki konsène yon elèv, epitou nou kenbe yo sou yon fòm kèlkonk nan Lekòl Piblik Boston (BPS), nou òganize yo dapre non elèv yo, oswa nan yon fason kote ke nou kapab idantifye chak elèv an patikilye.

Relve nòt elèv la, oubyen **dosye pèmanan** elèv la, genyen ladan l non elèv la, dat li fèt, adrès li, ane ak klas li fin fè yo, kou l yo ak nòt li resevwa yo. Nou kenbe dosye pèmanan yo pou 60 an apre elèv la fin kite sistèm lekòl la.

Tout lòt dosye ki gen arevwa ak elèv yo se **dosye tanporè** yo ye, e nou detwi yo set (7) an apre elèv yo kite sistèm lekòl la, apre nou fin voye avètisman alekri sou sa bay elèv la oswa bay paran an/responsab la. Elèv k ap diplome ak paran/gadyen responsab gen dwa pou yo resevwa dosye tanporè a lòske y ap kite Lekòl Piblik Boston, oswa avan dosye a detwui. Yo ka kontakte administrasyon lekòl aktyèl la oswa administratè bilding dènye lekòl yo te ale ladan l lan pou yo mande yon kopi dosye a. Yon paran/gadyen responsab, oswa yon elèv, dwe siyen yon Fòmilè Otorizasyon Dosye pou dosye a.

Yon paran nenpòt elèv, oswa yon elèv ki antre nan lekòl segondè oswa ki genyen omwen laj 14 an, genyen dwa pou l inspekte dosye elèv la sou demann. Paran an oswa elèv la dwe resevwa dosye a pa

# Regleman BPS

## Dosye Elèv (kontinye)

pi ta ke dis jou aprè demann nan e li ka mande pou yon lòt moun tradui l, oswa mande direktè a pou l modifiye l. Rele lekòl pitit ou a si w ta renmen wè dosye elèv pitit ou a. Sepandan, infwa ke yon elèv rive nan laj 18 an, paran l dwe genyen yon pèmasyon alekri ki sot nan men elèv la pou l kapab enspekte oswa resevwa dosye yo.

Pou plis enfòmasyon sou dosye elèv, gade :

- ➔ Sikilè Sipèntandan LGL-7 lan, Pwosedi pou Dosye Elèv “Student Record Procedures”, sou sit entènèt :

➔ [www.doe.mass.edu/lawsregs/advisory/cm23qanda.html?section](http://www.doe.mass.edu/lawsregs/advisory/cm23qanda.html?section)

### Dosye Medikal Elèv la

Dapre Regleman gouvènman federal la ak gouvènman eta a konsènan Dosye Elèv yo, dosye medikal yo dwe anba pwoteksyon konfidansyèl espesyal. Malgre yon dosye medikal fè pati dosye tanporè a, moun pa ka gen menm aksè ak li menm jan ak relve nòt yo ak dosye tanporè yo. An jeneral, se sèlman enfimiyè lekòl la ki kapab genyen plen aksè a enfòmasyon dosye medikal elèv la nan dosye tanporè a. Pou plis enfòmasyon sou ki lè lalwa pèmèt sèten enfòmasyon sou sante kapab transmèt bay anplwaye lekòl la ki pa enfimiyè, san konsantman paran an, al gade Sikilè Sipèntandan an LGL-16, “Enfòmasyon sou Sante Elèv yo,” (“Student Health Information”), sou sit entènèt BPS la.

### Pou Jwenn Dosye Ansyen Elèv BPS yo

Ansyen elèv BPS yo ka jwenn yon kopi oswa yon relve nòt ofisyèl ak prèv diplòm yo lèske yo soumèt yon demann alekri. Tanpri ale sou sit entènèt BPS la pou plis detay ak pou w jwenn yon kopi Fòmilè Demann Relve Nòt Elèv la : [bostonpublicschools.org/request-transcript](http://bostonpublicschools.org/request-transcript)

### Si lekòl segondè ou a toujou louvri ...

Ranpli yon Fòmilè Demann Relve Nòt lèfini fakte li bay lekòl la oubyen voye l lekòl la pa lapòs. Enfòmasyon kontak pou chak lekòl lokalize sou paj lis lekòl yo sou sit entènèt BPS la.

### Si lekòl segondè w la fèmen ...

- ➔ Rele Liy Telefòn Demann Relve Nòt pou Lekòl BPS Ki Fèmen yo (“Closed Schools Transcript Request Line”) : 617-635-7327
- ➔ Enprime epi ranpli Fòmilè Demann Relve Nòt la, ke ou ka jwenn sou sit : [bostonpublicschools.org/request-transcript](http://bostonpublicschools.org/request-transcript) epi poste li voye bay :  
Office of Instructional & Information Technology  
Boston Public Schools  
2300 Washington St., Roxbury MA 02119  
oubyen fakte l sou nimewo : 617-635-9164
- ➔ Fè demann pou yon relve nòt elèv sou entènèt sou sit : [bpsma.scribborder.com](http://bpsma.scribborder.com)

### Dosye Elèv k ap Kite Lekòl Piblik Boston

Lè yon elèv kite Lekòl Piblik Boston pou ale nan yon lòt lekòl ki pa fè pati BPS, BPS ap voye dosye elèv la dirèkteman bay nouvo lekòl la. Sonje lè yon elèv transfere ale nan yon lòt lekòl pandan ete a, sa kapab pran plizyè jou oswa plizyè semèn anvan pou paran an jwenn dosye a nan men lekòl la. Tan anplwaye yo pase nan bilding lekòl yo nan mwa jiyè ak out trè limite.

### Pase Bay Enfòmasyon Sou Elèv

Dabitid, yo pa pèmèt ni moun ni òganizasyon jwenn enfòmasyon sou dosye elèv yo, dapre lalwa, san paran oubyen elèv ki kalifye a pa bay yon pèmasyon alekri. Mèzalò, gen kèk eksepsyon ki pèmèt lekòl yo bay enfòmasyon sou elèv yo san paran yo pa bezwen konsanti, e pafwa avèk avètisman, jan nou esplike l nan Gid sa a. Egzanp kèk eksepsyon se :

- Dapre lalwa eta a, lè yon elèv transfere ale nan yon lòt lekòl, dosye elèv sa a (ak tout dosye edikasyon espesyal) ka transfere ale nan lòt lekòl la san paran an pa konsanti, osilontan paran an resevwa avi sou lwa sa a chak ane.
- Divilgasyon enfòmasyon kapab nesèse pou pwoteje sante oswa sekirite yon moun, lèfini Depatman Timoun ak Lafanmi (DCF), Depatman Sèvis Jenn Moun (DYS) kapab mande enfòmasyon sa yo, epitou yon ajan pwobasyon, oswa lòt ajans leta, oubyen tou ajans edikasyon, kapab mande dosye sa yo.
- Dapre lwa federal, fòk distri lekòl piblik yo remèt non, adrès, ak telefòn elèv ki nan klas segondè yo bay rekritè militè Etazini a ak moun k ap rekrite moun pou inivèsite (ansèyman siperyè). Sepandan, yon paran oswa yon elèv gen dwa mande nou alekri pou nou PA bay enfòmasyon sa yo. Gen de (2) fason yo kapab mande sa :
  - Ranpli seksyon “Pase Enfòmasyon Bay Rekritè Lame ak Rekritè Ansèyman Siperyè” a (“Release of Information to Military and Higher Education Recruiters”), sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/contact](http://bostonpublicschools.org/contact)
  - Soumèt demann lan alekri oubyen nan imel bay direktè lekòl la. Piske an jeneral rekritè yo mande enfòmasyon sa yo byen bonè nan kòmansman ane skolè a, fòk ou soumèt demann pa w la pa pita ke 1ye oktòb 2021, pou w evite yo mande w enfòmasyon an.
- Jan lalwa egzije sa dapre Lwa Refòm nan Edikasyon nan Massachusetts “Massachusetts Education Reform Law”, distri lekòl piblik yo dwe bay lekòl “charter” yo non ak adrès elèv yo pou rezon rekritman. Si ou pa vle yo bay enfòmasyon sa a, tanpri ranpli Seksyon “Pase Enfòmasyon Bay Lekòl Charter” a (Release of Information to Charter Schools), sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/contact](http://bostonpublicschools.org/contact).
- Lekòl Piblik Boston divilge (pase enfòmasyon) suivan yo bay, san konsantman paran : non elèv yo, laj yo, katye kote yo rete, klas y ap fè, dat yo te lekòl. Si ou pa vle nou pase enfòmasyon sa yo bay san konsantman w, ou fèt pou w fè direktè lekòl la konn sa anvan 1ye oktòb, 2021. Epitou ou kapab mete enfòmasyon sa a ajou sou

### Konsèy Konsiltatif Elèv Boston an di...

BPS gen responsabilite pou l asire ke elèv yo ak paran yo enfòm sou dwa sa a yo genyen pou yo pa patisipe. Aprè ou fin reflechi sou opsyon ou yo, ou kapab deside sèvis militè se pou ou. Ou dwe okouran sou trik moun k ap fè rekritman yo anplwaye epi veye pou enfòmasyon ki pa konplè oswa ki gen konfizyon ladan yo. Nou gen dwa sa a pou nou chwazi lavni nou, men nou genyen dwa tou pou nou konnen nan ki sa n ap fòre kò nou.

sit entènèt nou an : [bostonpublicschools.org/familyguide](http://bostonpublicschools.org/familyguide).

Lalwa Massachusetts [M.G.L. Chapit 71, seksyon 34H ak 603 CMR 23.07 (5) (a)] dekri ki jan ak ki fason pou lekòl piblik yo founi enfòmasyon sou dosye elèv yo bay moun ki pa gadyen responsab legal elèv yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit : [www.doe.mass.edu/news/news.aspx?id=3063](http://www.doe.mass.edu/news/news.aspx?id=3063)

Kopi regleman BPS sou dosye elèv yo ansanm ak dwa paran ak dwa elèv sou dosye yo, disponib nan chak lekòl. Yon paran oswa elèv kapab pote plent bay Biwo Konfòmite Ak Regleman Lafanmi nan Depatman Edikasyon Etazini (“Family Policy Compliance Office in the U. S. Department of Education”) pou swadizan vyolasyon Lwa Dwa Edikasyon ak Dwa Prive Fanmi an (FERPA) ak tout regleman ki mache ak dwa sa yo.

## Seremoni Remiz Diplòm

Diplome (gradye) nan lekòl segondè se yon okazyon ki trèzenpòtan e espesyal. Tout lekòl segondè nan BPS onore elèv k ap diplome yo nan bèl seremoni fòmèl kote yo pwofite prezante diplòm yo, kèk bous detid, ak lòt fason yo rekonèt elèv yo. Se sèlman elèv ki satisfè tout egzijans pwomosyon lekòl segondè BPS yo, epi ki satisfè nòt yo egzije pou Detèminasyon Konpetans (Competency Determination) nan egzamen MCAS la nan matyè ELA (Gramè/Literati Anglè), matematik, ak syans ak teknoloji/jeni, ki kapab patisipe nan seremoni remiz diplòm yo pou resevwa yon diplòm. Elèv ki pa rive konplete egzijans yo pou yo diplome p ap kapab “defile sou tribin nan” pou resevwa diplòm yo, epi yo ka resevwa yon fèy papye vid nan plas diplòm nan.

Gen sèlman 3 eksepsyon nan regleman sa a :

1. Elèv ki konplete dezan nan yon pwogram teknik-vokasyonèl nan lekòl Madison High Park epi ki pran **Sètifika Konpetans** kapab patisipe nan seremoni remiz diplòm yo (gradyasyon yo).
2. Elèv edikasyon espesyal ki gen gwo enfimite ki genyen laj 22 an, e k ap kite lekòl segondè akòz laj yo e ki atenn objektif yo nan Plan Edikasyon Pèsonalize a (IEP) ap resevwa yon **Sètifika Prezans**, epi y ap kapab patisipe tou.
3. Lòt elèv ki enfim ki ranpli egzijans sa yo kapab chwazi pou yo patisipe :
  - Elèv la pa gen plis pase nèf (9) absans san motif nan ane lekòl anvan an
  - Elèv la te pran MCAS 10yèm ane omwens twa (3) fwa nan chak matyè elèv la pa t pase, oubyen elèv la te remèt omwens 2 pòt fèy “evalyasyon altènatif”
  - Elèv la te nan klas 12yèm ane san pwoblèm, jan yo dekri l nan IEP a, epi li te satisfè tout egzijans lekòl la ak kritè BPS sila yo ki andeyò domèn akademik la.

Anpil lekòl gen gwo aktivite nan fen ane a pou rekonèt elèv ki pase nan Jadendanfan, klas 5yèm ane ak 8yèm ane. Sepandan, **sa yo se selebrasyon yo ye, se pa gradyasyon**. Nou dekouraje lekòl yo rele selebrasyon sa yo gradyasyon ak seremoni prezante “diplòm” epi pou yo fè elèv yo mete kwaf ak tøj (wòb gradyasyon).

Tout elèv dwe fè 180 jou lekòl, eksepte elèv nan dènye ane lekòl segondè yo (ane tèminal la)—menm si seremoni fen ane a fèt anvan

dènye jou lekòl la, n ap konsidere elèv yo “absan” si yo pa vin lekòl.

## Devwa Lakay

Edikatè Lekòl Piblik Boston yo kwè ke lòske elèv yo pase kèk tan siyifikatif ap fè devwa lakay, yo gen plis chans pou yo atenn siksè nan afè lekòl yo. Devwa lakay baze sou travay ki te fèt nan klas, epi yo ankouraje devlopman disiplin ak responsablite pèsonèl lakay elèv yo. Epitou yo favorize kowoperasyon ak komunikasyon ant fanmi yo ak lekòl la.

Chak elèv BPS dwe gen devwa lakay chak jou lekòl. Al gade nan paj 18 (lekòl elemantè), paj 20 (lekòl mwayèn), ak paj 22 (lekòl segondè) pou kèk direksyon sou devwa lakay. Pwofesè yo responsab pou bay devwa lakay.

Si ou gen kesyon sou devwa lakay, oubyen si pitit ou a gen pwoblèm poutèt kantite oubyen valè devwa yo ba li, kontakte pwofesè a anvan, apres kontak direkteman lekòl la.

## Reta

Nou atann aske tout elèv vin lekòl alè chak jou. Elèv ki rive apre jounen an fin kòmmanse, an reta. Yo dwe suiv pwosesis ki etabli pou reta yo pou nou kapab konsidere yo prezan pou jounen an. Lekòl segondè yo ka konte twòp reta kòm absans. Pou plis enfòmasyon, gade nan paj 14 (Ponktyalite/Vin Alè).

Dapre regleman Komite Skolè Boston an (apwouve 24 Me, 2006), yo dwe pèmèt elèv ki an reta yo rantre nan etablisman lekòl la e pa kite yo deyò. Responsab anchèf ak direktè yo fèt pou (a) revize regleman ki ekziste sou afè reta a avèk Konsèy Lokal Lekòl la, (b) devlope konsekans rezonab ki koresponn ak reta elèv yo avèk sipò pozitif k ap ankouraje yo vin alè, epitou (c) siveye depre pou wè si elèv yo konfòme yo dapre regleman yo.

## Kazyè Elèv yo

Lekòl mwayèn yo ak lekòl segondè yo bay chak elèv kazyè pou yo sere founiti klasik ak lòt afè pèsonèl yo. Gen kèk lekòl K-8 ki pa gen kazyè disponib pou elèv lekòl mwayèn. Lekòl la bay kadna ak kle. Elèv yo pa dwe itilize pwòp kadna pa yo.

Li enpòtan pou paran yo ak elèv yo konprann kazyè yo se pwopriyete Lekòl Piblik Boston pandan elèv yo ap itilize yo. Anplwaye lekòl la gen dwa pou yo fouye kazyè yo ak atik pèsonèl yo anndan kazyè yo (tankou pòch manto yo).

Anplwaye lekòl la fouye kazyè elèv yo owmen yon fwa pa ane pou

### Konsèy Konsiltatif Elèv Boston an di...

Regleman sou prezans ak ponktyalite (vini alè) genyen pou wè avèk respè pou elèv yo ak edikasyon yo. Adminstrasyon BPS la te wè li pa korèk pou nou kite elèv ki vin an reta yo deyò lekòl kòm pinisyon. Lekòl yo bezwen kontinye devlope ankourajman pozitif ki fè elèv yo ANVI vin lekòl; pa egzanp, lòske nou amelyore kilti lekòl yo e mete anfas sou ede elèv ki anreta yo olye pou nou ta kenbe yo aprè lè lekòl oswa bay yo pinisyon. Epi elèv yo dwe konnen ki jan edikasyon enpòtan pou yo – fòk yo parèt alè pou yo montre yo konn sa a.



# Regleman BPS

pwòpte jeneral. Yo enspekte kazye yo tou lè yo sispèk genyen yon pwoblèm pwoteksyon oswa yon pwoblèm sekirite. Pandan n ap fouye kazye yo, si nou jwenn nenpòt ki atik ilegal, atik entèdi, oswa atik ki potansyèlman danjre oswa atik ki bay prèv ke te gen yon krim ki te komèt, n ap remèt li bay otorite apwopriye yo.

Tcheke Regleman Lekòl la tabli pou plis enfòmasyon sou pwosedi ki konsène kazye yo.

## Telefòn Pòtab Selilè

Regleman Lekòl Piblik Boston sou telefòn selilè kreye pou l asire ke itilizasyon telefòn selilè yo pa entèfere nan ansèyman ak aprantisaj k ap fèt pandan jounen skolè a. Regleman sa a pou tout elèv ki anwole nan Lekòl Piblik Boston, kèlkeswa nivo klas la, ak tout lekòl pilòt yo, ak pou lekòl Horace Mann Charter yo.

1. Nou pèmèt elèv yo itilize telefòn selilè pandan lè suivan yo sèlman :
  - anvan oubyen apre orè lekòl la, swa anndan oswa deyò lekòl la.
  - nan aktivite k ap fèt apre jounen skolè a, tankou espò, avèk pèmision antrenè a, enstriktè a, oswa direktè pwogram nan sèlman.
  - nan aktivite aswè oubyen nan aktivite ki fèt lè wikenn anndan lekòl la ;
  - nan sal de klas, avèk pèmision pwofesè a, pou objektif edikatif.
2. Nou pa pèmèt itilizasyon telefòn pou kèlkilanswa rezon an— tankou apèl telefonik, mesaj alekri oswa lòt fonksyon pandan nenpòt ki lòt lè nan pwopriyete lekòl la.
3. Telefòn selilè yo pa dwe sou je pandan jounen skolè a.
4. Telefòn selilè yo fèt pou fèmen nèt pandan jounen skolè a (pa sèlman sou mòd silans oswa mòd vibrasyon).

Konsekans pou elèv ki vyole regleman sa a pati konsa :

- **Premye ofans** : N ap konfiske (pran) telefòn nan epi n ap retounen l bay elèv la lè lekòl lage.
- **Dezyèm ak lòt ofans aprè** : N ap konfiske telefòn nan epi n ap retounen l sèlman bay paran oswa gadyen elèv la. Elèv la p ap kapab vin ak telefòn selilè nan lekòl la pandan tout rès ane a skolè a.
- **Si elèv la vyole regleman sa a plizyè fwa** : Nou kapab pran lòt aksyon disiplinè ki anrapò ak Kòd Konduit la pou pini elèv ki vyole regleman sa yo.

## Pwopriyete Pèsonèl

Li annwiyon pou elèv ak anplwaye lekòl la lè yo pèdi afè pèsonèl enpòtan yo tankou bijou, jwèt, ak ekipman elektwonik, osinon lè lòt moun vòlè atik sa yo. Nou reyèlman ankouraje paran yo asire yo ke timoun yo pa pote okenn atik ki gen valè avèk yo lekòl la.

Si atik sa a yo koze entèripsyon (deranjman), Regleman Lekòl la tabli yo kapab pèmèt anplwaye lekòl la pran atik la nan men elèv

la pandan l lekòl la. Regleman Lekòl la tabli kapab deside tou ke toudabò se pa tout atik yon moun kapab pote lekòl.

Nou fè tout efò pou nou remèt pwopriyete prive bay paran yo oswa elèv yo. Men, nou pa ka responsab pou nou ranplase pwopriyete ki pèdi oswa yo vòlè, ni remèt fanmi yo lajan ke pwopriyete sa yo koute.

## Kanè Nòt

Lekòl yo bay kanè nan fen chak tèm notasyon (chak trimès yo bay nòt yo). An jeneral, lekòl elemantè yo ak klas Jadendanfan rive nan klas 5yèm Ane nan lekòl K-8yèm yo gen twa tèm (trimès yo bay nòt). Pifò lekòl mwayèn yo, klas 6yèm jiska 8yèm ane nan lekòl K-8 yo, ak lekòl segondè yo genyen 4 tèm (4 trimès). Gen kèk lekòl K-8 ki ka mande pou genyen yon sèl kalite kalandriye pou bay kanè pou tout nivo klas. W ap jwenn yon kalandriye peryòd notasyon yo (le yo bay nòt yo) pou 2021-2022 a anndan kouvèti ki nan fen Gid sa a. Yon Konsèy Lokal Lekòl ka mande yon kalandriye pou kanè nòt yo ki diferan ak sa biwo santral la etabli a.

An jeneral, elèv yo pote kanè yo lakay yo pou paran yo, oswa moun ki responsab la, kapab siyen yo. Apre sa elèv yo pote l tounen bay pwofesè a. Genyen kèk lekòl ki bay kanè nòt pandan evènman Pòt Ouvè yo oswa pandan konferans ant paran yo ak pwofesè yo.

Nan mitan chak trimès, lekòl yo dwe bay elèv sila yo ki an danje pou yo echwe nòt avètisman pou yo pote lakay yo.

Pou w konnen kòman pitit ou a ap pwogrese, rele lekòl la pou w mete yon randevou pou yon konferans paran-pwofesè. Sant Dakèy BPS yo kapab ba ou konsèy sou fason ou kapab genyen yon rankont ki byen pase ak pwofesè pitit ou a. Yo make nan paj 5. Epi tou al gade nan paj 10, “Prepare yon Bonjan Rankont Paran-Pwofesè.”

Fanmi yo kapab siveye pwogrè akademik pitit yo sou entènèt atravè filyè Pòtay Lafanmi Sistèm Enfòmasyon Elèv la (“Student Information System” - SIS) . Pou w wè detay yo, ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/SIS](http://bostonpublicschools.org/SIS). Ap genyen plis enfòmasyon disponib nan lekòl ou a.

## Aktivite Spòtif

Gen anpil opòtinite pou elèv lekòl mwayèn ak lekòl segondè BPS yo patisipe nan divès aktivite spòtif (atletik). “BPS Athletics” se yon manm Asosyasyon Atletik Entè-eskolè nan Massachusetts (MIAA), e pwogram pou atlèt li yo dwe konfòm a regleman MIAA yo. Pou yo kapab patisipe, chak elèv atlèt dwe pase yon konsiltasyon medikal fizik san pwoblèm, 13 mwa anvan yo kòmanse chak sezon espò, yo dwe gen yon fòmilè konsantman ke paran an siyen, epi mentni nivo mwayèn nòt (GPA) ak to prezans egzijè yo pou yo kalifye.

Lalwa eta Massachusetts mande pou tout elèv-atlèt ak paran, osibyen antrenè, direktè atletik, enfimiyè lekòl, ak doktè ranseye sou konsekans grav ki genyen lòske moun fè aksidan kote tèt yo swa blese oswa frape, atravè kèk pwogram fòmasyon ak materyèl

### Opòtinite Atletik nan BPS

- **Otòn** – Kous Tout Teren, Majorèt, Foutbòl Ameriken, Foutbòl, Volebòl
- **Ivè** – Baskèt bòl, Oki sou Glas, Atletis Anndan Sou Pis, Natasyon (Naje), Lit
- **Prentan** – Besbòl, Atletis Deyò, Balmòl, Volebòl, Tenis



ekri. Volontè paran ak paran/gadyen responsab elèv ki patisipe nan nenpòt aktivite spòtif estraskolè ap resevwa plis enfòmasyon nan men lekòl yo. Ou kapab jwenn yon tèks lwa a (alekri) sou sit entènèt : [malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXVI/Chapter111/Section222](http://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXVI/Chapter111/Section222)

Genyen plis enfòmasyon sou aktivite spòtif BPS yo ki disponib nan lekòl yo ak sou sit entènèt BPS la : [bostonpublicschools.org/athletics](http://bostonpublicschools.org/athletics).

## Lè Jounen Lekòl la Ranvwaye

Gen kèk okazyon kote n ap oblije fèmen pòt lekòl yo akòz move tan oswa lòt ka ijans. Nou kominike enfòmasyon sou lè lekòl ranvwaye nan fason suivan yo :

- Kout fil otomatize lakay elèv yo
- Nan estasyon radyo ak televizyon ki pi popilè yo, apati 5:30 dimaten
- Liy Telefòn Dirèk Majistra a : 311
- Biwo Santral BPS la (Central Office) : 617-635-9000
- Sit entènèt BPS la : [www.bostonpublicschools.org](http://www.bostonpublicschools.org)
- Kont Twitter (@[bostonschools](https://twitter.com/bostonschools)) ak kont Facebook (@[bostonpublicschools](https://facebook.com/bostonpublicschools))
- Sit entènèt Vil Boston an : [www.cityofboston.gov/snow](http://www.cityofboston.gov/snow) \*
  - Enskri pou yo kapab avèti w swa nan telefòn, oswa nan imel, lè gen ka ijans lanèj, entèdiskyon paking, ak lè lekòl ranvwaye.

Kèlkanswa desizyon nou pran sou ouvèti lekòl yo, se paran an ki dwe pran desizyon final la pou wè èske li fè sans pou l voye pitit li lekòl. Si paran an deside kenbe timoun nan lakay li pou rezon sekirite, absans lan ap eskize lè paran an voye yon nòt. (Ale gade nan paj 14 nan “Regleman pou Pwomosyon : Prezans” (“Promotion Policy: Attendance”).)

- ➔ **Si lekòl fèmen** : N ap ratrape jou a nan fen ane a.
- ➔ **Si vin gen move tan pandan jounen lekòl la** : N ap lage lekòl nan lè nòmàl.
- ➔ **Pwogram apre jounen skolè a** : Lè lekòl ranvwaye, nou ranvwaye tout pwogram ki fèt nan Lekòl Piblik Boston apre jounen skolè a, tout aktivite spòtif BPS, ak tout klas leswa, ak tout evènman ranvwaye.

Daprè lwa eta a, ane skolè a dwe dire 180 jou pou elèv yo. Dapre kontra Sendika Pwofesè Boston yo, dènye jou lekòl la pa dwe depase 30 jen. Si sa sesesè, n ap ajiste kalandriye BPS la pou nou mache dapre regleman sa yo. W ap resevwa enfòmasyon nan men lekòl pitit ou a.

## Regleman sou Anviwònman San Tabak

Tout bagay suivan yo entèdi : posasyon, itilizasyon ak afich tout pwodui ki fèt ak tabak nan lokal lekòl yo, pami yo aparèy sigarèt elektwonik, nan yon espas 50 pye distans a pwopriyete lekòl la pandan kèlkeswa lè a, ak pandan tout aktivite lekòl la apiye, menm si se pa nan lokal la. “Pwopriyete Lekòl la” vle di lokal lekòl la, biwo, depo, teren atletik, otobis lekòl la ak machin li, pakin, twotwa/pasaj pyeton, ak nenpòt lòt byen ki anba kontwòl Lekòl Piblik Boston. Regleman sa a pou tout moun, sa enkli : manm pèsònèl lekòl la ak vizite yo. Vyolatè yo kapab oblije peye yon amann. Elèv ki vyole regleman sa yo pral jwenn sanksyon disiplinè jan sa endike nan Kòd Konduit la ak/oswa nan liv lekòl la. Gade Sikilè Sipèntandan SHS-18 la pou w wè regleman yo okonplè.



## Swen Liv ak Lòt Materyèl pou Klas

Lekòl nou yo bay tout elèv liv pou klas yo ak divès lòt materyèl yo bezwen pou lekòl, gratis. Liv pou klas yo ak liv bibliyotèk yo se pwopriyete Lekòl Piblik Boston.

Pifò nan liv klas n ap itilize nan lekòl yo an bon eta. Nou achte liv nèf chak ane, depi gen bezwen. Nou mande pou elèv yo remèt liv yo an bon eta. Elèv yo fèt pou kouvri tout liv matyè yo pote lakay yo.

Si yon elèv dechire yon liv, pèdi yon liv oswa kèk lòt pwopriyete lekòl la, elèv la oswa paran l dwe peye pou ranplase yo. Tout fanmi sipoze konnen ke anpil nan liv klas yo chè anpil.

## Inifòm Lekòl

Lekòl Piblik Boston pa genyen yon regleman an jeneral sou inifòm pou tout distri a. Sepandan, li genyen yon Regleman Inifòm Lekòl. Dapre regleman sa a, Konsèy Lokal Lekòl yo nan chak lekòl dwe chwazi youn nan twa chwa suivan yo :

- pa gen inifòm lekòl ;
- inifòm oswa kòd abiman yo volontè ; osinon
- inifòm oswa kòd abiman yo obligatwa (egzije).

Menm si lekòl pitit ou a genyen yon regleman ki di inifòm obligatwa, ou genyen dwa pou w pa patisipe ladan l. Pou w fè sa, voye yon lèt bay direktè a ki bay rezon pitit ou a p ap patisipe a. Anplwaye lekòl yo dwe pèmèt elèv ki pa met inifòm yo vin lekòl.

## Disponibilite Dlo Potab (pou Moun Bwè)

Dapre lalwa, lekòl yo dwe fè dlo potab disponib gratis pou tout elèv yo bwè, pandan tout jounen skolè a. Tout lekòl gen fontèn dlo oswa machin distribisyon dlo, menm nan kafeterya a osinon nan zòn kote elèv yo manje pandan lè repa manje yo. Tout kote yo pran dlo pou bwè, pou prepare manje, osinon pou sèvis medikal, sibi tès chak ane. Pou plis enfòmasyon sou dlo potab ki disponib, kontakte Depatman Sante ak Byenèt la, nan nimewo 617-635-6643, oubyen ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/water](http://bostonpublicschools.org/water).

# Regleman BPS



## Regleman sou Elèv k ap Atann Bay Nesans a yon Bebe ak Elèv ki Paran

Elèv k ap atann bay nesans a yon bebe ak elèv ki paran genyen dwa akademik ak kèk lòt dwa edikasyonèl ki dekri nan Sikilè Sipèntandan an (“Superintendent’s Circular EQT-08”) ki la pou ede elèv sila yo k ap atann bay nesans a yon bebe, ak sila yo ki paran, konplete tout egzijans kou yo lakay yo (ansèyman lakay yo). Kòm pati regleman sa a, tout lekòl ki genyen klas 6yèm jiska 12yèm ane dwe lonmen yon liyezon k ap responsab pou kominikasyon nan kominote skolè a konsènan “Regleman Elèv k ap Atann Bay Nesans ak Elèv ki Paran”.

## Angajman Elèv ak Gouvènans

Tout lekòl piblik mwayèn ak segondè nan Boston (pami yo : lekòl distri, lekòl konkou antre, ak tout lekòl altènatif ak lekòl pilòt ak lekòl chatè nan distri a) **dwe genyen yon plan angajman** pou elèv alekri ki esplikè opòtinite elèv yo jwenn pou yo ka asime yon wòl nan sa k ap pase nan klas yo ak nan yon nivo pi laj anndan kominote skolè a, jan sa pale nan dokiman Lekòl Piblik Boston an ki rele : “**Sèt Pwen Esansyèl pou Amelyore Tout yon Lekòl**” (nan paj ki vin aprè a). Regleman angajman elèv la dwe fè pati “**Plan Angajman Fanmi**” chak lekòl. Youn nan pati regleman sa a di ke chak lekòl segondè dwe tabli tou yon gouvènman elèv ki fonksyonèl e aktif. Nou ankouraje lekòl mwayèn yo etabli yon gouvènman elèv. Dirijan elèv yo nan komite sa a ap reprezante kamarad yo nan fason y ap sèvi yo kòm konseye, anketè, ak patisipan nan tout demach k ap fèt pou pran desizyon sou nivo lekòl la ak nivo distri a. Objektif gouvènman elèv la se pou angaje elèv yo pou yo kapab aprann plis sou demokrasi ak lidèchip.

Gouvènman elèv yo fèt pou reflekte divèsite elèv yo nan lekòl la an tèm ras/etnisite, gason/fi, nivo klas, pwogram edikatif (tankou pa egzanzp : edikasyon jeneral, edikasyon espesyal ak edikasyon bileng), ak divès lòt eleman. Kantite patisipan yo depann sou gwosè lekòl la. Rekòmandasyon an se 10 jiska 15 elèv. Nou ankouraje Ti Kominote

Aprantisaj yo “Small Learning Communities” (SLC) devlope pwòp gouvènman elèv pa yo, avèk de (2) reprezantan nan chak SLC pou fòme yon gouvènman elèv pou tout lekòl la.

Direktè lekòl la, avèk dizon elèv yo, dwe lonmen yon pwofesè, oswa plis ke youn, kòm konseye pou ka gen je sou chak gouvènman elèv. Chak direktè responsab pou asire ke gouvènman elèv la tabli nan lekòl yo. Al gade nan Sikilè Gouvènman Elèv FAM-3 (“Student Government Circular FAM-3”).

Konsèy Konsiltatif Elèv Boston an (BSAC) se yon kò gouvènè lidè elèv toupatou nan vil la ki reprezante lekòl segondè patikilye pa yo. BSAC se mwayen prensipal pou angajman lajenès nan Lekòl Piblik Boston, e l sèvi kòm vwa elèv yo devan Komite Skolè Boston an. Reprezantan BSAC yo bay pwennvi yo sou jefò k ap fèt pou fè refòm nan lekòl yo, epitou yo enfòme lekòl kote yo soti a sou pwoblèm ki an rapò ak lekòl yo nan tout vil la. BSAC asire l tou ke elèv yo enkli nan desizyon k ap fèt yo ak regleman sila yo n ap mete sou pye yo ki afekte lavi yo ak esperyans edikatif yo. Al gade Sikilè Sipèntandan an FAM-06.

Elèv BPS gen anpil dwa ak responsablite anplis sila yo ki mansyone nan gid sa a. Kòd Konduit BPS la genyen yon lis okonplè ladan l. Ou kapab aprann kichòy sou dwa ak responsablite elèv yo, sou sit entènèt sa a : [www.bostonstudentrights.org](http://www.bostonstudentrights.org)

➔ Pou plis enfòmasyon, konsilte :  
Jesyonè Angajman Elèv la, 617-635-9446

## Sèt Pwen Esansyèl BPS pou Amelyore Tout yon Lekòl

### Pwen Esansyèl Prensipal - Ansèyman Efikas

Itilize pratik ansèyman ki efikas e ki anrapò ak kilti elèv yo, epi kreye yon anviwònman lekòl kolaboratif ki amelyore aprantisaj elèv yo, ki ankouraje patisipasyon yo, epi ki bati sou sa yo deja aprann e eksperyante.

### Dezyèm Pwen Esansyèl - Travay ak Done Elèv

Egzamine travay ak done yo pou avanse ansèyman ak devlopman pwofesyonèl.

### Twazyèm Pwen Esansyèl - Devlopman Pwofesyonèl

Envesti nan devlopman pwofesyonèl pou amelyore ansèyman yo.

### Katriyèm Pwen Esansyèl - Lidèchip Pataje

Pataje lidèchip la pou soutni amelyorasyon ansèyman yo.

### Senkyèm Pwen Esansyèl - Resous

Konsakre kèk resous pou kore amelyorasyon ansèyman yo ak amelyorasyon aprantisaj elèv yo.

### Sizyèm Pwen Esansyèl - Fanmi ak Kominote

Etabli patenarya avèk fanmi yo ak kominote a pou kore aprantisaj ak patisipasyon elèv yo.

### Setyèm Pwen Esansyèl - Ekselans Operasyonèl

Mentni yon nivo siperyè nan operasyon yo nan kesyon efikasite, efisyans, ak ekite.

# Plis Resous pou Fanmi

## Lwa Chak Elèv Reyisi (“Every Student Succeeds Act”)

Ki sa ki Lwa Chak Elèv Reyisi a (“Every Student Succeeds Act”) ?

Se Prezidan Obama ki te siyen dokiman pou kreye Lwa Chak Elèv Reyisi a (ESSA) an 2015. ESSA gen kèk provizyon ladan l pou ede asire siksè elèv yo ak lekòl yo, e pou asire opòtinite pou tout elèv Etazini yo. ESSA...

- egzije siperyè kritè akademik pou tout elèv.
- prepare tout elèv pou siksè nan inivèsite ak nan karyè yo.
- bay plis timoun aksè nan lekòl matènèl siperyè kalite.
- garanti ke gen mezi ki pran pou ede elèv yo ak lekòl yo amelyore.
- redui chay egzamen pandan l ap asire ke enfòmasyon rive jwenn paran yo ak elèv yo chak ane.
- Ankouraje inovasyon lokal epi investi nan sa ki mache.

ESSA gen ladan l nèf “Tit”, pifò ladan yo founi fon (finans) bay eta yo ak distri yo. Sa ki pi gwo a se “Tit I” an, ki finansè kèk pwogram pou amelyore reyisit akademik elèv sila yo ki defavorize. An echanj pou finansman sa a, eta yo ak distri skolè yo dwe konfòme yo a egzijans lwa a. ESSA bay eta yo plis fleksibilite ke pwojè lwa a te bay oparavan pou yo kapab etabli nòm yo (estanda yo) pou mezire rannman lekòl yo ak elèv yo.


## Se ki jan ESSA ap afekte Lekòl Piblik Boston yo ?

Nan mwa avril 2018, Depatman Edikasyon Etazini a te awpouve plan eta Massachusetts la pou kontrandi ak sipò pou lekòl yo ke Lwa Chak Elèv Reyisi a (“Every Student Succeeds Act”) egzije. Genyen plis enfòmasyon disponib sou sistèm kontrandi sa a sou sit entènèt Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE) pou Kontrandi Distri a ak Lekòl yo : [www.doe.mass.edu/accountability](http://www.doe.mass.edu/accountability).

## Kontrandi Lekòl

DESE (Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a) rann lekòl BPS yo responsab pou rannman tout elèv nan lekòl yo. Rannman sa yo gen ladan yo rezilta elèv yo remèt nan egzamen angle, matematik, ak syans; amelyorasyon rezilta egzamen yo nan angle ak matematik; pwogrè elèv k ap aprann angle yo fè nan konpetans yo nan angle; ak pousantaj elèv yo konsidere kòm absan toutan (ki manke 10 pousan, oswa plis, nan jou yo enskri yo). Eleman sa yo pou tout lekòl yo, men lekòl segondè yo genyen kèk rannman anplis yo responsab pou yo, pami yo : kantite elèv ki diplome, konbyen ane yo pran pou yo diplome, konbyen elèv ki abandone etid yo chak ane, ak pousantaj elèv ki fini kou avanse yo tankou klas Plasman Avanse yo (“Advanced Placement”).

Après a yo mete lekòl yo ak distri yo nan divès kategori kontrandi ki baze sou pwogrè lekòl yo ap fè ak sou kalite sipò ak asistans yo kapab resevwa nan men DESE.



## Edikasyon Timoun Piti

Klas jadendanfan K0, K1, ak K2 nan plizyè nan Lekòl Piblik Boston yo akredite atravè “Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun” nan (“National Association for the Education of Young Children” - NAEYC). Akreditasyon NAEYC se yon sistèm akreditasyon nasyonal volontè. Administratè ak pwofesè klas K0, K1, ak K2 ki fè pati lekòl sila yo ke NAEYC akredite, resevwa fòmasyon spesyalize pou asire ke yo atenn estanda nasyonal sa yo nan kesyon bon pratik, epitou yo asire ke y ap founi bonjan kalite pwogram siperyè nan domèn edikasyon timoun piti.

- ➔ Pou plis enfòmasyon ak yon lis lekòl NAEYC akredite, ale sou sit : [www.bpsearlylearning.org/naeyc-accrreditation](http://www.bpsearlylearning.org/naeyc-accrreditation)
- ➔ ● Si w genyen plis kesyon sou akreditasyon NAEYC, kontakte : Depatman Edikasyon Timoun Piti a (“Early Childhood Department”) nan nimewo 617-635-9063.





# Plis Resous pou Fanmi

## Kanè Lekòl yo ak Distri a

Chak ane, tout lekòl nan eta yo ak distri yo dwe distribye kanè sou chak lekòl. Kanè sa yo diferan ak kanè elèv yo ki di ou kòman pitit ou a ap pwogrese lekòl. Menm jan kanè nòt yon elèv montre pwogrè l nan diferan kou l ap pran, se menm jan an tou kanè lekòl yo ak kanè distri yo kreye pou yo montre pwogrè yon lekòl oswa yon distri ap fè, nan divès domèn diferan.

Kanè Nòt Lekòl la genyen ladan l enfòmasyon sou :

- Opòtonite akademik ki disponib pou elèv yo
- Kantite lajan yo depanse an favè chak elèv
- Konbyen pwofèsè ki genyen lisans pou yo anseye sa y ap anseye a, osinon konbyen nan yo moun kapab konsidere kòm pwofèsè ki genyen eksperyans (ki deja genyen owmen twazan y ap anseye)
- ki sa elèv nan lekòl pitit ou a te remèt nan dènye tou egzamen leta yo nan matyè ELA (gramè ak literati angle) ak Matematik
- ki rannman diferan gwoup elèv te bay nan egzamen sa yo :
  - elèv ki sot nan divès ras ak divès gwoup etnik
  - elèv ki gen dwa pou yo jwenn manje gratis oswa manje a pri rabè
  - elèv ki genyen konpetans limite nan angle
  - elèv ki nan klas Edikasyon Espesyal
- pousantaj elèv nan chak sou-gwoup ki te pran tès yo
- an jeneral sa distri lekòl la ak eta a te remèt nan tès yo
- to prezans ak to disiplin
- kantite elèv ki diplome nan lekòl segondè yo.

**Kanè Distri** a genyen ladan l tout enfòmasyon konsènan sa tout gwoup diferan yo te remèt nan egzamen eta a parapò ak mwayèn tout elèv yo ki nan eta a.

### Pou ki rezon kanè lekòl yo ak kanè distri yo enpòtan konsa ?

Kanè sa yo bay paran yo enfòmasyon ki pèmèt yo pran kèk desizyon parapò ak edikasyon pitit yo anvan lòt ane skolè a kòmanse.

### Kouman m ap ka jwenn yon kopi kanè lekòl pitit mwen an ak kanè distri a ?

Lekòl yo dwe voye kanè lekòl la bay paran yo nan imel oubyen bay elèv yo pou yo pote lakay yo. Lekòl yo dwe bay paran yo kanè lekòl la ak kanè distri a si yo mande pou yo. Epitou yo disponib nan Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston yo.

### Ki kote m ka jwenn yon koutmen pou m ka konprann kanè lekòl ak kanè distri pitit mwen an ?

Kanè a dwe fasil pou fanmi yo li epi l dwe bay enfòmasyon yo aklè, yon fason pou tout moun ka konprann yo san pwoblèm. Poze direktè lekòl la kesyon si w pa konprann yon bagay nan kanè a.

## Sant Sante Ki Tabli Nan Lekòl yo

### Another Course to College (Sante Mantal Sèlman) ★

617-635-8865

### Blackstone Elementary

South End Health Center

617-425-2000

### Boston Community Leadership Academy /

### New Mission High School ★

617-910-2333

### Boston Latin Academy ★

617-534-9930

### Brighton High School ★

617-534-9958

### Burke High School ★

617-534-9954

### Charlestown High School

North End Waterfront Health

617-643-8000

### East Boston High School

EBNHC

617-568-4877

### Gardner Pilot Academy

Charles River Community Health Center

617-783-0500

### Jackson/Mann K-8 School

Charles River Community Health Center

617-783-0500

### Madison Park Technical Vocational High School ★

617-534-9965

### Snowden International School at Copley ★

617-534-9967

### TechBoston Academy

Codman Square Health Center

617-825-9660

### Young Achievers K-8 School

Mattapan Community Health Center

617-296-0061

★ Divès sant sante nan lokal lekòl yo ke Komisyon Sante Piblik Boston an dirije. Pou plis enfòmasyon, kontakte :

Jeremiah Woodbury, Direktè

Divizyon Sante Timoun ak Adolèsan nan BPHC

(Komisyon Sante Piblik Boston)

telefòn : 617-534-5198

imel : [schoolhealth@bphc.org](mailto:schoolhealth@bphc.org)

**bphc.org** > Child Adolescent & Family Health (Sante Timoun, Adolèsan, ak Fanmi)



## Regleman sou Angajman Paran

Paran yo enpòtan nan reyisit pitit yo lekòl. Lekòl Tit I yo dwe gen yon dokiman **Regleman Angajman Paran** ekri, ke yo devlope avèk paran yo e ke paran yo apwouve. Dokiman sa a dwe esplike aklè kouman paran yo ap ka patisipe kòm patnè nan edikasyon pitit yo. Plan sa a dwe revize detanzantan, tank enkyetid paran yo ap chanje. Paran yo dwe aktif nan devlopman, revizyon, ak evalyasyon regleman an.

### Ki enfòmasyon ki nan Regleman pou Patisipasyon Paran yo ?

Regleman an dwe kouvri twa domèn prensipal :

(1) devlopman regleman an, (2) pataj responsablite pou siksè elèv yo, ak (3) kapasite edikatè yo ak paran yo pou yo travay ansanm pou ede tout elèv yo reyalize objektif aprantisay yo.

- Devlopman Regleman an. Regleman yo dwe di kouman paran yo ap aktif nan devlopman Regleman pou Patisipasyon Paran yo nan lekòl la. Li dwe dekri kouman paran yo kapab bay dizon yo ak apwobasyon yo konsènan regleman an ak plan pwogram Tit I an. Pa egzanp, ta dwe gen yon plan pou konsilte paran yo lè desizyon enpòtan ap fèt sou fason nou dwe depanse lajan Tit I an. Plan sa a dwe di kouman lekòl la bay paran yo sipò pou yo kapab patisipe nan reyinyon enpòtan k ap fèt sou Tit I an, tankou ba yo transpòtasyon, manje, ak gadri pou veye ti moun yo.
- Pataj responsablite. Regleman an dwe gen ladan l yon kopi Kontra Lakay-Lekòl la ki layite kouman lekòl la ap fonksyone avèk paran yo pou ede elèv yo fè pwogrè nan travay lekòl yo. Regleman an dwe deklare objektif kontra a. Epitou l dwe di kouman paran yo ak lekòl la kreye kontra a ansanm. (Pou plis enfòmasyon sou kontra a, al gade “Kontra Lakay-Lekòl” la nan paj 55).
- Kapasite ak konesans edikatè yo ak paran yo. Regleman an dwe di sa k ap fèt pou satisfè bezwen paran yo ak edikatè yo nan keyson fòmasyon ak enfòmasyon. Paran yo dwe gen yon chans pou yo aprann :
  - estanda ak objektif aprantisay ke elèv yo dwe satisfè
  - fason yo mezire pwogrè elèv yo
  - fason y ap evalye travay elèv yo
  - kouman paran yo ka travay avèk pwofesè yo pou ede pitit yo travay pi byen
  - ki materyèl ak opòtinite fòmasyon ki disponib pou ede paran yo travay avèk pitit yo.

Manm pèsònèl yo dwe gen yon chans pou yo aprann enpòtans ki genyen nan entegrasyon paran yo kòm patnè egal-ego. Chak fwa sa posib, paran yo dwe fè pati sesyon fòmasyon ki fèt pou manm pèsònèl yo.

### Kilès ki ekri plan an ?

Lekòl yo dwe enkli paran yo lè y ap ekri Regleman pou Patisipasyon Paran yo. Lekòl pitit ou a ap fè yon reyinyon nan kòmansman ane skolè a pou l ka jwenn dizon w.

### Kouman m ka jwenn yon kopi Plan Patisipasyon Paran yo pou lekòl pitit mwen an ?

Mande direktè lekòl pitit ou a, oswa liyezon paran yo (“parent liaison”) nan lekòl pitit ou a, pou yon kopi regleman an. Regleman an dwe fasil pou moun konprann. Si w bezwen èd pou w konprann regleman an, mande direktè pitit ou a pou èd. Regleman an tradui nan kèk lòt lang apa de angle.

### Kouman m ka vin aktif nan ekri Plan Patisipasyon ak Angajman Paran yo ?

Lekòl la dwe esplike pwogram Tit I an nan yon reyinyon anyèl pou paran yo—sa nou souvan rele “Pòt Ouvè” a. Pifò lekòl yo fè rasanbleman Pòt Ouvè yo nan kòmansman ane lekòl la. Lekòl la dwe fè paran yo konnen yo gen dwa pou yo bay patisipasyon yo, epi l dwe fè paran yo konnen kouman yo ka aktif nan lekòl la an jeneral, ak kouman yo ka bay patisipasyon yo nan ekri Regleman Patisipasyon Paran an. Menm si w pa ka patisipe nan reyinyon sa a, patisipasyon w toujou enpòtan—ni pou pitit ou, ni pou lekòl la. Rele direktè a epi mande l kouman ou ka patisipe.

### Kontra Lakay-Lekòl

Chak grenn lekòl Tit I yo dwe genyen yon Kontra Lakay-Lekòl. Kontra Lakay-Lekòl la se yon dokiman ki defini aklè fason lekòl la ak paran yo ap fè yon tèt-kole pou yo ka ede elèv yo ranpòte siksè nan afè lekòl yo. Yon kontra dekri fason lekòl la ap satisfè bezwen elèv li yo, ak tout wòl ansanm ak responsablite paran yo ak elèv yo. Kontra a sèvi tou kòm fondasyon pou yon antant sou papyè ant chak grenn elèv, paran an/moun ki responsab elèv la, ak lekòl la. Paran an/moun ki responsab elèv la, elèv la, pwofesè elèv la, ak direktè lekòl la dwe siyen akò a.

### Ki sa kontra a gen ladan l ?

Kontra a gen ladan l tout responsablite ak travay ke paran, elèv, ak pwofesè dakò pou yo fè pou ede elèv yo aprann. Kontra yo patikilye pou chak grenn lekòl, epi yo dwe tradui nan plizyè lang fanmi yo pale lakay yo.

Kontra a dwe di tou sa **lekòl** la pral fè pou l :

- bay tout elèv bonjan kalite ansèyman siperyè
- kontwole pwogrè tout timoun
- asire l tout elèv ap gen travay ki fè tèt yo travay ak bonjan kalite ansèyman
- kreye divès fason pou paran yo ak pwofesè yo gen bon rapò youn ak lòt
- kominike avèk fanmi yo konsènan pwogrè elèv yo
- asire ke paran yo gen aksè rezonab a manm pèsònèl (anplwaye) lekòl la
- asire ke fanmi yo jwenn enfòmasyon, materyèl, ak fòmasyon ke yo bezwen pou ede elèv yo avèk kèk matyè difisil, tankou matematik ak syans

Kontra a ap dekri tou fason **paran** yo pral :

- kore aprantisaj lakay
- fè tout efò pou evite reta ak absans
- kominike avèk pwofesè yo
- patisipe nan pwosede pataj desizyon k ap fèt yo

